This document is part of The Vaynakh Vault archive

You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

the vaynakh vault

Дакаев СаӀидбек

# Ойланийн тулгӀенаш



СаІидбек Дакаев

# ОЙЛАНИЙН ТУЛГІЕНАШ

(стихаш, поэмаш)

Грозный
ФГУП «Издательско-полиграфический комплекс
«Грозненский рабочий»
2011

УДК 8–1$C_2$(Чеч)
ББК 84(2Рос=Чеч)6-5
Д–149

Дакаев С.М.
Д–149 Волны мыслей (стихи, поэмы). На чеченском языке / Саидбек Дакаев. – Грозный: ФГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2011. – 384 с.

ISBN 978-5-4314-0027-8

УДК 8–1$C_2$(Чеч)
ББК 84(2Рос=Чеч)6-5

ISBN 978-5-4314-0027-8 © Дакаев С.М., 2011
© Союз писателей Чеченской Республики, 2011
© ФГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2011

Лераме дешархо, тахана яздархойн Союзо, 60-шо кхачарца декъал а веш, арайоккху дика вевзаш волчу поэтан Дакаев СаIидбекан рогIера гулар.

Гуларан чулацамехь кIезиг яц исбаьхьчу нохчийн дашехь, поэзин говзаллин бакъонаш ца талхош язйина чулацамен говзарш.

Цундела, теша лаьа, хIара говзарш дешархоша езаш тIеоьцург хиларх.

Дахарехь ирс-аьтто а болуш, керлачу кхолларалин лакхенашка кхочийла хьо, СаIидбек!

Нохчийн яздархойн Союзо декъалво хьо 60 шо кхачарца!

***К.Х. Ибрагимов,***
***нохчийн Республикан***
***яздархойн Союзан председатель***

## Сан Нохчийчоь – лаьмнийн маьрша мохк

Россин яздархойн декъашхо Дакаев СаьIидбек вина 1951-чу шеран 9-чу сентябрехь Казахски ССР-н Къилбседа-Казахстански областера Соколовски кIоштан Сумное юьртахь. Нохчийн халкъ махках даьккхина зама яра иза. Шайн доьзал даймахка юхабирзича, иза Ножин-Юьртан кIоштан ГIоьрдалара школе вахара. Ткъа юьззина юккъера школа СаьIидбека чекхъяьккхира Устрада-гIалахь (Аргун). Карарчу хеиахь цигахь вехаш а ву иза. Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетера филологин факультет а чекхъяьккхира цул тIаьхьа. Тайп-тайпанчу меттигашкахь белхаш а бира: школехь, заводехь, юьртбахаман декъехь машинист, кормателлин-техникин № 29 училищехь, зIенехь оператор, нохчийн телевиденихь журналист а.

Школехь доьшуш волуш стихаш язъян волавелла Дакаев СаьIидбек. ХIетахь уьш дуьххьара зорбатуьйхира Шелан кIоштан газетан, тIаьхьо «Ленинан некъ» газетан, «Орга» альманахан а агIонаш тIехь. Нохчийчуьра къоначу литературин юкъарчу гуларшкахь а, «Нохчийн поэзин антологи» тIехь араевлира поэтан стихаш.

1981-чу шарахь араелира Дакаев СаьIидбекан шен киншка а – «Дегнийн йоврйоцу цIе». Цуьнан коьрта турпалхой бара къинхьегаман нах, даймехкан зовкх кхоллархой, авторан заманхой.

Вай лакхахь ма-аллара, дIадаханчу бIешеран кхузткъалгIачу шерашкахь араевлира цуьнан дуьххьарлера стихотворенеш. СаьIидбека дагалоьцу ша дуьххьара «Органан» редакце вахана де. Цигахь вевзира цунна хIетахь оцу альманахан коьрта редактор хилла волу нохчийн литературан къано Мамакаев Мохьмад.

Мохьмада, къоначу поэтан стихаш еша а ешна, дика мах хадийра церан, иза шен кхолларалин ницкъех тешош, хастаме дешнаш а элира цуьнга.

– Мамакаев Мохьмада сайна мел аьлла дош тахана а дерехь лаьтта суна, – дагалоьцу Дакаев СаьIидбека. – Цо сан стихотворенех мел аьлларг суна кху дуьненахь массо а хIуманал деза а, мерза а дара. Боккхачу синъайамна правелира со редакци чуьра. Цул тIаьхьа кхо-биъ бутт балале альманахехь сайн могIанаш гича, и доккха хазакхетар а дара суна, царал а деза дара Мохьмада со ешархочунна вовзуьйтуш яздина дешнаш а. Тахана хаьа суна, сан хIетахьлера стихотворенеш мел ледара хилла. Амма Мамакаев Мохьмад бахьанехь поэзига сайн кIаргбелла болам, хIинца а лагIбелла бац.

«Дог дуьйлина мерзаш» гуларна юкъаяххийтина Дакаевс шен хIетахьлера а, тахханалц ша язйина стихотворенеш а. Амма дуьххьарлерчу шен говзаршна тIехь цо юха а боцх бина, ледара, беса меттигаш юккъера дIайохуш, уьш хуьйцуш. И гуш ду, хIинца вай уьш вовшашца юьстича. Цо гойту, таханлерчу дийнахь Дакаев СаьIидбек кхиъна цьлла, зеделларг долу, дешан мах а, чам а бевзаш поэт хилар. Цуьнан лирикин турпалхо дахаран маьIна довза даймехь айавелла, шен ницкъ кхочушдолу уггар а даккхий диканаш Нохчийчоьнна, шен къомана дIадала лааран ойланашца веха.

«ТIехь доцчу къиноша хьийзош» хIинццалц яьхна, карарчу хене схьакхаьчна «Нохчийчоь даима кхузахь лаьттина, лаьттар ю доьналлехь дуьненал йоккха» – и лаам, и тешам бу-кх Дакаевн лирикин турпалхочун уггаре а коьртиг. Цундела ца олу цо хьан-хьаннах а «Нохчийчоьнан кIентий»; уьш бу ненас Даймехкан дуьхьа бинарш, дуьненан бохамах и цабухкурш.

Цо боху:

ЦIе летта багахь а,
Малх кхетта къагахь а,
Нохчийчоь-Даймохк бу сан.

## Сан Нохчийчоь – лаьмнийн маьрша мохк

Россин яздархойн декъашхо Дакаев СаьIидбек вина 1951-чу шеран 9-чу сентябрехь Казахски ССР-н Къилбседа-Казахстански областера Соколовски кIоштан Сумное юьртахь. Нохчийн халкъ махках даьккхина зама яра иза. Шайн доьзал даймахка юхабирзича, иза Ножин-Юьртан кIоштан ГIоьрдалара школе вахара. Ткъа юьззина юккъера школа СаьIидбека чекхъяьккхира Устрада-гIалахь (Аргун). Карарчу хенахь цигахь вехаш а ву иза. Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетера филологин факультет а чекхъяьккхира цул тIаьхьа. Тайп-тайпанчу меттигашкахь белхаш а бира: школехь, заводехь, юьртбахаман декъехь машинист, корматаллин-техникин № 29 училищехь, зIенехь оператор, нохчийн телевиденихь журналист а.

Школехь доьшуш волуш стихаш язъян волавелла Дакаев СаьIидбек. ХIетахь уьш дуьххьара зорбатуьйхира Шелан кIоштан газетан, тIаьхьо «Ленинан некъ» газетан, «Орга» альманахан а агIонаш тIехь. Нохчийчуьра къоначу литературин юкъарчу гуларшкахь а, «Нохчийн поэзин антологи» тIехь араевлира поэтан стихаш.

1981-чу шарахь араелира Дакаев СаьIидбекан шен киншка а – «Дегнийн йоврйоцу цIе». Цуьнан коьрта турпалхой бара къинхьегаман нах, даймехкан зовкх кхолларxой, авторан заманхой.

Вай лакхахь ма-аллара, дIадаханчу бIешеран кхузткъалгIачу шерашкахь араевлира цуьнан дуьххьарлера стихотворенеш. СаьIидбека дагалоьцу ша дуьххьара «Органан» редакце вахана де. Цигахь вевзира цунна хIетахь оцу альманахан коьрта редактор хилла волу нохчийн литературан къано Мамакаев Мохьмад.

Мохьмада, къоначу поэтан стихаш еша а ешна, дика мах хадийра церан, иза шен кхоллараллин ницкъех тешош, хастаме дешнаш а элира цуьнга.

– Мамакаев Мохьмада сайна мел аьлла дош тахана а дерехь лаьтта суна, – дагалоьцу Дакаев СаьIидбека. – Цо сан стихотворенех мел аьлларг суна кху дуьненахь массо а хIуманал деза а, мерза а дара. Боккхачу синъайамца аравелира со редакци чуьра. Цул тIаьхьа кхо-биъ бутт баналс альманахехь сайн могIанаш гича, и доккха хазахетар а дара суна, царал а деза дара Мохьмада со ешархочунна вовзуьйтуш яздина дешнаш а. Тахана хаьа суна, сан хIетахьлера стихотворенеш мел ледара хилла. Амма Мамакаев Мохьмад бахьанехь поэзига сайн кIаргбелла безам, хIинца а лагIбелла бац.

«Дог дуьйлина мерзаш» гуларна юкъаяхийтина Дакаевс шен хIетахьлера а, тахханалц ша язйина стихотворенеш а. Амма дуьххьарлерчу шен говзаршна тIехь цо юха а болх бина, ледара, беса меттигаш юккъера дIайохуш, уьш хуьйцуш. И гуш ду, хIинца вай уьш вовшашца юьстича. Цо гойту, таханлерчу дийнахь Дакаев СаьIидбек кхиъна ваьлла, зеделларг долу, дешан мах а, чам а бевзаш поэт хилар. Цуьнан лирикин турпалхо дахаран маьIна довза лаамехь айавелла, шен ницкъ кхочушдолу уггар а даккхий диканаш Нохчийчоьнна, шен къомана дIадала лааран ойланашцца веха.

«ТIехь доцчу къиноша хьийзош» хIинццалц яьхна, карарчу хене схьакхаьчна «Нохчийчоь даима кхузахь лаьттина, лаьттар ю доьналлехь дуьненал йоккха» – и лаам, и тешам бу-кх Дакаевн лирикин турпалхочун уггаре а коьртаниг. Цундела ца олу цо хьан-хьаннах а «Нохчийчоьнан кIентий»; уьш бу нанас Даймехкан дуьхьа бинарш, дуьненан бохамах и цабухкурш.

Цо боху:

ЦIе летта багахь а,
Малх кхетта къагахь а,
Нохчийчоь-Даймохк бу сан.

Хьан хуъу бахахь а,
Со лахь а, со вахахь а,
Ду иза сан дегIан са!

Дуьнен тIехь дехачу массо а адаман санна, хIокху лаьттахь цхьа маьIиг Дакаевн турпалхочун а ю масса-рел сийлахь, еза меттиг – Нохчмахкара исбаьхьа юрт ГIоьрдала, шен гондахьа лаьмнаш а, «пепнийн куйнаш уьйуш, сетта сийна дукъ» а долуш. Цигарчу суьйренел хаза, генахь я гергахь, хIумма а ца карийна цунна, цуьнан лерсинехь даим а «дека юьртан зов». Цигахь «буса лам тIе хуу беттаса», «седане цхьаъ-м дуьйцу цо шен маттаца». Миччахь а ша хиларх, дуьненан зовкхехь ша хьийзарх, ойланаша даим а дIавоьху и цига:

…Минотехь масийтта некъ оьций,
Цара со массанхьа кхачаво.
Юха а, бер санна, куьг лоций,
Сайн юьрта – ГIоьрдала валаво.
Бераллин ирзешка некъаш деш,
Кегаярх, ойланаш кIад ца ло.
Дайн хилла ков-керт, сан сийна беш
Ма-ярра юха а суна го…

Шен дикачех цхьаъ йолчу «Йоьхна Iуьйре» стихотво-ренехь Дакаевс дуьйцу Нохчийчоьнан уггаре ирчачу бо-хамах – дерриге а халкъ махках даккхарх: «кхиэл йоцуш, бехк боцуш хьогIан кхаж баьлла, нохчий бу дуьненахь махьшаре лоьхкуш». Оцу дийнан теш ша хилча санна, хилла ма-хиллара дуьззина суртхIоттадо цо цуьнан.

Цу дийнахь йожийна харцоно бакъо, «сауьйзуш, доркъана мох тийжа арахь», къизалло, тоьлла, шен бохь буьйгIу. ХIокху стихотворенехь юх-юха далочу цхьадол-чу могIанашцца цу дийнан къизалла тIеттIа чIагIйо, юха а, юха а дешархочун тидам цуьнан инзараллина тIеберзош:

...Лаххьийна, цхьа инса ца дуьтуш, кхана
Нохчий бу кечбина махкара лахка...
...Йоьлхур ю, йицъелла, Нохчийчоь-Нана –
СаІуьйдуш, тІекхийда маьттаза буьйса...,
...Малхбузе хьажийна сатийсам муьйлуш,
БІаьргийн нур, азделла, дуьсур ду кхола...

Дешан говзанчин ницкъ бу-кх, оццул лазаме, Іийжаме суртхІотто, шена и гина ца хиллашехь.

Таханлера хІокху тІемийн къизалла а ган доьгІна хиллера Дакаевна шен махкахь. ХІора шен къоман кІанта санна, цо а хала лов цуьнан иэрчалла, лоьху и хиларан бахьана. Кхузахь цхьаъ ала догІу: хІара тІаьххьарлера хиламаш тІекхачале дуккха а хьалха цо яздина могІанаш «даго цхьаъ хьоьхуш» яздина хилла-те олий хетта. Барзах Іесачу динан тотем яр, жайнахь а уггар а къиза лору и экха нохчийн амалца йогІуш хилар хаьа вайна оьрсийн тІеман историкаша а, цхьаццаболчу яздархоша а дитинчу йозанаш тІера. Ткъа вай вуьйцучу поэта цуьрриг а лах ца до берзан шатайпана гІиллакхаш: къармазалла, майралла, каделла. Амма цунна лан хала ду вайх къацахетарша еккъа и амалш бен нохчийн къоман цахилийтар. Царна ца го, я ган ца лаьа, вайн къоман тоьлла гІиллакхаш, амалш. Берзан дозадоцу маршо а, нохчийн сийлахь, еза, амма адамаллин гураш чохь лаьтташ йолу маршо а цхьаьна ца йогІу («Абсолютни маршо» боху кхетам – иза анархи ю, шена луъург лело, шен уггар а лахара синхаамаш а гайта я царах пайдаэца бакъо луш, амма «маршо» боху кхетам – цуьнан шен дозанаш ду: гІиллакхоьздангаллин, дикачу, сийлахьчу синхаамийн доза, цуьнца ца богІу муьлхха а дуьнене, адамашка, Іаламе хьежамаш. Уьш цхьана тІегІане берзийна вайн дайша, шайн Іадаташна тІе а тийжаш, цул тІаьхьа – ислам-динан хьехамашца. Цундела боху-кх поэта:

Делан дуйнах чIагIо йина,
Дийца сецна бакъдерг ду сан:
Иштта дац и…Со ца вина
Барзо кIезий динчу буса.
Жирга берзан буьйса эцна,
Со ца веъна дахар цеста…

…Со ца веъна кху дуьнена,
Пусар доцуш бакъо хьеша,
Зоьртал хиларх, цхьана дена,
ГорахIуьттуш, велакъежа.
Со ца веъна, ши куьг лаьцна,
Карахь-куьйгахь доцуш, тиэкъа…

Дакаевн нохчи кху лаьтта тIе веана «маьлхан дийнахь дахар хьеста», кху лаьттахь «Iуьйренаш могашмаьрша яржо», уьш массарна а елийта. Ийман-беркат шен «гуьйренан тIемах а тесна» веана, муьлхха а тохар, хало тIехIоттарх шен доьналлийца тоьлла нохчо ву СаьIидбекан турпалхо. «Доьналла туьйлира» цIе йолу стихотворени юьзна ю шен къомах а, Даймахках а долчу дозаллех. «Герзийн дур делхош, нанойн бIаьрг белхош», хьешна вайн Нохчийчоь. Цуьнан чевнийн даI даим а Iийжар ду, баьрзнашна тIе хIиттина чарташ гуш. Уьш хIиттийна бехк болуш а, боцуш а изгначарна. БIаьрзечу кхолламан некъаша пана кхийсина къомах цхьаберш. ХIокху муьрехь а евзира ямартло, левзира харцонех, «цIийлахь ког хIоьттина, къизалла гIаьттира».

ХIетахь а (поэт ша теш волчу шерашкахь) тоха са доцург вуьйхира собарх, доьналла, шен мехкан дуьхьа хIуъу а лан болчу лаамах. Уьш, цхьаберш, дуьне мел ду дIасабахара, кхиберш, харцонан ницкъана къера хилла, цунна дуьхьало ян гIорасизехь дIатийра. Амма царал а дукха хиллера доьналла, яхь ерш. Уьш ца идира богучу

Даймахках, цIийх юьзначу Нохчийчоьнах. Царах лаьцна иштта боху поэто:

Са доцург вуьйжира,
Дог доцург вуьйхира.
Синпхенаш дуьйлина,
Доьналла туьйлира…

ТIеман къизаллин маьIна дацаран билгало санна го вайна «ТIамах ловзар» цIе йолчу стихотворенин турпалхо, иза дитта кIел охьа а хиъна, берийн тIамах ловзар тергалдеш ву. Иза кхета оцу бераша схьаэцнарг баккхийнаш «тIамах ловзар» дуйла. Беккъа тIом бен ца гучу берийн чевне, девне а доцу ловзар массо а воккхачун бехкенна дуйла хаьа цунна. «Баккхийнаш цу тIамах левзина, цо бина дика болх бевзина», – боху цо кегийчаьрга. Цо царна дуьйцу йохийначу яртех, гIаланех, дай белла бисинчу доьзалех, хеназа къежбеллачу нанойх. Цхьа весет, тIедиллар, дехар санна ду цуьнан дешнаш:

Варийлаш, тIамах ма ловзалаш,
Цо вайна деанарг довзалаш!

Дакаевн лирикин турпалхочунна хIокху лаьттахь дехачу адамийн декхар харцонца, къизаллийца къийсар го. Нагахь стаг и декхар хууш вацахь, маьIне дац цуьнан дахар – иштта стаг, шена чохь са делахь а, велла ву:

Гиний шуна, бегаш боцуш,
Цкъа а тидам биний аш,
Лаьттан цIенкъахь сиз-лар йоцуш,
Когаш текхо IиндагIаш?

Мохо цIийзаш, яьсса лоьхку
ГIа-буц йоцу аренаш,

Еккъа куйнан бакъо йоькъу
Ша тIехь шийла маренаш…

Халахета верас воцу
Тезет – баьсса кадамаш.
Кешнийн кертахь лахьта доцуш,
Са чохь, делла адамаш…

Кхузахь вина хиларх, нохчийн мотт буьйцуш иза хиларх, мил-милла а ца хетта вайн турпалхочун шен мехкан – Нохчийчоьнан, кIант. Ша велахь, цуьнан кIант хила веза, Даймахкана ямарт воцуш, цунна чу шен садиллина.

Массо а адамна уггаре а хьоме ю нана. Ненан декхар такха хала, деза-сийлахь а лерина ду. Шен нене болу безам цхьа аттачу, амма дешархочунна дагах кхетачу дешнашца гайта ницкъ кхочу Дакаев СаьIидбекан:

КIантана сагатдеш,
Лела хьо гIийла –
Суна и дазделла, нана.
Воккхавеш хьо йолчу
ВогIу со хийла,
БIаьстенца хьан марахьарча.

Хьан лаам къарбина,
Дош шалхадуьйлуш,
Лар яйна ца лела, нана.
Даймахке ахь белла
Безам а муьйлуш,
Хьо йолчу вогIур ву, нана.

«Генара аьзнаш» а, «Шина тобанан монолог», «Ненан узам», «Йоьхна Iуьйре» а цIераш йолчу поэмийн автор а ву СаьIидбек.

Хьалхарчунна тIехь автора гайтина нохчийн юьртан дахар, цуьнан бахархойн гIиллакхаш, амалш. Иштта цо гойту гIиллакх-оьздангаллин дозанаш хьоьшучо кхуллу дуьхьаме хIуманаш а. Харцонна, ша санна волу стаг кхечу стага аьшнашварна, и верна дуьхьалояр тIедужу къоначу Кесирина. И хала гIуллакх йоьIан эгIазчу белшаш тIехь дитинчу нахана бехкбуьллу автора. Вийначу шен вешин чIир екхар ду Кесирас дагалаьцнарг, ткъа юьртахошлахь:

Чирана юкъ йоьхкуш,
ДIахIотта вацара цхьа а…
Вагийнарг вацара,
Тахана, «Со!» – аьлла, вала…

ХIетте а поэмин турпалхочун Кесирин куьйга иэшайо и харцо а, къизалла а.

«Шина тобанан монологашкахь» коьрта турпалхой тобанашка бекъабелла гойту: Сонталла, Тешнабехк, Къизалла, Сутаралла – цхьана агIор, Вошалла, Оьздангалла, Къинхетам, Комаьршалла вукху агIор, хIара дуьне кхоьлличхьана гуттар а дуьхь-дуьхьал гIоьртина лаьттиш йолу и ши тоба. Царах:

Цхьаъ гIерта дахаран
Хьаркашна дашо варкъ дилла.
Ткъа важа – дуьне а,
Даржийна, кога кIел дилла…

Оцу монологийн чаккхенехь дешархочунна хьалха, харцоно, шен де тоьлла, бакъо иэшийча, и хьешча, хIун хир ду боху хаттар хIоттадо авторо кицанийн кепехь язбинчу шен беамогIанашкахь Дакаевс уьйурш дахаран Iотбаккхамийн чолхаллаш ю. Онда а, майра а шайх лаьцна дахаран агIо го цаьргахь:

Сан деган иллеш дац
Іамийна, ког тоьхча, кхера
Уьш, довлуш, дуьссур дац
Харц-Солтин вортанна тІера.

Цуьнан турпалхочун дахар валлалц бен дац, шен Іожаллел тІаьхьа а цІе карлаяккхал, коган лар кху лаьттехь йитар бен – кхин Іалашо хила ца еза дахар.

Дакаев СаьІидбекан кхоллараллехь кІезиг дац нохчийн уггаре ирчачу бохаман цхьанна – 1944-чу шеран Іай дийнна халкъ махках даккхарна – лерина язйина агІонаш. Ишттачех ю «Йоьхна Іуьйре» а, «Ненан узам» а цІераш йолу поэмаш. Оцу буьрсачу дийнан сурт нуьцкъала кхоьллина автора «Йоьхна Іуьйре» поэмехь, хІетахь «шийла мох сауьйзуш тийжара арахь» ткъа нохчийн ярташка «къемат-де хьийза, тІам бетташ лаьттахь», Нохчийчоь а ю «де эшна, де доьхна» хьийзаш. ТІаккха цуьнан бахьана довзуьйту:

Кхиэл йоцуш, бехкбоцуш,
ХьогІан кхаж баьлла,
Нохчий бу дуьненан
Махьшаре лоьхкуш.
Ца хоьтту: хьаьнгара,
ХІун гІалат даьлла –
Даймехкан марзо ю
Нохчашна йоьхкуш.

Муьста, маьттаза дешнаш кхуьйсуш, хьийза эпсаршший: ялтин кана схьаэца а ца буьтуш, аралоьхку кегийнашший, баккхийнашший; меттара гІовттийна эгІаза бераш, дерзинчу догІмашца шайн нанойх хьерча», ткъа уьш халачу, ца бевзачу махка дІабига:

Текхаргех таръелла,
Некъе сатесна,
ЦIерпошташ кечъелла
Малхбале тиэкха.

Ткъа оцу бехачу новкъахь:

Каш доцуш, барз боцуш
Вуьсур ву хийла
Верзина акхачу
Аренийн долахь…
…Синчархаш иэгначу
Аренийн панахь
Мохо дой хоьхкур ду
Дорцан къахь луьйсуш.
Йоьлхур ю, йишхаьлла,
Нохчийчоь-Нана…

ЦIерпошт некъан бохаллехь вуьсур ву хийла, уьш шьтте кховдо гергарчех цхьа а воцуш. Ткъа оцу аренийн паналлехь эгна юьсур ю синчархаш:

Шаьш готтехь къийлинчу
Зоьпарех девлла.
Синош цIа уьдур ду,
Яххьаш ца оьхьуш,
Массо а кIотарахь,
Массо а эвлахь
Дайх, нанойх йисина
Ков-керташ лоьхуш…

Оцу доьхначу дийнахь, «хирцинчу кхолламийн ларчанаш эцна, акхачу мехкашка синчархаш йиэкъа «нохчийн халкъ къизалло новкъадоккхуш», дуьнен тIехь ца

хилла хIокху могIанийн автор. Амма шена ца гиначу оцу тIеххъизачу хиламан ирча сурт ешархочун дагах кхеташ кхолла ницкъ кхаьчна Дакаев СаьIидбекан. Цул тIаьхьа ворхI шо даьлча дуьнен тIе ваьлла иза шен дайн боцчу махкахь.

Ша кхеттал хилчахьана цунна гуттар хезашдерг хилла хIокхунна цкъа а ца гинчу ДегIастанах, Нохчийчоьнах а дийцарш. «Ненан узам» поэма шех лаьцна язйина автора. ВорхI шо хьалха Нохчийчохь билхина узам бу цуьнан лерехь лекхалуш, и хаддаза ненан къамелашца, беснеш тIе ледачу бIаьрхишца хезаш-гуш. Нанас дуьйцура кхунна цхьа «туьйра», «буьйцура, хьегавеш, баьццара зезагийн мохк». КIанта юх-юха а доьхура цу махках «туьйра» дийцар. Цуьнга ладогIарца безам кхоллалора шен а бIаьрга гина боцчу дайн махке.

Нохчийчу юха цIаверза язделла хиллера халкъан, цуьнца цхьаьна хIокху поэмин турпалхочун а.

Сан ненан туьйранаш
Бакъхилла, бIаьргашца луьттуш,
Дуьненан хазаллах
Цецвуьйлуш, кхийтира чам, – боху цо поэмин чаккхенехь. ХIинца иза шен дайн лаьтта тIехь ву, нанас майиййццара, туьйране-исбаьхьчу Нохчийчохь. Цул тIаьхьа иттанаш шераш дIадахна, нана а бакъдуьнена йирзина:

…Делахь а, сан ненан
Узам бу тийналла лоьцуш,
Ойланех тийсалуш,
Хаац-кха, хIун де бах цо.
Мел хьадарх, мел вадарх,
Цуьнгара вала йиш йоцуш,
Сан лерехь текъаме
Мукъам бо цу узамо.

ХIаъ, йоьрзур яц хIетахьлера чевнаш нохчийн дегнаш чуьра цкъа а, уьш хьегIа юьсур ю гуттаренна а.

Ала догIу, хIара вай йиийцина поэма Дакаев СаьIидбекан уггаре тоьллачех цхьаъ ю.

Дакаев СаьIидбекан байташ кIорггера маьIна долуш а, дахаре философски хьежамаш болуш а ю. Цо гойту цуьнна ша язъеш ерг кхачам болуш, поэзин лехамашна жоп луш хила лаа́р.

Шуьйра ю Дакаевн поэзин тематика. Амма стенах а цуьнца ша язъечу хенахь, цо лардо нохчийн дош, къаьсттина безамах лаьцна язйинчу байташкахь дика го и. Нохчийн фольклорехь санна, эвхьазлонех ларлуш, оьздангаллин дозанаш ца хедош, нохчийн къоман башхаллашца юьйцу поэто кIентан а, йоьIан а юкъаметтиг.

IаΔ санна, дуьйлина
МарлагIа дуткъа дегI,
Хьо йогIу, дайдина
ГIургIезан болар.
БIаьрг тилош, маьлхан нур
Даьржина хьуна тIехь –
Малхана лиъна-те
Яккха шен дола?

Кхузахь го поэт эвхьазчу дешнех ларвалар, дайн ширчу иллийн вастех цо пайдаэцар: «маргIала дуткъа дегI», «гIургIезан болар». Иштта ю Дакаевн безамах лаьцна мел йолу стихаш.

Дакаев СаьIидбекан поэзи догдикаллех, массо а адамашка, Даймахке, Iаламе болу безамах юьззина ю. И тIечIагIдо хIокху могIанаша, цара шайна чулоцу дерриге а поэтан садуург а, хиларна иза мел кхоьрург а:

Районная библиотека
Наурско-Калинского
муниципального района

Дуьненахь ларо ницкъ гулбелла
Тахана, адам, хьан долахь.
ХIун хир ду, къинхетам хьулбелла,
Хьоьгара гIалатло ялахь?

ХIун хир ду, гIа-тIамарш охкийна,
Зезагаш, ца гIовтта, иэгахь?
ЧIиркъечу йочано кхоххкийна,
Дуьне шен дахарах хьегахь?

Хьан вонан кхерамо Iадийна,
Iаламо мохь-орца алахь,
ХIун хир ду, ахь ирсах хадийна,
Бехкбоцчу беран мохь балахь?..

***БУРЧАЕВ Хьаьлим, литературин критик,***
***Россин яздархойн Союзан декъашхо***

# Даймахках ойланаш

Даймехкан лаьтта тӀехь
Хийра, сов воцуш,
Хилла со дуьненан
Дог долччохь ваьхна!..

## Лаьттар ю хIоккхахь…

Кхолламо готтачу
Дуьненан чухчаре хьийзош,
Йилбазийн пIелгаша,
Ирйина, ка-мIараш къийзош,
ДIегIаха дIакъасто,
Йисина син-оьзиг ийзош,
Яьхнера Нохчийчоь,
ТIехь доцчу къиноша хьийзош.

Шалхонца кхийдачу
Шеконех синхьаам боцуш,
Лергдиллал тешамца
ЛадогIа цхьа кхане йоцуш,
Яхьйолчу дегIах чекх
Луурийн сагайтар доцуш,
Яьхнера Нохчийчоь,
ТIекховда къинхетам боцуш.

Болатан тIум хилла,
Дехчинчу дегIан садетташ,
Дилхала йийшина
ХьегIачу чевнийн даI Iеткъаш,
ХьогIан бIаьрг бегIначийн
Сатийсам кагбина лаьтта
Нох тассал - кхин доцу –
Турпалчу Даймехкан латта.

Малхбале, малхбузе,
Букъ сеттош, суждане хIуьтту
Хьан сийдеш, дуьненан
Кийрара довха аз гIуьтту,
Къийсаман аганах
Къонахий кхиийна латта,
Хьан дегIан кхолламан
ДIадевлларш ца хилла атта.

Стигланийн шораллехь
Кхозучу хьан тхевнах лета,
Баланийн буйнара даьллачу
Сина ма-хетта,
Хьан ойла хьаьстина,
Лепар ду седарчийн бIаьргаш,
Лам-корта айбина,
Хьо маьрша хьожур ду цаьрга

Зевнечу иллеша
КIажарщца дуьйцина кочар,
Хьакъдина, замано
Уллур ду хьан дегIан коча.
Урд хиллал - кхинйоцу –
Нохчийчоь даима хIоккхахь
Лаьттина, лаьттар ю
Доьналлехь дуьненал йоккха…

## Доьналла туьйлира

Герзийн дур дилхира,
Нанойн бIаьрг билхира,
ТIамо са Iийшира –
Нохчийчоь хьийшира.

Чевнийн даI Iийжира,
Жим-Iалам тийжира,
Баьрзнаш тIехIиттина
Чарташ а гIиттира.

Бехкбоцург вуьйжира,
Бен боьхнарг вуьйхира.
Кхолламан кхийсарша
Къам пана кхийсира.

Ямартло евзира,
Харцонах левзира.
ЦIийлахь ког хIоьттина,
Къизалла гIаьттира.

Са доцург вуьйжира,
Дог доцург вуьйхира.
Синпхенаш дуьйлина,
Доьналла туьйлира…

## Сан дехар

Дахарехь коган лар йоцуш,
Тилкхазаваьлла со лелахь,
Сан дегІах, къинхетам боцуш,
Зама, ахь сийна цІе елахь.

Хьарамло, ямартло лоьцуш
Шалхонца бІаьргийн нур делахь,
Церан нур лаьтте дІаоьцуш,
Зама, ахь со бІаьрзе велахь.

Даймахках хийца йиш йоцуш
Суна чохь мерза са лелахь,
Лаьтта тІехь кхин рицкъа доцуш,
Сох некъан кІарлагІа елахь.

## Деган чIагIо

ГIелдаларх, дегIана
Аьхналла лоьхуш,
Боккхур бац лаьтта тIехь
Ас цхьа аког.
Стогаллех, гIиллакхех
Цахервар доьхуш,
Лерамца дахаре
Хьоьжур ду дог.

Дахаран кханенаш
Луьстучу новкъахь
Нисвелча гIелвелла
ГIо эшна верг,
Вуьтур вац дIатесна,
Теттина юьстах.
Вуьтур вац, кхоийна
Ницкъ кхочуш дерг.

Хьарамло, ямартло
Ойланехь къуьйлуш,
Шад бина, вочунна
Йоьхкур яц юкъ.
Бохам тIехIоьттича,
БIаьргех хиш дуьйлуш,
Харцонна «къурд» аьлла,
Берзор бац букъ.

Турпалчу Даймехкан
Доьналла дуьйцуш,
ТІам тоьхна, аьрзунах
ГІоттур ду дош.
Цо мукъам ойур бу,
Нохчийн мотт буьйцуш,
Даймехкан Іаламан
Хазалла товш.

## Дуьненан юкъ

Бераллехь хIуъа а
Дужура даг чу:
Ойланаш кхийдара
Дуьненан ара:
Стигла бIаьрг боьгIура,
Маьлхан нур даьгча,
Сийначу геналлех
Са хьаьгна Iара:

Эзарнаш седарчийн
Серлонаш лета
Ца евза панналла
Кхачало стенгахь?
Шад баста йиш йоцуш,
Дуьненах хедда,
Къайленаш хIунда яц
ТIекхача гергахь?..

Моьттура, лаьмнаш ду
Дуьненан пенаш,
Белшаш тIе язъелла
Стигланаш сецош.
Ас синтем, садууш,
Хоьхкура гена,
Ойланий масаллех
Сийна суй летош.

БӀаьргаш сан хьуьйсура,
Стиглан юкъ лоьхуш,
Тийналлин тӀам лаьцна,
Ӏаьршашка лесташ.
Паналла-м кхозура,
Седарчий оьхьуш,
Некха тӀе латийна
Беттан шай – цӀеста.

Цул тӀаьхьа, мацбелла
Сатийсам хьегӀаш,
Дуьненан юкъ яра
Ойлано лехнарг.
Ас сема синкхетам,
Набаран гӀенаш,
Дуьненан яьржинчу,
Шоралле кхехьна…

Со маца кхочур те
Дуьненан юккъе –
Ваьгнера, хьаьгнера
Цигахь дерг довза.
Сагатлой, волура
Ламанан дукъ тӀе,
Анайист кхачаеш,
Ойланца ловза.

Са мере кхачийна
Бехк-гуьнахь доцуш,
Хьийзийна ойланаш
Ас паргIатъяьхна:
Даймехкан лаьтта тIехь
Хийра, сов воцуш,
Хилла со дуьненан
Дог долччохь ваьхна!..

## ...Со човхавелахь

Дозаллех, кураллех айвелла,
Бохь лаца, лекханиг ца лехна гу. –
Сан даго, босбаьхьна, макхделла,
Къайлене ерзийна ца кхехьна хьу.

Ирсо цхьаъ шен корехь велийча –
Соьга а воккхавер кховдийна цо.
Я кхиверг гIайгIано гIелвича –
Сан кийра катоьхна сингаттамо.

Шайна чохь ямартло лачкъийна,
Ас бIаьргаш дахаре ца бийгIина.
Бакъоно куьг лаьцна, гIаттийна,
Харцонца ца тарлуш, со ийгIина.

Чам кхетта, марзонах ца Iебаш,
Даймахке безам а мийлина ас.
Цундела, дахаро, сох тебаш,
Шех тешам байина, ца йина вас.

Сан зама, сан шерийн некъ луьстуш,
Лачъяьлла хаалахь сан коган лар,
Ас хьуна тIедуьллу, ца хьоьстуш,
Шен хеннахь човхийна, сайн доладар…

## Даймахке

Сан Даймохк! –
Хьан ву со,
Хьан дегIан
Дагах схьаваьлла.
Цхьа цIий ду,
КIежтуьйсуш,
Вайшиннан
Пхенашкахь кхехкаш.
Ненан аз товжийна,
Аганан илли ахь аьлла,
Мерзачу набаро
Iехийна,
Хьан марахь техкаш.
Шелвелча,
Со вохвеш,
Хьайн дегIан
Йовхо а елла,
Хьаьстина,
Догъэцна,
Некъ хьоьхуш,
Ваьккхина новкъа.
Мацвелча –
Вузийна,
Хьайгара
Комаьрша делла
Куьг лаьцна
ГIаттийна,
Валийна
Дахаран шовкъе.

Сан Даймохк,
Баркалла-м
Хьан цIарах
КIезиг ду ала,
Суна и ца хетта,
Кхачаме,
Дагна ма-хетта…
ХIора хьан
ДегIан чо –
Давис-кха! –
Дешица кхала,
ДIа ца вовш,
Хьох хьерча,
ДIо маьлхан
Серлонах кхетта.
ХIай латта –
Даймехкан
Сийдолу,
Куцдолу латта,
Сан кого кхоамца
Хьан дегIан
ХIора цинц хьоьшу.
Дог сецна,
Вужур тIехь,
Хьан дуьхьа
Йиш йоцуш гIатта?
Дайн цIийца
Хьанделла
Хьо доцург,
ХIун дарба оьшу?

ХIун марзо
Хир яра,
Хьол ара
Кхевдина, леха?
Хьол сирла
ХIун гур ду
БIаьргашна,
Хьох хераваьлча?
Хац хир ду,
Варкъ хьаьхна,
Сан деган
Готтачу хьехахь.
ДАЙМОХК! –
И доккха дош
Язделла
Карор дац аьлча…

***

Цкъа цхьана поэто,
Байташна вешначохь,
ТIаьххьара дегIан цIий
Халкъана, махкана,
Ца кхоош, «дIаделира».
Цул тIаьхьа цо цунах,
ЦIеххьана эшначохь,
Къоначу дахарна
Мел чIогIа дехча а,
Цхьа тIадам ца белира…

***

ВорхI ломал тIехьахь а,
Дуьненал дехьахь а
Суо воллу нохчо ву со.
Дакъаза валахь а,
Самаха делахь а,
И суна диц ма ца ло.

Набкхетча, гIенах а,
Хан йоцчу хенахь а –
Байттамал! – Нохчо ву со.
Стигла бохь кхачахь а,
Буйннал бен вацахь а,
Тешаме нохчо ву со.

Хьолан да велахь а,
Къен-миска велахь а,
Сой воллу нохчо ву со.
Дахаран гонехь а,
Диканехь, вонехь а
Ас кхин цIе ца лелайо.

ЦIелетта багахь а,
Малх кхетта къагахь а,
Нохчийчоь-Даймохк бу сан.
Хьан хIуъу бахахь а,
Со лахь, со вахахь а,
Ду иза сан дегIан са.

## Нохчалла

ХIун оьшу, осалчу
Дешнашца лелхаш,
Дозанал тIехваьлла,
Текъамехь велха?
Доьналло ца дохку
Ирхенийн некъаш,
Шайн баьрччехь лар йоцуш,
Гор воьжна тиэкъа.

Нохчалла дийна ю,
Шен мукъам ала,
Дуьненан серлонехь
Самалхадала.
Цунна чохь дегнаш ду
Эшначохь дага,
Даймехкан лаьтта тIе,
Нур тоьгуш, къага.

ГIиллакх ду, гIуллакх ду
Тоьллачул тоьлла,
Ир-кара хIиттаеш,
СинтIамарх доьлла.
ТIекхийда хIума дац
Даймахкал арахь,
Сий лакхадаьккхина
Нохчаллел лара.

Нохчалла – совгIат ду
Дуьненал меха.
Цул йоккха лакхе яц
Лаьтта тIехь леха.
Йитий вай, ца къехкош,
И вешан долахь,
Орамаш ца хедош,
Хан яккха чомахь…

## Сан бахам

БІаьрг тІехІуттуш, хьежа,
Боккха бахам бу сан
Лаьмнийн баххьаш къоьжа;
Даймохк – веха хІусам.

Мерза хІаваъ луьттуш,
Сийна хьаннаш техка:
Йоьлуш, даг тІе хІуьтту
Хазалла кху мехкан.

Зезагашца йогу
Аренаш ю гонах.
Стиглахь маьлхан бога
Іийдало серлонах.

ХІоккхул долчу хьолах
Воккхавеш со Іийна,
Буьйсанаш ю долахь,
Седарчий латийна.

Токхе хилла, веха
Со кху нохчийн лаьттахь.
Оьшург доцуш леха,
Хьолан патар даьттІа!

## Нохчийн маттахь…

Пана махкахь нохчийн маттахь
Хилла сан дуьнен тIе валар.
Голаш юлуш, кога гIатта
ДегIе гIора делла Дала.

Сан, дуьххьара нохчийн маттахь
Иллин мукъам лерехь хезна,
Шовкъе хилла тIома гIатта,
Деган тIемаш дула дезна.

Нохчийн мехкан, нохчийн лаьттан
Марзо кийрахь хааелла,
Сан бералла нохчийн маттахь
КогашIуьйра яьлла лелла.

Нохчийн маттахь сан Даймехкан
Iалам, кечлой, хелхадуьйлуш,
Iийна, деган кедахь кхехка
Хазахетар хьогах муьйлуш.

Нохчийн маттахь, текъам боцуш,
Со халонех тийсавелла.
Ницкъ цатоарх, машар боцуш
Харцонашца къийсавелла.

Нохчийн маттахь чIагIо йина,
Къовлабелла тешам бу сан.
Верасашна тIедиллина
Нохчийн маттахь весет ду сан…

## Поэтах дош

Байташна дош даста,
Тийналле вуьйлуш,
Поэто гатдина
Ойланийн са.
Іаламо литтина
Хазалла муьйлуш,
БІаьргаша латийна
ТІехь доцу къа.

Урх хецна, мох санна,
Дин-ойла хоьхкуш,
Дуьненан доккхаллехь
Тийсина гуо
Стигланаш кхолийна
Мархаш дІалоьхкуш,
Лаьтта тІехь яржийна
Маьлхан серло.

БІаьргех хиш Іийдалуш,
Чамбайна аьлла
Бехкбоцуш адамийн
Іенначу цІийх.
Даге куьг кхийдадеш,
ГІайгІане ваьлла,
Яздина, иэхь дайна
Доьхкинчу сийх.

ГIо эшнарг узамо
Ийзавеш хезна,
Цо орцах гIаттийна
Даг тIера дош.
Кханенна ког билла
Лар тега дезна,
Некъан дар диллина,
Ирхеш ятош.

Буьйсанна баттаца
Къамеле ваьлла,
Куьйгаш а стиглане
Кхийдийна цо.
Аз дижош, дарбане,
Мерза дош аьлла,
Коьртана куьг хьокхуш,
Хьаьстина буо.

Малхбузуш суьйренца
Сийна суй тоьхна,
Безаман алуно
Дагийча дог,
Сихвелла, йозанан
ГIирсах катоьхна,
Байт кхолла шовдане
Байбина ког.

Лам-аре яржийна,
БIаьстенца къагош,
Комаьрша кхоьллина
Даймехкан сурт.
Урамаш, майданаш
Зезагах ягош,
Хестийна ша вина,
Кхиийна юрт.

Генара, гергара
Ойланехь лехна,
Байташка дерзийна,
Къайленаш гуш,
Поэташ мокхазан
Дахарах баьхна,
Кхерчахь цIе ягийта,
Деган суй луш.

***

Сан Даймохк, нагахь со
Хьан дуьхьа ца винехь нанас,
Човхаве, эккхаве,
Хьайн лаьттахь лар йоцуш, пана.
Дехарна жоп доцуш,
Хьайн лерехь бехказло йийца,
Ас биъна хьайн накха
Мерах чекх тасийта цIийца.

Нагахь со, хьан къинойн
Хьокъалахь, когхIуьттуш, ваьхнехь,
Ма делахь, ма делахь
Хайра со да волчу даьхнех.
Нохчийчоь, хаалахь,
Хьан кIентий бац хьуна царех –
Дуьненан бахамо
Iехийна, хьо юхкучарех…

***

Ас цкъа а, кхевдина,
Цхьаъ юьстах теттина,
ТІевала лекханиг
Ца лехна гу.
Даго чохь хьулйина,
Бодане хІоттийна,
Баьрче дІатарйина,
Ца кхаьбна хьу.

Ирсо цхьаъ, хьаьстина,
Шен марахь велийча,
Самалхадаьккхина
Воккхаверо.
Я кхиверг, Іовжийна,
Балано Іадийча,
Кийра шен катоьхна
Сингаттамо.

Тешнабехк, ямартло
Къежарехь хьулйина,
Ас бІаьргийн серлонаш
Ца кхийсина.
Хьацарна пІелг хьоькхуш,
Даьккхина гулдинарг
Диканна дендала
Сатийсина.

Марзонан чам тайна,
Дог дузарх ца Iебаш,
Даймехкан хазалла
Мийлина ас.
Вевзинчо, къаьхкина,
Керта ван ца везаш,
Букъ тоьхна, ков чIаьгIна,
Ца йина вас.

ТIедоьжна дазделла,
Юьхь яккхал, къа доцуш,
Вала да ву аьлча-м,
Хир дара харц.
Вай къерадолчунна
Бехказло ца лоьху:
Лаьттара адамаш
Маликаш дац…

***

Дуьне хьоьстуш,
Iалам хелхадуьйлу.
Стигла екхна,
Йоцуш марха, дохк;
Дийно-дийно,
Хазлуш, серлаюьйлу
Сан Нохчийчоь –
Лаьмнийн маьрша мохк.

Къаной санна,
Къоьжа кортош даьшна,
Лаьмнаш хьуьйсу
Мехкан тергоеш.
БIаьргаш керчош,
Йоьду зама хьаьшна,
Денлуш, хазло
Лаьттахь ирсан беш.

Ялташ кенахь,
ХIордан тулгIеш санна,
Мохо ловзош,
Кхерста генна дIа.
Стиглан корехь
Дашо зIаьнарш Iаьнна,
Маьлхан беснеш
Елакъежаш Iа.

Нанна санна,
Хьуна бIаьра хьоьжуш,
Ойла хьаьий,
Хьоьца екъало.
Ахь хазаллах
Дешна дуьне оьхьуш,
Нуьрах Iений,
БIаьргаш делало.

Хьан суьйренаш,
ЦIечу дарих йогуш,
Дагах хьаьрчий,
Лаьттахь юьйлало.
Iожа басахь
Анайисташ тоьгуш,
РегIал тIехьа
Малхо нека до.

Самах, гIенах
Хьан марзонаш уьйзуш,
Шедаг хуьлий,
Синпха лекхало.
Даго хьоьга
Кхобу безам буьйцуш,
Соьга керла
Илли алало…

## Ас хьоьца чIир лоьху…

ТIехь боцу бехк оьхьуш,
Лаг лаца гIиртинарг;
Церг йогIа бIаьрг боьгIуш,
ДегIах ка диттинарг;
Сан дуьне дагийна,
Сан ворхIе да вийнарг;
Кхетамза кхиэл йина,
Ненан бIаьрг белхийнарг;
Сан бакъо харцийна,
Шад бина хьарчийнарг;
Со, ирсах вегийна,
Даймахках хьегийнарг –
Хьо ю и къизалла,
Са мере кхачийна,
Цабезам туьйсина,
Сан кхоллам къийсинарг.
Хьо ю и, къехкийна,
Сан ойла техкийнарг.
Ас хьоьца чIир лоьху –
Бехказло ца йоьху…

## Муха аладелира?..

Ойла ца еш, воцург хетта,
«Къонах ву со!» – цхьаммо-м элира.
Дог ца кхаьрдаш, оццул атта
Иза муха аладелира?.

Къонахаллин ларча эцна,
Цо шен некъаш стенга кхачийра?
Некхах накха тухуш, сецна,
Маца харцо чимах ягийра?

Текъам боцу хало хоьрцуш,
Мохах-дорцах мичахь вийлира?
ТIеман цIаро юьхь-марш морцуш,
Даймохк дагца маца къийлира?

Иштта атта хилац къонах,
Атта луш яц «къонах» боху цIе.
Цуьнан дахар хилац дорах –
Iожаллех а къонахий ца ле…

## Кавказ

Дуьненан са ду хьо,
Сан хьоме Кавказ!
Сан дагехь лекхало
Самукъне хьан аз.
Аьрзунах айвелла,
Гу лекхчу волий,
ЛадоьгIу ас цуьнга,
Ойлане волий.

Мел хаза сурт ду хьо,
Ца кIордош хьежарх.
Бехке вуй со, хьуна
Хьесталуш, къежарх?
Са токхехь ваьхна со
Хьан ирсе кхаьчна,
БIаьргашца хьоьгара
Хазалла лаьцна.

Хьан лаьмнийн хьошалгIахь
Хийла хан яьхьна,
КIадвалар ца девзаш
Ирхонаш яьхна.
Заманан йохаллехь
Доьналла гIуьттуш,
Уьш даьхна, къаьмнашца
Марзонаш хуьттуш.

Баьццара хьан бошмаш,
Аренаш сийна
Сан ирсан кхолламан
Зовкх хилла Iийна.
Шабаршца Iийдалун
Шовданаш шийла
Сатесна хьогалла
Кхийдина мийла.

Кавказ, со нохчо ву
Хьан шуьнехь диъна. –
Хьан дегIан детталун
Дог долччохь кхиъна.
Хьо ду сан дозалла,
Сан ирсан догIа.
Цунна ду сан хьоьца
Гергарло чIогIа…

## Дозанхочун илли

Нана-Даймохк тӀехьа лоьцуш,
ДегӀ ас дуьхьал хӀиттадо.
Доза долчу шу тӀехь соьцуш,
БӀаьрса гонах кхерстадо.

Марсаюьйлу чилла шийла,
Диттийн баххьаш дегадеш.
Цхьанхьа-м йогу серло гӀийла,
Шен йовхонах хьегавеш.

Маса ойла кхерста гена,
Лоьхуш хьоме аматаш –
ЛадийгӀина мукъам ненан,
Лаьмнийн йоьӀан амалаш.

Серлаюьйлуш, дагца соьцу,
Екхна беттан буьйсанаш.
Баххьех хьерчош, мархаш лоьцуш,
Лаьмнаш – сайга хьийсинарш.

Доккха хетта сайга делларг,
До ас цунах дозалла.
Дайшкахь дуьйна сийлахь лелла,
КӀанта мехкан дола дар.

Мохо дорцан ченаш кхуьйсуш
Беснех шело хьекхайо.

Даймахко шен йовхо луьйсуш,
Деган ойла екхайо.

Нана-Даймохк тІехьа лоьцуш,
ДегІ ас дуьхьал хІиттадо –
Даймахко, шен декхар оьцуш,
Ирсан доржехь гІиттаво.

## Цхьа дехар

Нохчийчоь къематан къизаллин кхерчахь,
Дукъделла сакъуьйлуш, йогучу дийнахь,
ГІо доцчу орцанца хьан дегІах хьерчаш,
Коган лар ца херъеш, со хьоьца Іийна.

Хьан лаьтта хІоьттинчу тезетан кертахь,
Стигланаш кадамца йоьлхучу дийнахь,
ТІулг хилла, шога шад легашка гІерташ,
ГІийлачу доІане хІоьттина Іийна.

Іожаллин когашкахь син чархаш лоьхуш,
Кхийдийна хьан лаьттан готтачу кийра.
Вовшашка мотт боцу дагара оьхьуш,
Вайшиннах цецдаьлла дуьне а Іийра.

Болатан доьналлех ахь дуьзна терза
Ца гІерта дуй-дешан чІагІонца дотта. –
ЧагІалкхаш цІогІанах хьан цІарах терсаш,
ХІоьттина, хьегІа сан лергара потт а.

Цхьа дехар дар-кха сан, Нохчийчоь, деккъа:
Хьайн некхах векхна со ца хеташ хийра
(Дахаран хьаша ву, хедар бу некъ а);
Со-миска тарвелахь хьайн деган кийра.

## Нохчийн мотт

Азаллин кийрара гIаттийна,
Дуьйцина, дош дашах хоьттина
Кхолламо шегарчу йолана
Нохчашна мотт белла, доладан.

Шелонан ткъевнечу къаахкаре,
Йовхонан тевнечу кхехкаре,
ТIехь боцчу бехкамех тийсина
Нохчийн мотт садаккха кхийсина.

Човхийна, дош акхадаьккхина,
Нохчичун долара баьккхина,
Бистхуьлуш лаьттахь ца хазийта,
Нохчийн мотт, га тоьдуш, лазийна.

Кхолламе кхоамза хьешийта,
Даймахке сатуьйсуш, хьегийта,
Дитт хьокхуш, ирйина, туьйсина,
Харцонаш юьхьдуьхьал тийсина.

ГIелоно гIелбина латтабарх,
Халоно меженаш сеттаярх,
Дош доьхна, доцург ца дийцина,
Доьналлин хьаьркаш ца хийцина.

Хьакъхилла бистхила, денбелла,
Марзонийн уьйрашка гулбелла,

Нохчийн мотт когаш тIе хIоьттина,
Даймехкан да хилла гIаьттина.

Назманан шовкъечу байташкахь,
Мукъамийн зевнечу айдаршкахь,
Чкъор тилла, ца буьйлуш берзина,
Нохчийн мотт дайн кхерча бирзина.

Къонахийн ойланех боьттина,
Машаран гIароле хIоьттина,
И бека нохчичун хьекъалехь,
Ца хила йиш йоцуш декъала.

## Нохчийчоь гIаьттира

Ка долчо кадетташ,
Кхардамаш белийра.
Са долчо садетташ,
Язделларш лелийра.
Нохчийчоь, бIарзъелла,
Молханах егира,
Даймехкан меженаш
Герзаша эгира.

Юьхьйоцург, сий дайна,
Дуьненна вевзира,
Яхьйоцург,яхь яйна,
ТIахъаьлла хьаьвзира.
Бодано серлонах
Iаьржа тIам хьийкхира,
Мохо, шен са цIийзош,
Аренаш лийкхира.

Серлонах хьаьрчина,
Анайист егира,
Лаьтта тIе даьржина
Маьлхан нур дегира.
Iесачу Iазапийн
Бехкалахь лаьттина,
Нохчийчоь, денъелла,
Когаш тIе гIеттира…

## ТIамах ловзар

Хьаьлхина шайн синош хадийна,
Маьхьаршца урамаш Iадийна,
Бераша, тIеман сурт хIоттийна,
Дохк санна, ченан кIур гIаттийра.

Цхьаммо шен герзан лаг узура,
Кхин, ваьржий, аркъала вужура,
Йийсаре валийнарг воьхкура,
Чов таръеш, меженаш йоьхкура.

Цхьаъ керта йисттера тебара,
Бешахь верг голаш тIе хебара.
Массарел жима цхьа пекъар а
Виъларахь чонала текхара.

Дитта кIел IиндагIе лахвелла,
Бераша лелош дерг къахьделла,
Когбоцург берашка хьоьжура,
И ловзар цунна ца оьшура.

Куьйгашца ши Iаса хIоттаеш,
Царна тIе оза дегI гIаттадеш,
И цхьана кога тIе велира –
Кийрара доккха са делира.

БIаьргеха хин-тIадам белира,
ТIевахна, цо цаьрга элира:
– Баккхийнаш цу тIамах левзина –
Цо бина дика болх бевзина…

ГIаланаш, вайн ярташ йохийна,
Хийла да шен кхерчах вохийна,
Доьзалаш бисина дай белла,
Вайн наной хеназа къежбелла.

Варийлаш, тIамах ма ловзалаш,
Цо вайн деанарг довзалаш, –
Когбоцчо шен къамел сацийра,
Берийн гIар-гIовгIанаш дIатийра…

## Ма тоьъна, ма хьаьхна…

Герз буйнахь кIелошца вовшашна тебаш,
Адамаш, вай хIун до, стенах ца Iеба?
Ца тоьъна, ца хьаьхна, коьртан хье къуьйлуш,
Герзаша еттачу вотанийн куьйла?

Кхерамах догучу бIаьргаш чу хьаьжна,
Буоберийн къиноша ойла ца хьаьшна?
Экханехь хьаьъначул къинхетам боцуш,
Адамо адаман син пIаьлдиг лоцу.

Дарделла, вай стенга сихделла кхача,
Некъ мел бу Iенадеш цIийн Iоврийн тача?
Шен чомахь бIаьсте а йитий вай яла,
Витий вай маьрша стаг чу-ара вала?!

Даймехкан юьхь-дуьхьал ямарт ца къерзаш,
Дитий вай цо къуьйлу чов-лазарш дерза?
Ма тоьъна, ма хьаьхна, коьртан хье къуьйлуш,
Герзаша еттачу вотанийн куьйла…

## ХIунда?..

Адам, хьо-м цхьа жима
Бер дарий дуьнен чу долуш.
Кху лаьттах кхиъна хьан
Куцдолу, зоьртала дегI.
Комаьрша кховдийна,
«Даахьа, малахьа», – бохуш,
Бер санна, хьоьстуш хьо,
Марзонца дакхийна шех.
Тахана герзашца
Ахь хIунда чехадо латта?
Ахь хIунда багабо
ГIа-бецо сенбина бай?
Тахана, даг тIера
Садоцу къинхетам хаьдда,
Ахь хIунда къеххкабо
Хьун-тогIехь кур уьйу сай?
Ахь хIунда хьерчадо
Малхана бодане кирхьа?
Ахь хIунда кхийдадо
Дахарна къахьдина де?
Ахь хIунда юьйлина
Молханах мажаран биргIа?
Ахь хIунда ягайо
ШайтIанан мох лоьцу цIе?...

***

Дашах дош доьттина,
Багахь мотт
Шарбаларх бийца,
Вайга хIун хIоьттина,
Къийсалуш,
ЦадогIург дийца.
Дарба дарх, ца йоьрзуш,
Меттан чов
Лазаршца хьегIа.
Дижийтарх, ца доьрзуш,
Меттан дов,
Са тоьдуш, изгIа…

***

Хьацаран кIур хилла,
Ца оьшу цел етта.
Ца оьшу хи дилла,
Ца оьшу бел Iитта:

Даьсса хIу ден ца ло,
Цо ялтин кан ца ло:
Ца оьшу къахьега –
Ца оьшу са хьега…

## Іадийра латта

Зуламхой гулбелла, дуьненан
Дахарна хьогІан бІаьрг лоьцуш,
ЛадоьгІуш, тебна Іа шайн бенахь,
Кадалахь, тешнабехк лоьхуш,

Іаламан куц хьоьстуш, лепачу
Малхана кхерамаш туьйсуш,
ДоІанийн дехаршца хебачу
Ненан дог шеконца Іуьйшуш.

ХІун бехк бу, малхе куьг кховдийна,
Ког баккха Іемачу беран,
Къизалло, къинхетам къовзийна,
Багара дІовш тоххал дера?

Дахарна когтуьйсург долалуш,
Мотт буьйцу адам дуй, хьовха?!
Хиллий и, дог хьаьъна, делалуш,
Дуьненан аз хезний хьовха?

Хаац-кха, гІайракхах доьттина,
Садоцу дог ду техь кийрахь.
ХІун нах бу зуламна гІевттинарш,
Лаьтто уьш хІунда баккийра?

Собарца детта са кхачийна,
ДегІара ницкъ меттахбоккхуш,
Лаьттан дегІ, дегийна, Іадийра,
Кийрара доккха садоккхуш…

***

Тховса а набкхета
Витац-кха аш, ойланаш.
Къоьжалло къажбинчу
Коьрта чохь хIун лоьху аш?
Лаар-кха садаIа:
КIадвелла, гIелвелла ву –
Сайн некъан бохаллехь,
Ас дукха кегийна шу…

Сан дагехь аш, далхош,
Оьхьуш дерш ца кхеташ дац.
Дуьненан чевнечу
Лазаршна со бехке вац.
Аш муьйлу чам байнарш
Со а ву цаваьлла ловш,
Кийрара схьадала
ГIертачу дагна ца товш…

***

Замано тIам туьйсу,
Шен денош дахаре хьоьрсу,
Сутарчу тергамца
Тептарийн агIонаш хоьцуш.
Кхолламо кхийдаво
Дуьненан къайленаш йовза,
Декъаза, декъала
Да вина шен дуьне довза.

Са хьеста, са даго,
Хьакъхилла, тIедоьжна дакъа
ТIаьхьара ца долуш,
Кхолламах тийсалуш, деха
Хан кхетта, тишваларх,
Ойланийн марзонаш оьхьуш,
Шерех чекх Iийдалуш,
Лехкало заманаш хьеха?

Ган дезнарш, кхаъ хуьлий,
Хьаамца юьхьдуьхьал хIуьтту.
Цадезнарш, чов хуьлий,
Шийлачу маьхьарца гIуьтту.
Ойланийн хьацарлахь
Замано дIадевлларш оьхьуш,
Са мере кхачадой,
Хьийзаво шерех чекх кхоьхьуш…

## Ницкъболу дош лолахь

Ницкъболу дош лолахь,
Дог, суна, дахаре дилла,
Лаьтта тIехь кхерстина
ТIеман цIе ялале марса.
Дуьненан шораллехь
Машаре олалла дайта,
Сийначу стиглара
Маьлхан юьхь самукъне гайта

Дуьззина дош лолахь,
Дог, суна, аьлларехь дека,
Малхбузен, малхбален
Корашка хьекхийта нека.
Кхаьънашца кховдийна,
Адамийн дегнашка досса,
Харцонан са дагош,
Молханан алунах кхосса.

Дог, суна дош лолахь,
Де доьхна, гIо эшначунна,
ТIемаш тIе гIаьттина,
Сихонца тIекхача гIоьнна.
ГIайгIано лаьцна верг
ГIайгIанан буйнара ваккха,
Балано хьаьшна верг
Баланан къизаллех ваккха.

Аз-сирла дош лолахь,
Дог, суна, иллешка дилла,
БIаьстенан зIаьнаршца
Яшийта шелонан чилла.
Денделла гIеттинчу
Iаламан хазаллехь кхерста,
Йистйоцуш яьржинчу
Зезагийн аренаш хьеста.

Дог, суна дош лолахь,
Йиш йоцуш юьхьIаьржа хIотта,
ЧIагIонан гIап хилла,
Машаран гIаролехь латта.
Беркатах хьандина,
Къондина, хаздина латтош,
ЙогIучу кханенна
Iалашдан сийдолу латта.

## Иштта дац и…

Делан дуйнах чIагIо йина.
Дийца сецна бакъдерг ду сан:
Иштта дац и… Со ца вина
Барзо кIезий динчу буса.

Жирга берзан буьйса эцна,
Со ца веъна дахар цеста.
Ас кху лаьтта Iуьйре хецна,
Маьлхан динахь дахар хьеста.

Со ца веъна кху дуьнена,
Пусар доцуш бакъо хьеша,
Зоьртал хиларх, цхьана дена,
ГорахIуьттуш, велакъежа.

Со ца веъна, ши куьг лаьцна,
Карахь-куьйгахь доцуш, тиэкъа.
Сан гуьйрено, тIемах тесна,
Иман-беркат деъна диэкъа.

Оьшучунна, чIагIо йина,
ХIитта дийна тешаш бу сан:
Бакъ ма дац и – со ца вина
Барзо кIезий динчу буса!

## ВогIур ву, нана

Юха а ойланаш
Лехкало гена –
Лаьмнашка, со винчу юьрта.
Юха а хьийза уьш,
Аз лоьхуш ненан,
Жималла левзинчу керта.

Даг чуьра йоврйоцу
Марзо ядийна,
Сан деган маршалла делла,
Хьо йолчу дIакхечи
Ойланаш тийна:
«Нана, хьо хIун деш ю?» – аьлла.

КIантана сагатдеш,
Лела хьо гIийла –
Суна и дазделла, нана.
Воккхавеш, хьо йолчу
ВогIур ву хийла,
БIаьстенах хьан мара Iана.

Хьан лаам къарбина
Дош карладуьйлуш,
Лар яйна ца лела пана.
Даймахке ахь белла
Безам а муьйлуш,
Хьо йолчу вогIур ву, нана.

## Сан ойла…

Дуьнене ца хьоьжуш гома,
Яккхийта хан-зама чомахь,
Сан ойла – дахар ду маьрша,
Iуьйренан серлонах даьржа.

Сан ойла – безам бу мерза,
Лекхалун бIаьстенан мерзах,
Зезагийн хазалла хьеста,
Иллешца лаьтта тIехь кхерста.

Сан ойла – стигланаш сийна,
Малхо шен зIаьнарш латийна,
Седарчех сийна тIам туьйсуш,
Баттаца паналла къуьйсу.

Сан ойла – дуьне ду доккха,
Дилхинарг я хьегнарг зовкхе,
Дахарна човъярна кхоьруш,
Садиънарг, синлазам къоьруш.

Сан ойла – нийсо ю лаьттан,
Харцонан некъ лаьцна лаьтта,
Синтеме цхьа минот йоцу,
Садаларх хийца йиш йоцуш.

Сан ойла – тешам бу кхиъна,
Кийрарчу деган тIум йиъна,

Шалхонца тӀекаре йоцу,
Шеконах мискъалзарт доцу.

Сан ойла – машаран бӀаьргех
Іийдалун машаран хьаьркаш
Дуьненан геланча – чехка,
Хьадалча – тӀехь боцчу бехкан…

## Ялтийн арахь

Мохо тийна тулгIеш керчош,
Техка ялтийн аренаш.
Кхузахь хийла, дуьйш, дIадерзош,
Белхан куьйгаш ларийна.

Малхо, некхах хьесий дохуш,
Дашон кIажарш юьйцина,
Анайисташ ловзайохуш,
Хазаллица хийцина.

Кхузахь Iаьнна хазна йоккха
Дуьне мел ду яьржина.
Герга кхийдош, дIогахь, хIоккхахь
Дашон кенаш хьаьрсина.

Гонах хьежарх, бIаьрг ца Iебаш,
Ялтийн арахь лаьтта со.
Дахар кхаба беркат дебош,
Токхе хуьлда, аре, хьо!

***

Цхьанхьара-м, къайллаха
Церг йоьгIна, дахарна тиэбаш,
Цкъа цунах катоха
Кечделла, лечкъа цхьа де.
Дахаран гIад кхадарх,
Iожалла хуьлуш яц Iебаш:
Цо циггахь туьлуш ю
Стагана шегара цIе…

ГIиллакх я доьналла
Мах боцуш кхоамза дохкахь,
ТIаьхьено, багара
Дош къуьйлуш, шен маьIна до.
Ледарло, доьналла,
Хан тиларх, диц ца ло махкахь:
Заманан саьхьарчу
БIаьргашна дерриге го…

Шераша хан хьаьшна,
Цкъа мацца да дагалаьцна,
КIентан юьхь ягаеш,
ТIехтохахь дех дисна иэхь,
Ша велла дIаваллалц,
Шийлачу шан-тIулгах сецна,
Цунна и Iеткъар ду
Даима жимчу дагехь.

Цо иза вуьтур ву
Кийрара дала дош доцуш, –
Нийсарша дай буьйцуш,
Юьхь морцуш, хьерчар ю цIе.
Цхьана а кIантана,
Дуьненан марзо цо оьцуш,
Керта ма догIийла
Дех дисна иэхь карон де.

## ХIинца а ца Iеба…

ХIинца а кху лаьттахь
Ша динчух тоам ца хеташ,
Къизалла, сахаьдда
Кадетташ, дуьненах лета.

Эзарнаш кхоамза
Хирцина кхолламийн некъаш,
Іийжамех хьааза.
ГІайгІанийн йочанехь тиэкъа.

Марзонах хьаьгначу
Буоберан хьежаро гІийла,
ЩІе тоьхна, ваьгначохь
Сецаво, ойланаш къийла…

Адамех херделла,
ГІиртина Іаьршашка вала.
Шех Дела тарвелла,
ПирІун а къарвина Дала…

***

Хьалха кхийда,
Тача текхош,
Хийла некъан лар:
Цхьаерг – шера,
Кхиерг – дорцан,
Важа – ломан пурх.
Доккха дуьне
Инзар дохуш,
ЭтIарх буьрса гIар,
Цхьаверг вогIу,
ДIа ца хоьцуш
Халчу некъан урх.
Мохах вуьйлуш,
Дорцах вуьйлуш,
ГIиттабо цо ницкъ,
Цхьа са доцчу
Декъазчунна
Буьтуш атта некъ,
Шех дуьненан
БIаьрг бузийнарг,
Даржехь декъалвеш,
ТIаккха цунна,
«Къонах» олий,
Зама хIутту теш.

***

Цкъацкъа даго
Хьовзаво со хьеревой,
Маьлхан серло
Кхачаярна кхералой.
ПаргIатвоккху,
Шийла кхерам эшабой,
Малхо дуьне
Хьоьстург хиларх тешавой.

Сингаттамийн
Гуран багахь лацалой,
Цкъацкъа ойла
Южу, гIора кхачалой.
ТIаккха, боьллуш
Гуран кхема, харцабой,
Маьлхан шуьнехь
Ловзайолу, елалой.

Дийнахь-буса,
Сан синхьаам дарбина,
КIорге кегош,
Деган хьорсам къарбина,
Ойла кхерста,
Урхах йолий, хецалой,
Декъалхиларг! –
Лаьттан дахар дезалой…

***

ТIулга тIе тIулг буьллуш,
ГIишло цайоьттинарг,
Лом детташ, бен бохо гIерта.
Цхьа синтар, хи дуьллуш,
Лаьттах ца Iоьттинарг,
Диг детташ, хен хадо гIерта.

Хи мала хьостанан
Цхьа кIаг ца баьккхинарг,
Апари чудерзо гIерта.
Я охуш, я оруш
Хьацар цадаьккхинарг
Канашкахь катоха гIерта.

Ницкъана вазвелларг,
Шен доцург марзделла,
Дуьне а дIакхалла гIерта.
Кхолламо це етташ,
Собарца садетташ,
Цхьа пекъар ханъяккха гIерта…

## Къонахий ца ле…

Атта-м дара тийна дахар,
Къонахчо-м и лацац шена тIе –
Зама, ловзош, хелхаяха
ГIуьттуш волчо хIора керла де.

Мукъам байна, делла дахар
Декъазчунна къийса кхачадеш,
Къонах лела дорцан арахь,
Маьлхан дашо хьесий лехьадеш. –

Кхин хир варий, къонах воцург,
Мархийн мокха ковра лаьллина,
Мохан, дорцан синпха лоьцуш,
Сийна бIаьсте ело ваьллинарг?

ЧIагIо йина, парза доьхкуш,
Текъам боцу Iийжам шегахь ловш,
Садаржале, гIад-юкъ йоьхкий,
Даста воьдург керла гечо-ков?

Хезний шуна, велла олуш? –
Къонахий бац дуьне мел ду леш:
Къонах, лечкъий, къайлаволу,
Шен меттана нанас къонах веш.

ДегIан, куьцан сибат хуьйций,
Керла къонах лаьттахь волало.

Ткъевне хиларх, коча лоций,
Цо кхин некъаш листа доладо.

Цо ца лоцу тийна дахар,
Мерза хиларх, атта хиларх тIе –
Зама вайна хелхаяха
ГIуьттуш волчу хIора керла де.

## Машаран илли

Малхо, сирла зIаьнарш хьоьрсуш,
Лаьттахь дахар деладойла.
Дуьне мел ду, дегнаш хьоьстуш,
Адамашна машар гойла.

Дахар, керла хазнаш йоххуш,
Лаьттахь маьрша долалойла
Вай, машарна некъаш доххуш,
ГIора дайна, гIел ма лойла.

Iа дIадаьлла, бIаьсте йолуш,
ГIа-буц сийна, сирла гойла.
Можа зезаг, аре кхолуш,
Баца юккъехь делалойла.

ТIеман цIаро, марсаюьйлуш,
Дуьне чомах ма къахьдойла.
Беран кхерам дагца къуьйлуш,
Ненан бIаьрг ма белхабойла.

Малхо, дашо зIаьнарш хьоьрсуш,
ХIора кхане декъалйойла
Генахь, гергахь дуьне хоьрцуш,
Машаро шен некъаш дойла!

## Кхо гІад

Адамаш – хІу ду и,
Лаьтта тІехь кан дебо тесна.
Дукхахдерг ден а лой,
Малхехьа гІад кхийдош, хьекъа.
Наггахь дерг, цхьажимма
Лаьттах шен орам-га хецна,
Дендала ницкъ боцуш,
Дуьсуш ду кхолламе тиэкъа.

Кхиъна гІад-м дІалаьтта,
ДогІанца, йокъанца къуьйсуш,
Сатуьйсуш шегара
Хьийкъина кан-буьртиг бекъа,
Хьегна дерг, дайна дерг
Дахаран баркаллех хуьйцуш,
ДІакхачо шен некъан
Чаккхенан сийлаллин дакъа.

Наггахь цхьа гІад хІутту,
БІаьргашна ца гинарг оьхьуш,
Инзаре боккха кан
Кхиийна, дазделла, теІаш,
Шен ницкъан турпаллех
БІаьргбуьзна, дуьне цецдохуш,
Дозалле кховдийна,
Ца хестош шен шуьйра некъаш.

Дависа! Кхааннах
ТIаьххьарчу ялтин кан оруш,
Сайн ницкъах хьекъийнарг
Канашкахь дахаре хьарса,
Лаамийн дарц тийна,
ТIаьххьарчу некъа тIе волуш,
Там хилла, гонаха
БIаьргтоха, гулдина бIаьрса.

***

Вовшашца ца тарлахь,
Дайх диснарш ца ларлахь,
ТIекховда гIо доцуш,
Доладан да воцуш,
Нохчийчоь юхур ю –
Вай байлахь дуьсур ду.

Сатоха са дацахь,
Яхь кхаба дог дацахь,
Сискалан лай хилла,
Некъаха лар тилла,
Вай акха лелар ду –
Луурийн белар ду.

Урд аха нох дацахь,
Нох лаца куьг дацахь,
Мохо шен ка хьоькхуш,
Шагъелла къаж лоькхуш,
Аренаш луьйсур ю –
Акхарша къуьйсур ю.

Тарвала бен бацахь,
ЦIе яга кхерч бацахь,
Верасе сатуьйсуш,
Садала сауьйзуш,
ХIусамаш шеллур ю,
Марзонаш гIеллур ю.

Доьналла дожадахь,
Къонахий кхачабахь,
Вайн кешнийн charташ тIехь
ХьаргIанаш екар ю –
Замано сардамех
КIарлагIаш юьйгIур ю…

## Бехке ву со

Серло ган бIаьрг боьллуш,
Дахаран ков доьллуш,
«Со адам ду!» – аьлла,
Кийрара дош даьлла,
Сайн некъан ларчина
Дахаро хьарчийна,
Кхолламан шеретехь,
Адаман зуьретехь,
Заманан хенера,
Азаллин генера,
Лаьтта тIе кхаьчнера со.

Бакъ гинарг харцдина,
ТIелаьцнарг диццдина,
Къизалла тIеелхош,
Къиношца дог делхош,
Чамбоцург марздина,
Хьакъдоцург парз дина,
Дош шалхадаьккхина,
Ког акхабаьккхина,
Синкхетам херцабеш,
Къинхетам керчабеш,
Ма чIогIа галваьлла со…

Гуо хьийзош, гIаттийна,
Шалхонах шовкъ йина,
Пха булуш, саттийна,
Нийсонах Iад дина;

Дуьненан букъ божуш,
Аьрта бохь бегIарна,
Дахаран салоьцуш,
Харцонах хьегIарна;
Хьекъалах тиларна,
Адам цахиларна,
Бехк бу сан… Бехке ву со…

***

Дуьненах тийсало
Дахаран
Ов детта энаш,
Лазарша ийзадо
Лаьттан цІий
Леладо пхенаш.
ГІевланга хийшадо
Набаро
Чамбоцу гІенаш –
Зуламхой кхийсало
Шаьш дІаьвшах
Денбинчу бенахь…

## Адам ду со

Лаьттан накха биъна,
Дуьне дацош, кхиъна,
Кхерчан цхьана цӀийнах
Адам дай со-м дийна.

ДегӀах ирхо йоккхуш,
Аха ирзо даккха,
Іуьйрре араваьлла,
Со сайн новкъа ваьлла.

Оьшург хир-кха аьлла,
ДоьгӀна кхиъна даьлла,
Синтар хазло бӀаьста,
Зазахь патарш достий.

Темаш-товраш лоьхуш,
Атта дуьне доьхуш,
Меттахь, набарх летта,
Со ца Іийна ветта.

Кийра эрна Іоьхуш,
ДегӀах чекх са оьхьуш,
Кху дуьненна хьаьхна,
Вай хӀун дора даьхна?..

***

Шед етташ,
Эрна ма чехабе дин –
КIорга ду ламанан
Тарх хьоькху Iин.
Галваьлла, чутиллахь,
Валалур вац.
Ца оьшу тIекхийдо
Хьакъдоцу дов. –
Бехкбоцуш чехабар
Дино ца лов…

***

Адамаш, мел дакхарх,
Дузац вай лаьттах –
Синпхенаш ийзадо,
Ца хеташ къа.
Эххар а, лакъийна
Некхера даьтта,
Цо бекхам оьцур бу
Вайгара цкъа…

## Керла шо

Меллаша ков тоьхна,
Юха а схьакхечи керла шо,
Бос эцна, гиччош тIехь
Кхин цхьаъ а шарбели къоьжа чо.
Шераш, аш къоналла,
Ца хоьттуш, ядийна стенга хьо?
Дахаран марзонаш
Кхоамза аш стенна Iенайо?

Суй баьгна, дIадайна,
Кхин а шо дуьйжи сан дахаре.
БIешеран оьмар луо –
Хиндоцург аса-м ца бахарий.
Новкъа ду, диканийн
ЦIе марса ца яьллехь, даьгна шо,
Ишттачо дагна шен
Балхамна йишйоцу бала ло…

Йиш хилча, барт боккхуш,
Дуьне а канашкахь хьаьстина,
Цо къуьйлу сатедан,
Машаран некъ-гечо даьстина,
Заманан багара
Кхин цунна вас ца ян дош доккхуш,
Со реза хир вара
Кийрара тIаьххьара садаккха.

Йоьдучу заманан
Йозанаш лехьадо ойлано…
Хан кхаьчча, самукъне
Шен забарш юьтур ю къоналло.
Гиччош тӀехь, йис санна,
Шарлур бу, лепар бу къоьжа чо,
Дог хьоьстуш я делош,
Юха а догӀур ду керла шо.

***

Шайхалла дац вайца,
Къайленийн шалха шад баста.
ДIадевлларш, гулделла,
Вайн дола дирзина, хаьдда.
Къайлах ду кечдинарг,
Шен куьпахь вай делхо, хьеста,
Кханено. Вай цуьнга
Шеконца ладоьгIна лаьтта…
ТIекхийда вайн кхане,
Ойланийн шеко ю шийла.
Цадуьйцург чаьмза хир,
Мерза хир кечдинарг мийла.
Дог къуьйлуш, тIекхийдарг
Шеко ю, ша санна, шийла…

***

Шена тIулг ластийча
ТIам тоьхна, дитта тIе даьлла,
Хьозано, шакарца дистхуьлуш,
Шен маттахь аьлла:
– Стаг велахь, вешар вац,
ТIулг кхуьйсуш, хьозарчех лета.
КIиллочо, хьажийна,
Кхоьссинарг шена ца кхета…

# Дахаран билгалонаш

Диц ма де: ас пурба делла,
Дог юккъех, ши ах еш, декъа.
Цу чуьра нур хилахь делла,
Іожалла ма хуьлда декъал!

***

Дахар цхьа забар ю,
Іуьйренаш хьоьстуш.
Ойланаш Іехайой,
Хелхаро цоьстуш –
Сакъуьйлу Іийжам бу
Хьацарлахь гоьллец.
Тем боцу къийсам бу
СинтIамарх боьлла.

Дахар цхьа дуьне ду –
Даьржина некъаш.
Генара, гергара
Коган лар текхош.
Кирхьа ду, цкъа малхо
ЗIаьнаршца тоьгуш,
Цул тIаьхьа йочанийн
Ткъевнашца оьгуш.

Дахар цхьа кийсиг ю
Хан яккха елла –
Оьмаран декхар ду
Духалург делла.
Цо, юьхь-дог ца кхоош,
Човхавой боьха,
Йиш йоцчохь схьалоций,
Декхар дIадоьху…

**Лазийнарг дог дара**

Летта дов дацара,
Герзан чов яцара –
Хазийнарг дош дара.
Лазийнарг дог дара…

Дуьхьал ца олуьйтуш,
Вадарх ца волуьйтуш,
Синметта кхийтира –
Кийрахь ов Іийдира.

Ца тайнарг къахьделла,
Мархашца лахъелла,
Стигланаш йилхира,
Латтанаш лилхира…

ТІебоьжнарг лам бара,
Байинарг чам бара,
Хазийнарг дош дара,
Лазийнарг дог дара…

***

Хьаам байна,
Ойла карзахъяьлла,
Харцо эцна
Зулам арадаьлча,
Маьлхан бIаьргаш
Лаьтта Iенаш боьлху,
Кхераелла
Стиглахь мархаш хьоьлху.

Гина суна
ДегIан чархаш морцуш,
ТIамо дахар
ЦIеран кхерчахь хоьрцуш.
Гина лаьттахь
Дахар паргIатдаьлча,
Маьлхан марахь
Iуьйре серлаяьлла.

***

Лаьтта тIехь адамийн
Дахаран юкъ йоьллуш,
Некъаш ду деха я доца.
Шен некъан дин лоьллуш
Воьдучо, некъан урх
Я мела, я юлий лоцу.
Поп санна, дегI хиларх,
Цхьаъ мохо леставеш,
Пиллигах, некъах галвоху.
Чуьрк санна и хиларх –
Цакъарлург, хьуьнаро
ГIаттийна, мох санна, вогIу…

***

Селхана, «лам уьйуш»,
Къонахчун къамело лаьцнарг,
Тахана сий дойуш,
Цхьа аьхза, хьаставели.
Хьозанах тарделла,
Даьссачу даго шок лекхна,
«Къонахчо» йихкина
Стогалла-м» ястаели…

## ДоттагIчуьнга

Сан доттагIа,
Даго дош ца къуьйлуш,
Тешам чIагIбеш,
Биъна вайша дуй.
Даг чу боьжна,
Хьуна серлабуьйлуш,
Марсабуьйлу
ДоттагIаллин суй.

Дукхавезна,
Доза доцуш хаьдда,
Хьан марзонехь
Зовкхе яьхьна хан.
ВогIуш вайча,
Воьлуш, дуьхьалхьаьдда,
Лиъна, ваьржаш,
Марахьарча хьан.

Хьох пебетташ,
Деган боьра хиъна,
Шалха къайле
Ца хьулъелла сан.
Хьан сингаттам,
Къаьхьа Iуьйшуш, биъна,
Мерза диъна
Хазахетар хьан.

Хьаьдда йоьду
Зама, ойла Іадош.
Тешам байна,
Цуьнга хьуьйсу вай.
Де мел дели,
Цхьацца хьаса хадош,
Ийзадо цо
Дахар тегна тай…

Вайн жималла,
Дагах барташ дохуш,
Герга кхийдаш,
Дуьхьалъеттало.
Сатийсамийн
ГІенаш карладохуш,
ВогІу бохуш,
Хийла ларво хьо.

***

Ас дагца туьйсина
Дитт хьокхуш
Ирйина байташ
Бакъдац, ца язйина
Сайн дашах
Тамаша байта
Язйина, мел дукха
Хедадарх,
Кхоам ца хеташ,
Дахаран маргIалех
Хьokx туьйсу
ТоммагIаш теда…

***

Дукха хьестахь,
Коча Іемий
Беро бала бо:
Божаберо,
Зудаберан
Амалш лехьайо.

ХІинца-м иза
Ненан ховха,
Жима «Іахар» бу
Хаац кхана,
Воккха хилахь
Цуьнах хІун хир ю-м…

***

Ас дагца туьйсина
Дитт хьокхуш
Ирйина байташ
Бакъдац, ца язйина
Сайн дашах
Тамаша байта
Язйина, мел дукха
Хедадарх,
Кхоам ца хеташ,
Дахаран маргӀалех
Хьокх туьйсу
ТоммагӀаш теда…

***

Дукха хьестахь,
Кòча Iемий
Беро бала бо:
Божаберо,
Зудаберан
Амалш лехьайо.

ХIинца-м иза
Ненан ховха,
Жима «Iахар» бу
Хаац кхана,
Воккха хилахь
Цуьнах хIун хир ю-м…

***

Ма дийца, сацийта –
Ца оьшу кхин.
Цхьа дош ма хазийта –
Эрна ду и.
Стигла бохь кхаьчнехь а,
Со бен вац со.
Багахь лом лаьцнехь а,
Хьо бен вац хьо…

## Бералла

Суо цхьалха висинчохь
Ойланех туьйсуш,
Бералло шерех чекх
Сан гІенаш кхоьхьу.
Шабаршца генара
ДІадевлларш дуьйцуш,
Заманан кийрара
Марзонаш оьхьу.

ХьошалгІа лекхало
Буьйсанаш, денош,
Берзинчу когашца
Ченан кІур гІиттош.
ТІекхийда, сан шерийн
Еха юкъ хедош,
Бераллин уьйрашца
Зовкх хьега хІиттош.

Лаамза, лаамца
Идийна некъаш
Сан дагах къийзало,
Шалхо гуо туьйсуш.
Тийналлехь кхерстадо
Ойланийн нека,
Дахаран Іуьйрене
Кхача сатуьйсуш.

Коьртан чо кIайбина,
Къоьжа кIац тесна,
Сан делкъе, де кхачо,
Суьйренга леста.
Сагатлой, бераллах
Ловза сатесна,
Хъагбелла сатийсам
Бералле кхерста.

Бакъ дац, ца дицделла
Марзонан гIенаш.
Уьш, дуьйшуш-гIовттуш, сан
Ойланехь деха.
Замано, такхийна,
Кхачаварх гена,
Со юхавоьрзур ву,
Баралла леха.

## Де дIадели

Де дIадели,
Сирник санна, дагьна,
Серло ешна,
Кхийдош маьркIаже.
Ойла охкуш,
Даг тIе хIуьтту кIаьгнаш:
Де дIадели,
БIаьрса кхачош шен.

Долайоккхуш
Ирсах йоьгIна гIала,
Цхьаъ тIеийци
Хазахетаро.
Важа – пекъар –
ЦIийнах-цIарах вала
Араваьккхи
Къацахетаро.

Цхьаъ дуьнен тIе
Вели цхьаннан метта.
Важа – хIинцца
Вара… ХIинца вац.
Велавелла,
Вовшийн маракхетта,
Шимма яьсти
Дегнийн гIура – вас.

Де дIадели,
Маьлхан серло ешна,
Бода керчош,
Къайладели и,
Хазахетарш,
Халахетарш лезна,
Лаьтта юхадоьрзур
Доцуш кхин…

***

Бохь лепаш, чо лепаш,
Хаза-м бу коьртара куй.
Коьртана-м, ца Iебаш,
Хийламмо кхуссу шен туй.

***

Чо боьжна, мас йоьжна,
Хье-бIаьштиг-м тилла,
Дахар кхин ца хьаьжна
Чу хьекъал дилла.

***

Сан деган иллеш дац
Іамийна, ког тоьхча, кхера.
Уьш, довлуш, дуьссур дац
Харц-Солтин вортанна тІера.

***

Сан дахар – сан къийсам
Сан кхане – сатийсам
Ойланаш – сан гІенащ,
Сох дуьзнарш, ца Іебаш…

## Диц ма делахь…

Некъан юкъ юста йиш йоцуш,
Стиглара седа бу генахь.
Седане Ӏалашо лоьцуш,
Мел догӀу де кхачаделахь.

Тарлуш дац тӀекхача алий,
Шеконех тешна, ма Ӏелахь.
ДегӀ малдеш, партал а валий,
Хан-зама эрна ма елахь.

Хьан дайнарг, ахь хьегнарг лоруш,
Седане кхочур ву тӀаккха,
Паналлин гӀушлакхе волуш,
Кураллах дог херадаккха.

Ницкъ кхаьчна, Ӏаьршашка ваьлча,
Лахенаш ма хета атта.
Хьайн цигахь самалхадаьлча,
Йиц ма е хазалла лаьттан.

Диц ма де: ца хиъча лела,
Лакхара, ког шерший, вужу.
ТӀебазлой дуьненан белам,
Сий, доьлхуш, доркъана дужу…

***

«Ас динарг! – схьадал и!» –
ДӀадеха,
Дош-даше даьллачохь
ТӀехтоха,
Бешболу дика болх
Биталахь,
И оьшург садала
Виталахь…

***

Куралло ватIийна,
Дозалло Iадийна,
Дуьненал воккха хьуо хеташ,
Дог хьаста дош доцуш,
ХьагI яста дог доцуш,
Кийрара этIадеш,
ЖIаьлин «гIалх»-летадеш,
Ахь йинчу Iамало
ДIавоьху. ДIавало,
Гулдинарг дIахьо хьайн четахь.
Диллина де кхаьчна,
Iожалло лаг лаьцна,
Къиноша хьарчийна,
ДегIан чарх харцийна,
Да волчух хадийна,
Рицкъанаш кхачийна,
Деэшнарг, дан амал доцуш,
ХIун диси хьан долахь?
ХIун диси хьан хьолах?
Дуьнено кхайкхийна,
Хьан дарже кховдийна,
Эхартан сагIина
Некъ мел бу Iанийна,
Хьуш долу цхьа неIалт доцург…

***

ДӀайоьду яхъелла буьйса,
Корах чу беттан нур кхуьйсуш.
ГӀелделла седарчий хьуьйсу,
Боданах серлонаш туьйсуш.

Текхийна ойланийн ворда,
Дуо санна, бистина корта.
Йистйоцу дуьне ду шорта,
Ца оьшу и кхачо гӀорта…

## КІант кхуьу

Хьацаран чопашлахь
Дахарехь гулдинарг эцна,
Вай денош дагардеш,
Берг тесна дІайоьду зама.
Сийначу синтарах
МаргІалан буьйда дегІ хецна,
КІант кхуьу, хаддаза
Декадеш мерза дош – «Мама».

БІаьргаш бу самукъне,
Коканийн бос хьерчаш, Іаьржа.
Бад санна, техкина,
Буьйда дегІ долало тайна.
Лаьттах ког тийсалуш,
Хьаьддачохь хазалла харжа,
Берана дуьххьара
Стиглара маьлхан сурт дайна.

Шен нанна уллора,
«Дидиш!!! – и схьадахьа», – бохуш,
Даржийна, цо стигла
Кхийдадо кегийра куьйгаш.
Малхо шен забарщца
ЗІаьнарех нур-хьесий дохуш,
Беран юьхь елайо,
Геннара бартбаккха кхийдаш.

Кхузахь дІаболалой,
КІентан некъ дахаре боьду.
Кхане ю, шен хьаша
ТІеэца сатесна, хьоьжуш.
Дуьненан хазалла,
Цецкхетта, бІаьргашца тоьдуш,
Денлучу хьекъало
Хаддаза сирла бос хоьржу.

Стигланийн аренаш
Ца кхачош дІауьду гена.
Лаьтта тІехь эзарнаш
Некъаш ду коган урх хеца.
НеІ тоьхна, меттара
ГІаттийна, хан йоцчу хенахь,
(Сих ма ло), кханено
Вуьгур ву хьох догІург эца…

***

Хиш, лаьмнаш, аренаш,
Стигланийн даренаш,
Дийнаташ, адамаш,
Дахаран лазамаш –
Ойланийн сихалло,
ТIекхийдош, шен гурахь лоьцу.
ТIаккха уьш гул а лой,
Суна шайх бала бой,
Маьхьарийн гIов детташ,
Дагах шайн кадетташ,
Сан деган готтачу
Херонех чукхийдаш, соьцу…

## Кехаташ къарздархой…

Йозанан бакъонаш
Къиношлахь шелйина,
МаьIница сакъуьйлуш,
Чулацам гIелбина,
ГIевттина тахана
Поэташ, яздархой –
Шекъанан чорпица
Кехаташ къарздархой.

Ца оьшу бала бу
Сий даккха тIелаьцнарг,
Ца оьшу гIайгIа ю
Ял яккха салаьцнарг.
Хорамо сакъуьйлу,
Дош лелха дарделла,
Дуьненах чам буьйлу,
Дог доьлху къарделла…

Берзина баьккхина,
ЮьхьIаьржа хIоттийна,
Дош цIарматдаьккхина,
Мотт акха гIаттийна,
Кхардамийн бала бу
Сий даккха тIелаьцнарг,
Харцамийн гIала ю
Ял яккха салаьцнарг.

Хьаьрк къовла ца хІуттуш,
Даймохк бу хьийзошберг,
Даг чуьра луьстуш дац
Безамах дестош дерг.
Чемхалган мах боцурш
Къонахех тарбина,
Хьестамийн чот йоцуш,
Йозане шарбина.

Ца догІу Іилма ду
Бодашлахь лехьошдерг,
Ца девза дахар ду
КІамдина хьехошдерг;
Давала! Дависа!
Поэташ, яздархой –
Шекъанан чорпица
Кехаташ къарздархой…

## Евлла мерах, хьех…

Коча туьйсуш Іаьржа хьаьркаш,
Дахар бехдо вай:
БІаьргаш боцург нехан бІаьргахь
Карон гІерта кІай…

Шина шайнан меха воцург
Баьрче кхийсало,
Адамаллин хьаса боцург
Даржах тийсало.

Ала доцург ала гІерташ,
Маттах Іийдало.
Хьеха доцург хьеха гІерташ,
Дашехь къийсало

Тешам боцург, малик хуьлий,
Тешо гІерта шех.
Шалхонех ма бала хилла-кх –
Евлла мерах, хьех…

***

«Собарде,
Со баьрче валийта,
Вахлур вац,
Цхьа ши дош алийта». –
Хьех-мерах
Чекхбуьйлу хьехамаш –
Мох лоькху
Хардангийн Iехамаш.

Айпечу
Кхетамна хьакъдина,
Мел хезнарг
Дуьтур вай, бакъдина.
Кхул тIаьхьа
Ведча со валийтахь,
Зовкх дар-кха
«ТIитI» дIа ца алийта…

## ТIе ма да хьо!

ТIе ма да хьо –
ГIизби ваьлла лелар,
Хьаставелла,
Дог ца догIуш велар.
Iехавелла,
Тешамбоцчух тешар,
Хьераваьлла,
Латта эрна хьешар.
ТIе ма да хьо
Аьлларг аьлла доцуш,
Доьша даар
Бен, кхин гуьнахь доцуш,
Каро лаарх,
Коган тача доцуш,
Дуьне даар,
Велла-дийна воцуш…

## И дуьзна даьлча…

Замано, дагардеш,
Гали чу шен денош кхуьйсуш,
Кхеххкачу дахаро,
Дуьненан кхерчахь кIеж туьйсу:
Дуьххьара де доло
Масане дуьнен тIе волу?
Масаннан кийрара
Саозор тIаьххьара долу?

Ойлано лечкъадеш,
Заманан «багара» дохуш,
Шен кхиэле хIиттадо
Дахаран билгала денош.
ОхI! – бохуш, кийрара
Даккхийра синош а дохуш,
Дог-ма Iа къайллаха
Доьлуш я сингаттам Iенош…

Тховса а, хан йоцчу,
Адам дIатийначу хенахь,
«Къоланна» сан ойла
Заманан «гали» чу кхерста:
Цу чохь ду бералла,
Ас вогIуш дитинарг генахь.
Дуьххьара чам кхетта
Безам а цу чуьра къеста.

Цу чохь ду ас хIинццалц
Идийна бес-бесар некъаш.
ХIун дуьсу шайна чохь,
Шайна тIехь цара ца оьхьуш?
Я текъаш, я иллин
Мукъамехь самукъне декаш,
ХIинца а цара со
Саццаза шайна тIевоьху.

Селхана дахана
Де а ду тIехула лаьтташ.
Иза а лоьхур ду
Ойлано, цхьа зама яьлча.
И-м и ду – кхин ду со,
ЛадоьгIна, ойлане лаьттарг:
Цу галех хIун дер-те,
Замано и дуьзна даьлча?..

***

Эрна хета
Лоьрех дагавийлар,
Эрна хета
Дарба-молха мийлар –
Дагах боьлла,
Бода дІа ца балахь
Накъост воцуш,
Къаьхьа муьйлу бала.

Кху дуьненан
Марзо йолац чомах,
Хийра хеташ,
Дахар хьоьжу гома.
Ойла огу
Мекха дІа ца ялахь,
Гечо хилац,
Вадарх-хьадархь, вала…

## Ирсан чо

И дара бераллин Iуьйренан генахь
(Муьлха шо, муьлха де – вицвелла со):
Коьрта тIехь хьийкъинчу сан месийн кенах
Леттера кIайбелла беккъа цхьа чо.

Сирбелла и гинчо, «ирсан чо» аьлла,
Со тешош, дайдина, куьг хьора тIе.
Дуьне а хетара сайн доладаьлла,
Дог цунах шекдаьлла дацара де.

ХIун хаьа: тиларна, божарна кхоьруш,
Леррина ларбора ас и цхьа чо.
Со Iашшехь, гуш боцу сатийсам къоьруш,
Шерийн дой тIехтили иттанаш чохь.

Заманан Iаьнарша лайн чопа тоьхна,
Коьртан чкъор дIашарди, пусар ца деш.
Сатийсам, дIабайна, дIабели боьхна,
Дог холча хIоттийна, со бехкевеш…

***

Цахиндерг дестадарх,
Вирах дин балур бац.
Хинвоцчух, хеставарх,
Къонаха валур вац.
Стигла куьг кхийдадарх,
Седане кхочур вац.
Лаамо хьийзаварх,
Доцу сий лоцур дац…

***

Ма Іилла дІатовжий –
Меттара гІатта:
Садаьгна кхачор ду де.
И юхадоьрзур дац,
Іункара латтарх,
Кхин цунна кхочур вац тІе…

***

Жималлехь кхетамо
ГIалаташ эгадо,
Са терса аьрхалла
Хийра ца хетало.
ДIадевлларш ойлано,
Бух оххуш, кегадой,
Хан яьлча, юьхь йохуш,
Замано кхетаво.

***

Дуьхьалдуьйлуш бакъ я харц,
Дахар листа атта дац.
Кху дуьнено, Іехавой,
Берда йистте текхаво.

Малонашка эшалахь,
Халонашка хьешалахь,
ЧІанавоккху декхаро,
Аравоккху бекхамо.

Сий кхачийнарг къардина,
Сийлахь даха лардинарг,
Даха дуьсу дахарехь,
Деба дуьсу бахамехь…

## Кешнашкахь ойланаш

Кху кертахь цхьа а вац
Меттаххьовш, дийна –
ХIоранан хIусам ю
Тапъаьлла тийна.
Гаттий ду урамаш,
ТIедоьлху некъаш,
Цхьа а вац дахарна
Велалуш, текъаш.

Дозанаш билгалдеш,
Керташ яц гонах,
Махьмара ваьлларг вац,
Ву бохуш къонах.
Базаран басарш дац,
Бац къера дуйнаш.
Дарбелла вовшашна
Лестабац буйнаш.

ГIишлошна пенаш дац
Бухахь, тIехь дуттуш,
Лулахой ца хьуьйсу,
ХьогIан бIаьрг хIуьттуш.
ХIусамехь партала
Ага дац техкаш,
Пеша тIехь, Iаь гIуьттуш,
Яй а бац кхехкаш.

Цхьа а вац хьуьхьвоьлла,
Синмерзаш хаьдда,
Да волчух ца Iебаш,
Рицкъане хьаьдда.
Дуьне а ца тоьънарш
Кху кешнийн кертахь,
Дов доцуш, тIом боцуш,
Бехаш бу бертахь.

Даьхний дац, жаш а дац
Цанашлахь дежаш.
Цхьаннен а бахам бац
Воккхавеш хьежа.
Цхьаъ бу хIорш берриге
Тайпанан, цIийнан,
Харц я бакъ дуьненан
Куьйланехь Iийна…

***

Дуьнен тIе ваьллера –
ХIинцца.
Пхийттара ваьллера –
ХIинцца.
ГIеметта хIоьттира –
ХIинцца.
Тешийнарш моьттира –
ХIинцца…
Къоьжалло хьулвина –
ХIинца.
Кадаьлларг гулдина –
ХIинца.
КIант вуьту сайн метта
ХIинца.
Къарвели – со кхетта
ХIинца…

***

Цхьаммо – «ХIорс!» – бехира,
Букар-бохь эхира
ЙоI хелхаехира,
Къайлах дог дехира
Ловзаран хьеречу гонехь.
Баьрчан гIант къийсинчун –
Кураллех сийсинчун
Коган лар яйнера,
Вацара (вайнера)
Махкана доьссинчу вонехь.
Куьг хьокхий, велаво,
Баланийн эла во,
Замано лийсинчу
Къайленех тийсина,
Чолхе ду дахаран некъаш:
Са мере кхачадой,
Хелхар цкъа лацало,
Иэхь-бехкан кхардамах
Вадарх ца валало –
Ца бойту дахаро бегаш…

***

Гу тIе ваьлларг – товш,
Бердах вахнарг – вовш,
Цхьа дуьне ду хьо,
Хьан шуьнехь ду тхо.

Цкъацкъа – деладеш,
Цкъацкъа – бала беш,
Ахь тхо ловзадо,
ТIаккха – совцадо…

## ЦӀий молчу тойнехь

Къаьркъанаш –
Саболу шишанаш –
ЧагӀарех юьззина
Гуьмалкаш.
Даараш –
Хьозанан машанаш –
Цхьа ирча
Беламе хӀуьмалгаш.
Адамех Ӏийдина
Даьккхина,
ЦӀий кхехка
Хьожанца
ПхьегӀаш чохь.
Цунах шен самукъа –
даьккхинчу
ШайтӀанан хелхаро
БоьгӀу бохь.
Ца догӀу дозаллаш
Къекъадеш,
Цхьаъ вуьйцу,
Ӏаьршашка айвина.
Ангалин зевнашца
ИэтӀабеш,
Сан корта
Эвнаша базбина.
Сан меттиг
Яц хӀара –
ДӀавоьду:

ЦІий молчу тойнехь
Сатохалац.
Кхул тІаьхьа
Ма кхайкха,
ДІавоьду:
Кхузахь сан
Бат тоха
Рицкъа дац…

***

Гуро шен катоьхна
ДегI лаьцначохь:
«Ва орца! Ва орца!» –
Ма бетта мохь:

Даима берзан а
Ца йолу ка –
Цкъа хьаьрча
Цистинчу Iахарийн къа…

## Дуьне ца хиллера доккха…

Дуьне ца хиллера доккха,
Ца хилла суна ма-хетта. –
Дерриге, тарделла хIоккха,
Сан деган горгамах летта.

Деган кIаг ца хилла готта,
Ца хилла суна ма-хетта.
Цу чохь шен ког хеца меттиг
Карийна дуьненна шортта.

Цу чуьра, кийра муьрг етташ,
Цо дегIан садоьIу довха.
Хьацарца дагах Iаь етташ,
Кхеххкайо дахаран гIовгIа.

Сагатдеш, цу чуьра Iийжа
Сиркхонаш дуьненан дегIан.
Язъелча, ца хIуьттуш йийша,
Наб яйна буьйсанаш хьегIа.

Къера ву: дуьне ца хилла,
Ца хилла цецваллал доккха.
Сан даг чу хьулделла Iилла,
Хан тоьхна, тарделла хIоккха…

***

Сан кхоллам, хьан соьца
ХьагI-гамо яцахь,
Ма гIаттавелахь со,
ЦавогIург вай.
Ца лиъна хастамийн
Дукъ коча лаца. –
Виталахь: со-м Делан
Цхьа пекъар вай.

Ас даг чохь кхиийна
Ойланаш хуьйцуш,
Хьакъдоцчу даржан да
Ма велахь сох.

Со Iехо, дуьненахь
Хиндоцург дуьйцуш,
Лерехь ма лекхалахь
Шовкъ йоцу мох…

***

Цкъа декхна де догIу,
Маьлхан суй кхуьйсуш;
Серлонан са огий,
ТIейогIу буьйса.

Цкъа дуьне ловзадо.
Дуьнено – тIаккха,
Чухчарех хьовзавой,
Ша марахдоккху…

## Плагиат

Дин буьгуш ца лаьцна,
Ца лаьцна кIари чу ваьлла –
Къоладеш къу лаьцна,
Байташца зорбане ваьлла.

Цо ойла лачкъийна,
Кхечуьнан синлазам биъна;
Цо байташ лачкъийна,
Кхечуьнан даг тIера кхиъна.

Лачкъийна, батто шен
Садогу седарчий кхуьйсуш,
Кхечуьнца левзина
Юкъал тIехъиккхина буьйса.

Хазаллех даьгначу
Ма кхоам бара-кха церан!
Цо лечкъош кхехьначу
Зезагийн бос баьхьна тIиэра.

Лечкъаргех левзина,
Байташца эвхьаза ваьлла,
Плагиат вевзина,
Зорбанан агIоне ваьлла.

Етт буьгуш ца лаьцна,
Ца лаьцна корах чуваьлла –
Къоладеш, къу лаьцна,
Авторан дагах чуваьлла…

***

Куьйгашца иэхь динехь,
Зуламех бехдинехь,
ТIеIенаш Терк хиларх,
Хьекхадеш, мел диларх,
Ца цIандо сабано,
Ца цIандо замано,
Эрна ду сахьегар,
Эрна ду къахьегар…

## Сурт

Хьажахьа, мел хаза даьлла,
ДІо пенах кхозу и сурт:
Цхьадика, гуча-м ца баьлла
ДІовш кхетта даг чуьра гІурт…

Бустамех кечбинчу гурахь
Дика-м ву меттах ца хьовш:
Чурта тІехь, каш-барзан лулахь,
Хир вар-кха цигахьчул товш…

***

Ца догIург кIамдина,
Нах боцчу наха,
Багахь мотт шарбина,
Къонахий буьйцу:
Ца лало, дог тоьгуш,
Чекхбуьйлу маха. –
Дезалац иэрех дерг
КIанцIарша дуьйцуш…

## Іаьржа цициг

Цхьамма, лестош, тІулгаш кхуьйсуш,
Кхечо неІалт дуьхьалтуьйсуш,
Іаьржа цициг дара лелаш,
Идош хьаштийн доьхна некъаш.

Хаац, хьанна хІун динера,
Хьенан бен чохь карийнера.
Бехке доцуш, хатІе хилла,
Пекъар лела бала хилла.

Адам долчохь сема тебаш,
Горгам хилла, къайлехь хебаш,
Іаьржа цициг къехкаш лела,
ЦІока Іаьржа йолу дела.

Аьлларг хилча, цо и цІока,
Кхин бос лехна – кІайн я мокха –
Тарлуш дар-кха, басардина,
ПаргІатдаккха доцчу къинойх.

Вайна санна, мерза делла
Маьлхан дуьне дезаделла,
Цхьа са ду и бехке доцу,
Адамашкахь тешам боцу.

Іаьржа бода даг чу летта,
Къовлабелла, ойла етта,
Лелачуьнга некъан дика
Лацалур дац. Цициг дита…

***

Сихо мелла
Ойлаяр а доцуш,
Дош дIакхоссахь,
Воцуш цуьнан да,
Дохковаларх,
Дог шен бале лоцуш,
Вуьтур ву цо
Шен юьхьIаьржо лан.

## Даге

Дийнахь-буса
Сацар-хIоттар доцуш,
Дукха лаьтти
Хьо сан дегIан хехь.
Маржа, дог хьо,
Кхин мекарло йоцу,
Суна хIинца-м
Хьох ма хета иэхь.

Ца моьттинчохь
Дегабаам хилла,
Со къарвина,
Соцур ду хьо цкъа;
Сан лаамийн
Кхерчара дIатилла,
ПаргIатдаьлла,
ДоIур ду ахь са.

Цкъа эххара,
Сан ойланаш кхачош,
Бекхам эцна,
Iебар ду хьо сох.
Дийнахь, буса
Хьо йийсарехь дацош,
Iийнарг вуьтуш
Цкъа набкхеттачохь.

Мало йоцу
Лай, хьадалча хилла,
Дукха лаьтти
Хьо сан аьлларехь.
Деган жима
Пекъар, бехк ма билла
ХIинца суна-м
Хьох а хета иэхь…

***

Цкъа цхьаммо-м элира,
Шех лаций яздехьа илли,
Дешан шовкъ ца кхоош,
Къонахчун локхалле виллий.
Цецдаьлла, мотт сецна,
Даго со тергал ца вора,
ОьгIазло йоьссина,
Кхин суна аьлларг ца дора…
Ца доьгIна хиллера,
Дош кхардош и илли ала;
Диси и, ца лиъна
Харцонца дуьнен тIе дала…

## ТIаьххьара буьйса

Сагатдеш, дIайоьду
Декабран тIаьххьара буьйса,
Сиркхоно даздина,
Цхьажимма дегI могаш дац.
Ойланаш, гулъелла,
ДIадаьлла шо кегош, хьуьйсу,
Уьш тховса, дош аьлла,
Шайниг ца хьахийча Iац.

Шена чохь мел лелларг
Яьгначу марзонца оьхьуш,
Деладо, делхадо
Даьгначу шаро сан дог.
Тховса цо тIаьххьара
Керлачех некъ-гечо хьоьхуш,
Керлачу шаре ас
Юха а кховдабо ког.

Атта дац дIатаса
Хан йоккхуш чохь ваьхна пенаш –
Сан некъан хIусам, ас
Дийнна шо даьккхинарг чохь,
Цкъа мацца, генара,
Цунна сайн сингаттам Iенаш,
Аз гIиттош, айвелла,
Ас цуьнга тухур бу мохь.

Хазделла, къонделла,
Тховса со шега дIавоьхуш,
Керла шо тIекхийда,
Самукъне шен бIаьцаш еш.
Витахьа ойла ян…
Гой хьуна, гIайгIанехь оьхьуш,
Даханчу шаро шен
ТIаьххьара суй багабеш?

***

Со-бере,
Шед тоьхна,
Човхийна,
Зама-дин хаьхкина вогIу,
ДIо берде
ДIакхаччалц юкъ йолу
Некъ юьхьарлаьцна.
Когаш ас,
Сайн нуьйрахь чIагIвала,
Луьйтанех боьгIу,
Архаш а,
Буй къовлуш,
Лааме дин берзо, лаьцна.

Тоьар ду,
Ахь шегахь латтийна
Ницкъ-бала аьлла,
Цкъа мацца,
КIордийча,
Дино со кхуссур ву бердах.
Кхин эцна
Сан метта,
Юха а боларе баьлла,
Зама-дин
Хьодур бу хьалхахьа,
Лан декош берган…

***

Оьмаро вадийна,
Хан гена яккхарх,
Дахар дац
Валлалц бен доцург –
Іожалло дІаваьхьча,
ЦІе карлаяккхал,
Лаьтта тІехь
Коган лар йоцург…

***

Лаамна ма-хетта
Дахаран чам кхетта,
Безамо тешийна,
Къоналло Iехийна,
Цхьа зама ластийра вай!..
Са кхиъна валале,
Собарде алале,
Шерех шен кадетташ,
БIаьргаш чу чан етташ,
ГIан хилла къоналла яй.

Ойланийн цIе летта,
Ас шийла мохь беттарх,
Сох йогIург схьаэцна,
Ког-йоргIа юм эцна,
Сан хьаша-м дIатили кех.
Марзонан кхерч боьхна,
Цаваьлла, сатоьхна,
БIаьркIаьгнаш Iовжийна,
Саготте хьовзийна,
Чекхтили ворхI ломал тIех.

***

Ца оьшу дог доцу дикалла,
Ца оьшу шовкъ йоцу илли –
Ца лаахь, ницкъ ца беш дитал и,
Ца кIамдеш, шен меттахь Iилла.

***

Юцарх керташ, боца
Мох ца сецало.
Даьхни даларх, доцу
Сий ца эцало…

***

Хьалдолчу, товшдолчу
Духаршна, жовхІаршна юккъехь
Беркъа дог, сет санна, къеста.
БІаьрг хІутту куц долчу
ДегІана тІехтуьлий юххех,
Чам байна, ойланаш леста…

***

ІиндагІех таръелла,
ДегІан чарх-м текхар ю лаьттахь.
Рицкъанах чам кхетта,
Мацвелча бузур бу кийра
Дуьненах там хилла,
Лелар ву ма-луъу тилла.

Гулдинарш дазделла,
Хецалуш, буйнара яьлла,
Аталуш яьржина,
Юхур ю сацкъаран кхийра.
Кхоамза дожийнарг
Замано когашца хьаьшна,
Лар йоцуш дІадер ду,
Ойланийн хьацарлахь дешна…

***

Къийго, дIо некъайист къарйина,
Къекъабо маьттаза мохь.
Ца ловчу куьйланца дарбина,
Пхьола до сан коьрта чохь.

Аьрзунах таръяла гIаьттина,
Баржийча Iаьржа ши тIам,
Хиллера къийгана моьттина
Бохь лаьцча кхачор бу лам.

Сахаддалц цо тIемаш диттира,
Лакхене ца кхачалуш.
Кийрарчу маьхьарца гIиттира,
Къиг хилар шена ца гуш.

Цаоьшург ойлане хIоьттина,
Эрна ду къахьегар тIех.
Аьрзунах таръяла гIаьттинарг
Тера-м ю ма-ярра шех.

ХIун до вай, дахдина дийцина;
Къийган ю багара Iаь.
Шен йоцу локхалла къийсинарг
Экккхае гучуьра дIа…

***

Ткъес санна къевкъира
Ахь аьлла дош,
Багара кхевсина
Алу латош.
Дог Іай хьан ладоьгІна,
Меттах ца хьовш,
Шалхонца шегара
Даьлларг ца товш?
Дог Іай хьан хьацарлахь,
ЮьхьІаьржо ловш,
Да воцу даьсса дош
Чим хилла довш?..

***

Со-м ваьлла дIагIур ву
Кхин ца ван, кху лаьтта тIера
ТIаьххьара цуьрг диъна,
Кхачийнчу рицкъанах хедаш.
Сан лаам буьсур бу,
Йихкина юкъ йостуш, сецна
ТIаьххьара дахаро
ДIахьажош аьлла дош хезна.

Со ваьлла дIагIур ву,
Марзонийн лулара ваьлла,
Кхолламаш йозанаш
Совцур ду, сиз хьаькхна девлла.
ДIагIур ву, некъана
Хьарчийна сайн ларча эцна,
Лаамза совцийна
Кхана сайн кхочушдан дезнарш…

***

Ца оьшу
Бохь бегIа
Хийрачу
Ловзаран гонехь.
Ца оьшу,
Кхийсалуш,
ТIехвийла
Шен доцчу вонехь.
Кхайкхаза
Ваханарг
Юьхь йоцуш
Доттаза вогIу,
Ца лозуш
Бихкинчу
Коьртан хье
Лозур бу, боху…

## Хьо-м дӀаваха

***Дахар дуьтуш вайна юкъара дӀакхелхинчу яздархочунна – Талхадов Хьамзатна лерина.***

Я, дош аьлла,
Воьду-вуьту доцуш,
Забар йина,
Велавалар доцуш,
Хьо-м дӀаваха,
Юха ца ван, ваьлла,
Маьлхан Ӏуьйре
Йоьлхуш тӀаьхьаяьлла.

ХӀу дӀатесна,
Аре аьхна ваьлла,
Сатийсамийн
Лаам паргӀатбаьлла,
Хьо-м дӀаваха,
Дахар дуьтуш тесна,
ТӀаьхьа кхайкхарх,
Ла ца дугӀуш сецна.

Синтем боцу
Ойла лезна яьлла,
Къовладелла
Йоза сецна даьлла
Хьо-м дӀаваха,
Дуьне дуьтуш, ваьлла,
Дагахь доцуш
ДӀавай, къайлаваьлла

Яьлла йогIу
БIаьсте юьтуш тесна
Накъосташна
Ваъал дукхавезна,
Хьо-м дIаваха,
Воьду-вуьту доцуш,
Кхин, мохь тоьхна,
Керта вогIур воцуш…

***

ХIунда моьтту,
Маьлхан дуьне
Дуӳр ду вай дуззалц?
ХIунда моьтту,
Дехар ду вай
Деган лаам буззалц?
ХIунда моьтту,
Гена девлларш
Дайна, тIаьхье йоцуш?
ХIунда моьтту,
Тахане ю
Кхане йогIур йоцуш?..

***

Лан хала дацара
Юьхьдуьхьал
Гуш долу дов,
Лан хала яцара
Лазийна
Цо йина чов.
Кхин ду со кхералуш,
Кхин ду сан
Дагна ца товш:
Хан муха йоккхур ю,
Юьхьйоцу
Шалхонаш ловш?..

## Беламе делира…

Цхьаъ буьхьар хIиттира,
Цахилларш литтира.
Дийцира, бехира,
Кийрара Iийхира:

«Буьйсанаш къагийра,
Серлонаш ягийра,
Лаьтта тIехь, дендина,
Маьлхан нур къагийра.

Дуьненан ирсана
ДегIан са дагийра,
Дахаран гIирсана
Ойланаш ягийра.

Со вара, со вара
Доьналла гIиттинарг,
Чехаеш, халонийн
Юьхьдуьхьал хIиттинарг,

МостагIий къарбина,
Вайн Даймохк ларбинарг
Со вара, со вара
Соьгара уьш дара!»

ЛадегIна бакъдоцурш
Хьех-мерах девлира,
Гонаха адамийн
ГIовгIанаш евлира.

Цхьаъ, дуьхьал вистхилла,
Къамеле велира:
«Тоьар ду нисдинарш…
Сацийта!» – элира.

Туьйранаш дийцинарг
Ма-варра вевзира.
Дийцинарш нахалахь
Беламе девлира…

***

Дахаро вас ца еш, бертахь
КогхIуьттуш, зама ца ловзу.
Цо, араластавой кертах,
Кханенаш, кхачалой, совцу…

ТIаьххьарчу хьаьркан шад къовлий,
Чекхдолу кхолламан йоза.
Синхьагам буйнара болий,
Хецало, ма хиларг гIоза.

Кхочушдан кхуьур ву баьхнарш –
ДIатоьттуш, кханенга даьхнарш,
Лаамийн хьегамаш аьхна,
Кханене ладоьгIуш Iийна,
Уьш делла – ца дисна дийна…

***

Адам, ас хьуна ло
Безаман хьанделла хьоста.
Хьох хераваьлла, сан
Дуьненахь баккха ког бац.
Ас лаам кхийдабо,
Яшийна хьан ойла хьаста,
Шалхонаш кхардийна,
Харцдерг сан дийца йиш яц.

Вайн дуьне мел деха,
Кхечуьнца йишйоцуш хийца,
«Адам» ю кхолламо
Вайшинна тиллина цIе.
Цундела, цхьаъ ду вай –
ХIун оьшу, кхин деха дийца?
Ма гойла малхана
Адамаш кхачийна де!

**Дов даьлла…**

Дов даьлла
Шиъ лиэта –
ДІатуху,
Схьатуху.
Къарвала ца кхета:
Буй туху,
Туй туху…

«Хьан дена…»,
«Сан дена…» –
Маьттаза
Мотт буьйцу.
Ойлаяц
ТІаьхьенан,
Ца хаьа
ХІун къуьйсу.

ТІехдуьйлу
Адамаш
Гулделла
Гонаха.
Цхьаммо а
Цу шиннах
Къаставац
Къонаха.

Iовдалшна
Туй туьйсу,
НеIалташ тIекхуьйсу.
ГIо доккхуш,
Къаставац.
ЦIе йоккхуш,
Хаставац.

Мотт ухьу,
Туй туху.
ДIатотту –
Схьатотту.
ТIехветташ,
Цхьаъ вуьйцу.
Ткъа вукхо
Кхин вуьйцу.

Вовшашна
Дарделла,
Акхаройх
Тарделла,
Кадетташ,
Цеетташ,
Ши «жIаьла»
Ду леташ…

***

Атта хилац
Кху дахарца
Къийсавала,
Кху дахаран
Дуьхьалонех
Тийсавала.
Сакхачадой,
Сахададой,
Гатво цара.
Дийнахь, буса
Синтем хилац
Цаьргахьара

Атта хилац
Ломан басах
Ирхо яккха,
Ломан некхах
Тасавала,
Киртиг яккха:
Эшадо цо,
Кхачадо цо
ДегIан гIора.
Юхавалахь,
Сатийсамех
Воккху Iора…

Готта, шуьйра
Некъаш кхийда
Гена, герга.
Цкъацкъа – хьоьсту,
Цкъацкъа цара
Ца во тергал.
Цамоьттачохь
Бердаш хӀуьттий,
Хеда некъаш. –
Іамал йоьлу,
Къинош, доьлхуш,
ТІаьхьа текха…

***

Сан цIарах цIе тоьхна,
Кхажбаьлла, тIедоьжна дакъа,
Вадарх ца волуьйтуш,
Кхолламах тийсалуш, деха.
Карара хецалой,
Ойланаш яржалой акха,
Шерех чекх лекхало
Замано бен бинчу хьеха:

Там-товраш, кхаъ хуьлий,
Хьаамца баьрче дIахIуьтту.
Цатайнарш, чов хуьлий,
Маьхьаран орцанца гIуьтту.
Ойланийн хьацарлахь
Генара дIадевлларш оьхьуш,
Синхьаам хьийзабо
Замано, шерех чекх кхоьхьуш…

## Атта дац

Атта дац байташна,
Денъелла, дуьнен тIе йовла.
Ойланийн зайлашца,
Дош дашах дуьйцина, къовла.

ХIора дош, озадой,
Даг чуьра маьхьарца доккху,
Ойланех кхозалой,
ГIелделла са мере доккхуш.

Шайн кхерча леставеш,
Байташа, вагавой, вотту.
ТIеэшнарг дестадеш,
Юьхьйохуш, бартхатта хIуьтту.

Набкхета ца вуьтуш,
Сатассалц буьйсанийн арахь,
Чехавеш, хьесталуш,
Велхаво, велаво цара.

Атта дац поэтан
Кхолламан дукъ кочалаца,
Ойланех цIе летош,
Ял йоцу лай хилла, ваца…

***

Кхаьчначух ца Iебаш,
Геналле кхийдаш,
Вай деха, кханенга
Iалашо лоьцуш:
Цхьаъ къиза хьийзаво
Кхолламо, Iуьйдуш,
Ткъа важа гор вужу,
КхидIа ницкъ боцуш.
Ца къарлург дIагIерта,
Халонаш отуш,
Некъ лаца хIиттийна
Гечош а доруш,
Некъ бо цо, дIавоьду,
Ца къарлуш цкъа а,
Доладеш, тIеэца
ЦIетоьхна дакъа.
И, вехьаш, гIелвелла,
Йиллинче кхочу,
Цо керла кхин кхане
Iалашо лоцу.

## Гина суна…

Гина суна, лакхарчунна,
КIеза хилла, хьесталуш,
ГорахIуьттуш, «къонахчуьнан»
Къонахалла ясталуш.

Гина, лаьттахь евдда лела
ЖIаьлех лета «пхьагалаш»
ЦIийнан мехкан воцчу элан
ТIаьхье йоцу къагамаш.

Гина, шайгахь доцчу кхийда,
Iехабелла чIоьлланаш. –
Даьсса дуьне ца дисийта,
НаьIалтана кхоьллинарш.

***

Вайн белш тIе юьжур ю
Гуьйренан йочана,
Юьхь цостуш, текхар ду
Заманан охана.
Вай йогIург яьккхина
Къоналла, генара,
Ца ешаш, хьоьжур ю,
Вай хеташ хенара.

Вай бIаьрса лоьхур ду
Куьзганийн хIазаршкахь;
ДегIах кадеттар ду
Эвнечу лазарша.
Вайн уьйрийн марзонаш
Йоьрзур ю гIенашка:
ДIадевлларш лоьхур ду
Ойланийн ченашлахь.

***

ТӀаьххьара кийрахь муьрг тоьхна,
Дог туьйр ду, наб кхетча санна.
Вон деънарг хьаьвзар ву воьхна
Я мерза кхаъ хир и цхьанна.

Диц ма де, ас пурба делла,
Дог юккъех, ши ах еш декъа.
Цу чуьра нур хилахь делла,
Ӏожалла ма хуьлда декъал.

***

Сагатлой, хIинца а
Бераш́ца со ловза волу.
Бераша, юьхь ца еш:
«Ваший, хьо воккха ву!» – олу.
Хан яларх, дагера
Бералла дIа ма ца йолу.
Витийша сакъера,
Бераш, аш и хIунда олу?..

***

Маллур ю меженаш дегIан,
Бостур бу къийлина буй
ТIаьххьара ваьккхина кеха,
Дахаро къовлур бу гIуй.

Йиш хаьлла, тийналла огуш,
ЦIийзар бу аренийн мох.
Вай лелла некъан лар охуш,
Замано туьйсур ду нох…

***

ТIебеъча, бохам лов,
БIаьргийн хиш лечкъош,
Дог Iалац хьулбина
Аз доцу мохь.
ДегIан Iад дулало,
Когашка сеттош,
Даш хилла тIетаьIча
Гуш боцу мохь.
Лааме ца хьоьжу
Къинхетам боцург,
ГIенашкахь цагинарг
Кхийдадо цо
Цадевлла тIеоьцу
Вай чомехь доцург:
Диканна тIаьххье бен
Ца догIу вуо…

***

Давис-кха, дуьне, хьан!
Дерриге хIоъ-молха,
Дахарах лардина,
Сайн кийра тардина,
Эккхийта.
Цул тIаьхьа дахаре,
ДIакхаччалц эхаре,
Шен зама самукъне,
Баланийн садукъдеш,
Яккхийта…

## Ши хаттар

Хьо хIунда кхоьллина?
Хьо хIунда веха? –
Ши хаттар ойланехь,
Дазделла, деха:
Ца вуьтуш, гIиттаво,
Ханъяккха чомахь.
Жоп доьхуш, хьийзаво
Буьйсанна, дийнахь

Мел хьадарх, мел вадарх,
Ца вуьтуш вала,
Ши хаттар ца туьгу
ТIаьхьара дала:
Цу шина хаттаро,
Кочара даьлла,
Ца хета, жоп доцуш
Вуьтур ву аьлла…

***

ДIо лаьтта лам харццол,
ДегIаца гулдаларх гIора,
Ца оьшу далийта
Дозалле кховдийна дош.
Ницкъал сов ницкъ баьлла,
ХIун хаьа, вожавахь гуора,
Кхачадой, дужу и,
Нахалахь юьхьIаьржо ловш…

***

Керда де доладо Iуьйрено:
Малхо шен динна нуьйр туьллу.
Дахаро некъан дур дуьллу
Буьйсане керчачу суьйрене…

Де худий, кхачадо суьйрено,
Буьйса-м шен набарна Iуьллу.
Сирбелла дерзан хIур буьллу,
Шовкъ йойу дахаран гуьйрено…

Даима и иштта хилла:
Дахар шен некъах ца тилла.
ХIиллане амалш ю цуьнан…

Даима и иштта хилла:
Девзаш ду дахаран хIилла –
Къурд-м олу ца къарлучунна…

***

Цхьаволчо, букъ тоьхча,
ТІаьхьашха ластадо дош,
Мокхачу лаьхьанан елахь а,
Шалхонца юьхьдуьхьал къежа.
Гойту цо, кепекан
Боцчу шен механа вовш.
Иштачух, лам санна велахь а,
Хаац-кха, хІун аьлла теша…

***

Ирбина тешнабехк боьгIна,
Сан теда хьийзийна некъаш,
Суна шайн анайист йоьгIна,
ДIауьду иллешца декаш.

ТIаьхьашха шалха мотт оьхьна,
ТIехь доцчу къиноша зийна,
Бехкбоцуш кхоьллинарг доьхна,
Со лела дуьненахь дийна.

Уьйрашца марзонаш оьцуш,
Дуьненна къинтIера ваьлла,
Дог дууш, хьагI-бода боцуш,
Со лела самалхадаьлла!

***

Тховса, бIаьрга пIелгаш Iуьттуш,
Синтем хьийза карзахбаьлла.
Сан гIенашна дуьхьалхIуьттуш,
Наб а яйна, цIераяьлла.

Малхбалера серло хедош,
Кхерабелла бода уьду.
Анайистехь сирник летош,
Бага гIерта маьлхан къуьда.

Буьйсанан шен Iодика еш,
Къилбаседа къайлабели.
Сан ойланийн пусар ца деш,
Байташ тховса дуьхьалъевли.

***

Бераллехь ден йишас,
Сурт хIиттош, дийцинчу
Алмазех кхера-м
Ца веллера со.
Тахана адамийн
Зуьрето хийцинчу
Йилбазех садаллал
Кхерало со…

***

«Къонахчо»
Белш тоьхна,
«Лам харций».
Лам лаьтта,
Ша болччохь
КІажъоьхуш,
«Къонахчух»
Боьлуш.
«КІиллочо»
Къонахчун
Сий харций –
Къонаха
КІиллочун
БІаьрхишца воьлху…

***

Кураллех юьйлина,
Меженаш лестаярх,
Варкъашца вуьйлина,
Духаро къеставарх
Гай-тІингар юьйлина,
Рицкъано веставарх,
Логан шед буьйлина,
Дешнашца хеставарх,
Шеконех сакхетий,
Ойланех цІе лета:
Безаман шовкъ йоцург,
Даго тІе ца лоцу.
Шалхонех йоьттинарг
ГІала ю моьттинарг,
Тарделларг къаххадой,
ДІавоьду хахкалой…

***

Ойланех муьргъетташ,
Йозане хIиттадарх дешнаш,
Ца оьшу, ву ала,
Байташна басарш дан говза.
Хийла ша ву бохург
Кхетамо, къарвина, тешна:
Атта дац, догдууш,
Ойланийн къайленаш йовза.

***

Хьо – бакъ бохуш,
Со харцоне хьежалац,
Дог ца догІуш,
Хьаставелла, къежалац.
МІаьжгаш хуьйцуш,
Ши юьхь соьга лелалац.
Доцург дуьйцуш,
Деган шалхо къийлалац.

***

Мокхачу мархаша
Ца дуьтуш маьлхан чам кхета
Іаламо, чІир йоцуш,
Кхийдочу девнах ца кхеташ,
Оьмаро, хир хадош,
Яцйинчу, хенан цуьрг текхна,
Декъаза де къаьсти,
Дуьненан йочанах декхна…

***

Кхерч буьзна цІе ягарх,
ХІусам ю, ша санна, шийла.
Цу чуьра, Іаь етташ,
Ца йийлахь деган йовхо.
Чиркхашца чоь къагарх,
Сауьйзу серло ю гІийла.
Цуьнгара ницкъ тоац,
Чулетта бода човхо…

***

Чкъор хуьйцуш,
Баттара болуш,
ДегI текхош,
ДIабоьду лаьхьа.–
Лаьхьанан
Багара долу
Дош-м дуьсу,
Стим санна, къаьхьа.

***

Дешнаша-м, вадийна,
Багара воккхур ву тIома,
Матто тIекхевдина,
Къоьжа бохь лоцур бу ломан. –
ЦадогIуш кхоьллинарг,
Замано шийла катоьхна,
ЦIе яйна, сауьйзуш,
Дужур ду, дозалла доьхна…

***

Со ву и дуьненан
Ванне а воцуш цатерг.
Ойланийн хьагам бу
Кхерч буьзна
КIеж туьйсуш берг…
Ца евза кхане ю,
Куьг лестош,
ТIевоьхуш ерг. –
Дахар ду сауьйзуш –
Жим-жимма
Кхачалушдерг.

***

МогІаршка нисдина,
Къонахийн дош хаош,
«Эшначохь, дІадала
ДегІан са ца кхоош»,
Поэтан байташ ю
Нахана дІагайта
Язйина, зорбанан
Йозанехь йовзийта.
Дог делош, делхадеш,
Ойланех ловзийта.
Ца лаьа цунна-м, ша
Ма-варра вовзийта…

***

КогхIуттуш, гIеттина,
Хьан уьйраш херъяла гIерта.
Суна-м ца оьшура
Хьоьгара тилора-тай.
Цаваьлла лестар ву
Кхул тIаьхьа хьо волчу керта. –
Ойлано кхетийна,
Со-м тоъал дегала вай…

***

Куйнан бакъо йоцчо,
ХӀунда туьллу куй?..
Дешан тешам боцчо,
ХIунда боу дуй?..

***

Диканна гIаьттинчу
Ойлано йихкинехь юкъ,
Балано саттийна,
ШайтIанан кагло, бах, букъ.

***

Рицкъа дац къолано
Даькккхина дерг –
Кхаьллича малйо цо
Багара церг.
ЩIийн тача даржадой,
ТIададеш мекх,
Лаг Iовдий, тосуьйту
Цкъа мерах чекх…

***

Вайна моьтту,
Пхенаш дулий,
Когаш ницкъо лелабо.
Ишттa дац и:
Ойла юлий,
Когаш коьрто лелабо…

***

Ойланаш, верриге
Со шун ву тховса,
Вуьтур вац аш чомахь
Набарна товжа.
Бертаза я бертахь
Шу даг чу кхуьйсуш,
Ас тховса ловзор ю
Седарчийн буьйса.
Ойланаш, со шун ву,
Шу сан ю тховса.
Валарх, аш вуьтур вац
Набарна товжа.

***

Ехка еза ойла
Карзахъяьлча –
ТIаьхьа хуьлу,
Хилларг хилла даьлча…

***

Сан байташ –
Садиъна
Коьртан хье охкуш
Ас дукха кегийна
Ойланаш ю.
Йочанехь,
Йоькханехь
Некъаш тӀедоххкуш,
Къахьоьгуш тардина
Сой да верг ду…

***

Вай тӀе-кӀел гӀишлош йо,
БӀаьргана бӀарлагӀа гуш –
Доьзалехь барт бацахь,
Тхов боцу пенаш ду уьш:

Мел чиркхаш къагадарх,
Чохь серло ца хаало.
Мел цӀераш ягаярх,
Вохвала йовхо ца ло…

Мел кӀеда мотт билларх,
Набаро хьаам ца бо.
Мел мерза чам хиларх,
Кхачано ца вузаво….

***

Цхьаъ – куьцехь хазвина,
Кхин – куьцо азвина,
ЦІетоьхнарг бакъдина,
Кхолламна хьакъдина
ЦІе яккха цІе елла,
Хан яккха де дела,
Кхоьллина дар-кха вай Дала.

Хууш дац догІудерг –
Кханено бохудерг.
Сихалло тешийна,
Собарах эшийна,
«Со иштта… хьо вуьштта!..» –
ДІовш санна, дош муьста,
Оьшурий, дог доруш, ала?

***

Хаттар до вай:
«Мичара ву,
Хьенан ву?
Тайпа-тукхам
Муьлха хилла?
Ваьлла бух?»
Адам делахь,
Царах даьлла,
Адам ду.
Адам дацахь,
Хьерадаьлла
Экха ду…

***

Хилийта хьийзина мекхаш,
Хилийта тур лаьттах тиэкхаш,
Холхазан лекха куй коьртахь,
Белшаш тIехь чо шера верта.
Хилийта ган, дегIан куц,
Хилийта паччахьан нуц. –
Къонахийн лакхенаш лоруш,
Дог дацахь цIелетта догуш.
Зама, хьо къонах ву аьлла,
Ца хьежахь, бIаьрг серлабаьлла
Вай вуьйцург къонаха вац.
Къонахчун цIе цуьнгахь тац.

***

ТІейогІуш лар яцахь,
ЧувогІуш стаг вацахь,
ХІун оьшу гІаланаш?..
Царна чохь къагамаш?..

Доглеташ бух бацахь,
Марзонан чам бацахь,
ГІаланаш баьрзнаш ду –
Баланийн аьрзнаш ду…

Гулбинарг бахам бац.
Царна чохь дахар дац –
Уьш делла пенаш ду,
Дуьненан гІенаш ду…

***

Сан байташлахь,
Ехар елахь
Суна еккъа
Цхьа байт тоьар ю
Дагалаьцна
Йоккхур елахь
Суна цIе а
Сайниг тоьар ю

***

Хьарам ду шегахьа
ТаIийна,
Даздина терза,
Хьанал ца даьккхинехь,
Мел даарх,
Моз хилац мерза.

И стимал къахь а лой,
Легашкахь
Шад хIиттош, соьцу
Цо кийра багабой
бала бой
Саготте лоьцу…

***

Стиглан арахь,
Дохуш некхах,
Дашо хьесий иэгадеш,
Малх, чубуза
РегIа текха
Анайисташ ягаеш.

Мерзех туьйсуш,
Елаелла,
Екхна суьйре кховдайой.
Ши дог хьоьстуш,
Даладелла,
Безам хьоьсту щовдано.

БIаьсте, кога
Буьхьар хIиттош,
Хелхайоху Iаламо
Серлаяьлла,
ТIома гIиттош.
Карзахвоху ойлано…

***

Сийлахь дерг гIаттадой,
Сий доьжнарг саттадой,
Замано къастадой,
Шен метта дуьллу.

БIаьргана шера гой,
Церан мах хадабой,
Ала дош даладой,
ЙогIу цIе туьллу.

Цхьаъ нуьро къагадой,
ЮьхькIайчу хIоттадой,
Ца дала ден а лой,
Даима деха.

Ткъа важа Iададой,
ЮьхьIаьржа хIоттадой,
Юьхь йохуш хьийзадо
Беларо иэхьан…

***

Дахаро, когашка
Ойланийн сингаттам Iенош,
МаьркIажан бодашкахь
Сахудий, кхачало денош.

Замано, кадетташ,
Меженех коржамаш йохуш,
Дахарах це етташ,
Вайн денош шен дола доху…

# Іаламах тидамаш

***

Боданийн кирхьанца
Стигланийн аренаш хьерчош,
Мокхачу мархаша
Кхоладо малх кхетта де
Кхоьлинчу юьхь тIера
Дурбелла хин тIадам керчош,
Маьлхан бIаьрг Iийдало
Йочанах кху лаьтта тIе

Кхоамза сеттадо
Мехаша сенделла генаш.
Саьрмакаш тийсало
Дуьненах, етташ шайн це.
Къизаллин дIаьвшан ткъов,
Мустъелла, дагах чекх Iенаш,
Къийсамна денвалла
Дийнахь со иттаза ле…

## Аьрзунан дозалла

Аьрзуно, Iаьршашка яьлла,
Кхерстабо хелхаран тIам.
ХIаваэхь самалхадаьлла,
Марзбелла дахаран чам.

Даймехкан машаран мерзаш
Лекхалуш, сакъерало.
Кхерамо, маьхьарца терсаш,
Олхазарш ца къеххадо.

Йиллина маршо ю царна,
Мацалла, хьогалла яц
Марцаран хьожанца цIарна
ГIуьтту кIур хIаваэхь бац

Малх боьлу, дахарна летта,
Серлонах бIаьрг Iийдалуш.
ХIаваан сийналлех летта,
Кхоьлина марха яц гуш.

ЛадегIа шеконаш йоцуш,
Мел догIу де хийцало
ХIаваан тулгIенаш лоьцуш,
Аьрзуно тIам кхерстабо…

***

Серло кхачош,
Дешна дели доца де
Хорам бина,
Ойла Іуьйду суьйрено.
Мархаш юьттуш,
Ткъевнан цинцаш серса тІе.
Араэккхал
СабІарздина гуьйрено.

ГІодах хаьдда,
ГІийла шийла лестина,
ТІамарш яржош,
Лаьтта дуьйжи можа гІа.
ДегІах тилош,
Мохо меже цестина,
БІаьрхиш Іуьйдуш,
ЧІана дели диттан га…

## Бералле некъаш

Хан яьлла, буьйса а жимъелла,
Сахьто шен садеIар дагардо.
Там хилла, тIам хьоькхуш тийналлех,
Коьрто шен ойланаш кегайо.

Минотехь масийтта некъ оьций,
Цара со массанхьа кхачаво.
Юха а, бер санна, куьг лоций,
Сайн юьрта – ГIордала валаво.

Бераллин ирзешка некъаш деш,
Кегаярх, ойланаш кIад ца ло.
Дайн хилла ков-керт, сайн сийна беш
Ма-ярра юха а суна го.

Геннара буьхьара ийалуш,
ТIекхийда къежделла ламанаш.
Нийсаршна сагатдеш хетало
Ирзера зоьртала къена наж.

Сан говро, берг туьйсуш, декадо
Некъ бижош хьийзина сийна дукъ.
Суьйренан гIовгIанца елало
Басенца яьржинчу эвлан юкъ.

Канашкахь, ца Iебаш, муьйлу ас,
Юрт йоькъуш Iеначу ахкан хиш.

Іаламо сан лерехь екайо
Шен башха самукъне эшараш.

Ойлано, лаьмнашка кхерстина,
Шен сирла марзонаш лехьайо.
Ца чехош, со хьайца хьистина,
Бералла, хьоме ю дагна хьо.

***

Буьйсано ийзайо
Шен Iаьржа аса.
Лаьмнашкахь тийналла
Меттах ца хьов.
Стигланийн паналлехь,
Цхьа седа, маса
ДIабодий, лар юьтуш,
Бодашлахь бов.

ДIо стиглан некхах шен
Дато берг туьйсуш,
Гуо текхош, беттаса
РегIах тили.
Ойлано лачкъийна,
Седарчийн буьйса,
Лаххьийна хьан Iалам
Даг чу дилли.

## Гуьйре йоьлху

БІаьрхиш ледош,
Арахь гуьйре йоьлху.
Шийла гІайгІа
Деган кеда Іуьйдуш.
Вовшех хьерчаш,
Мокха мархаш хьолху
Къайлайохуш
Маьлхан можа нуьйда.

## БІаьстенан басарш

Пиллигаш даржийна,
Лаьтта тІе сийна тІам туьйсуш
Эшарийн серлонгахь
Іамийна самукъне зов.
Маьлхан нур хьулдина,
Іаьткъинчу шелонца къуьйсуш,
БІаьстено диллина
Дахарна баьццара ков.

ГІа-бацан кІажарша
Юьйцина аренаш кхерста
Анайист керчаеш,
БІаьргашна хьалхара дІа.
Бацалахь хазделла,
Эзарнаш зезагаш къесташ,
ХІаваан Іаьнарехь,
ТІамаршца тІекхийдаш Іа.

Іалам ду денделла
СадоьІуш, самалхадаьлла,
Дуьненан шоралле
Даьржина олалла деш.
Аьрзуно тІам луьйсу
Лам лоьцуш, локхалле яьлла,
Даймехкан куц тайна
БІаьрг буьзна ойланаш еш.

***

Нохчийн лаьмнаш –
Къонахаллин онда мукъ;
Пепнийн куйнаш
Уьйуш, сетта сийна дукъ;
Сан дай, ден дай
Баьхна, кхиъна шира юрт –
Деган пенах
Кхозуш деха сирла сурт.

Хьан суьйренаш! –
Хьан хазаллех тардала
Гергахь, генахь
Сан хIун дара, ГIоьрдала?!
Лаьмнаш лоькхуш,
Мерзах дека юьртан зов.
Малх а, техкий,
Беснеш ягош, орцах бов.

Хьан буьйсанаш! –
Лам тIе хиъна беттаса.
Седане цхьаъ-м
Дуьйцу цо шен маттаца.
Ломан лерехь
Іенаш, дека ахкан хиш,
Лакха юккъехь
Пондаро а уьйзу йиш.

Арахь, генахь
Лоррий хотту: «ХIун ду цIахь?»…
Хьалха санна,
Ойла хьайца хьоьсту ахь.
Кхолламо, шен
Ӊекъаш тоьгуш, вигарх дIа,
Хьан марзо
Сан деган меттан буьххьехь Iа.

Хьан уьйтIара
Лаьмнийн ков а диллина,
Лаьтта, байбеш
Ара ког а биллина,
Чаккхе йоцчу,
Кху дуьненан некъашкахь,
Зама хоьхкуш,
ГIиттайой вай-м чонан къахь…

Зама уьду,
Бергех летош сийна суй.
Хаьа, синтем
Боцу иза чехка юй.
Винчу юьртах
Ваьлла дикка леллера,
Сацал зама, –
Жимма гIел а веллера…

## Іаьнан суьйре

Мохехь шен эшаран
ТІекъаме даьлла,
Шийла дарц сагатдеш цІийза.
Ижуна ирделла,
БІаьрг серлабаьлла,
Хьун-тогІехь цхьа экха хьийза.

Дахделла дийшина
Ламанийн аьрцнаш,
Шелоно къуьйлуш, хабийна.
Вовшех дай каххьоькхуш,
Къанделла нежнаш
Месалчу куйнаш кІел тийна.

ДІо басах чукхийда
Некъан юкъ лаьцна,
Лайн алхан дуьхьало Іуьллу.
Цхьа гІаларт, салазахь
Шен мукъам эцна,
Хаало, алаша лоьллуш

ГІийлачу текъамца
Сингаттам муьйлуш,
Мох лерехь, садууш, цІийза.
Шелоно хьарчийна,
Шен марахь къуьйлуш,
Де, дегош, суьйренга тийжа.

## БIаьстенан мукъамаш

Дуьне мел ду
БIаьрго лоцу
Шера, шуьйра аре,
БIаьстено, и
Кечъеш, дуцу,
Бецан сийна дари.

Нускал санна,
Зазах ийна,
Зезаг делакъежа.
Сирла басарш
Дагах ийна,
ХIутту цаьрга хьежа.

Дато цинцаш
Гонах хьоьрсуш,
Шовда, керчаш, Iена,
БIаьстенах шен
Эшарш хоьрцуш,
Кхача хIордан гена.

Стиглан корехь
Малхо, лепаш,
Iалам, делош, хьоьсту.
Олхазарша,
Лерехь декаш,
ТIома хIаваъ цоьсту.

## ДIабаха хьеший…

БIаьстено кхайкхина,
Генара далийна,
Маршалла хаьттина соьга,
Бертахь ши чIегIардиг,
Iаьржа мас къагийна,
ХьошалгIа доьссира тхоьга.

Гона тIе лахделла,
Дуьхь-дуьхьал дирзина,
Шиъ дехха цхьаъ дуьйцуш Iийра…
Церан мотт хазбелла,
Цадевзарг марзделла,
Со цаьрца садоькъуш тийра.

Чемхалгах буьйцина,
Кора кIел латийна,
Сихбина бен бира цара.
Шиъ паргIатделира
Шайн бенахь сатийна –
Суна и дерриге тара.

Дас-нанас доладеш,
Кхиийна, Iамийна,
КIорнеш а гIевттира тIома. –
Кертара сийна беш
Рицкъано Iанийна
Йоьллера хьешашна чомах.

Аьхкенах хийцина,
Гуьйрено балийна,
Сингаттам кховдийра соьга:
Сан корехь шабаршца
Шайн маттахь дийцинарш
ДIабаха – хIинца бац тхоьгахь.

Буьйцина бен буьтуш,
Шелонах къаьхкина,
Олхазарш дIадаха гена.
Со теша, бIаьстенца
ХьошалгIа даьхкина,
Дуьссур ду шаьш бинчу бена…

## Новкъа волуш

Буьйса ю – беттасин буьйса.
Са муьйлу сингаттамо.
Ойланаш кханенах туьйсуш,
Наб кхета ца вуьту цо.

Цхьа седа, сийна бIаьрг теIош,
Серлонах Iийдалуш Iа.
Хьаьрсачу гуьйренах хьегош,
Меллаша тIегIерта Iа.

Ког бетташ, некъан дин лаьтта,
Къайленаш хьулйина шен:
Ас мичахь хьоьшур ду латта,
Мичахь бер кхолламо бен?

Сан кхане ца соьцу генахь,
Дог къуьйлуш, тIегIерта и.
Цо тховса хан йоцчу хенахь
Ойланийн йийсар со вин.

Iуьйранна со новкъа волу,
Гулдина сайн некъан хьал:
Кехаташ, йозанан къолам –
Ас вовшахбиттина пал.

Дагах чекх ладоьгIуш хьаьъна
Буьйсано тийналла ло.
Сайн уьйраш, марзонаш, кхаьънаш,
Ца диццдан, ас дагца хьо…

***

Буьйсано ийзайо шен Iаьржа аса,
Лаьмнашкахь тийналла меттах ца хьов.
Стигланийн паналлехь цхьа седа, маса
ДIабодий, цIеххьана бодашкахь бов.

ДIо стиглан некхах шен датон берг туьйсуш,
Некъ эцна беттаса регIах тили.
Ойлано лачкъийна, хIай сирла буьйса,
Мах боцу хьан Iалам, даг чу дилли!

## Йочане денош

Лаьтта тIе Iийдалуш шийла,
ТIесерсаш догIанаш Iена.
Ойланийн сингаттам къуьйлуш,
Дахделла йочане денош.

Олхазарш, баннашкахь тебаш,
ДIатийна, хезаш дац декаш.
Стиглано, бIаьрхишца ледаш,
Ткъарш хьаьхна, шардина некъаш.

Мархаша лачкъабеш четахь,
Милт яьгна, маьлхан чиркх байна
Йочанехь шелделла, хебаш,
Зезагийн хазалла яйна.

Юсийна мокха кхес кхуьйсуш,
Малхбале мархаш дIахьоьлху.
Сан дагах сингаттам туьйсуш,
Яхъелла йочана йоьлху.

## Винчу юьрта

Хьуна сирла деган тешам белла,
Вина юрт, со новкъаволуш ву
Гена-герга некъаш толлуш лелла,
Со дайн кхерча юхавоьрзур ву.

Хьан шовданаш дезаш, хьалха санна,
Ас, ца Iебаш, хьогах муьйлур ду
Баца юккъехь лехьош езачунна,
Зезагашца кочар дуцур ду.

Ас хьан аьзнаш, ойланашца лоьцуш,
Басарш дина, дагах туьйсур ду.
Гена валарх, даго марзо оьцуш,
Хьан лаьмнашка ас сатуьйсур ду.

Сан beралла, когашIуьйра яьлла,
Ченаш гIиттош, герга уьдур ю
Луьста хьаннаш, генахь къайлаваллалц,
ТIаьхьа кхийдаш, техка юьсур ю

Хьуна сирла деган тешам белла,
Вина юрт, со новкъаволуш ву.
Некъийн шуьйра хьашташ толлуш лелла,
Со дайн кхерча юхавоьрзур ву.

Дена-нанна санна, хьастаделла,
Сан дог, хьуна Iаьнна, дешар ду
Эвла йисттехь, йоьлуш дуъхьалъяьлла,
Вина юрт, ахь со тIеоьцур ву.

## Ломахь буьйса

Боданехь серлонаш, кхуьйсуш,
Буьйсано летайо некхах.
ТIамарех седарчий туьйсуш,
Беттаса регIа тIе текхна

Iаламан аганахь текхаш,
Набарна ярташ дIатийна.
ДIо ломан пхьуьйшара кхеххаш,
Шовдано шабарш дашийна,

Чомана мерза хIуо луьттуш,
Чиллана гIа-бецаш леста.
Боданаш беснеш тIе хIуьттуш,
Генара серлонаш къесташ.

Дог хьаош, тайна ду ломахь,
Стиглано седарчий кхуьйсу.
ХIаваан мерзачу чомах
Ца Iебаш, ас кийра бусу.

## Аьхкенан буьйса

Аьхкено ялийна цхьа мерза буьйса
Тховса кху дуьненан хьошалгIахь сецна.
Седарчий, нур керчош, лаьтта тIе хьуьйсу,
Батто шен неканца можа тIам хецна.

Буьйсанах язделла Iаламан йоза,
Ойланаш, цецъевлла, и деша гIерта…
ДIо басах тевжина, юрт еха гIоза,
Кху лаьттан седарчий – хIораннан кертахь.

ХIавао маьхьарийн аз кхоьхьу цIенна. –
Пондар шен вотанца эшаре баьлла, –
Я нускал доьссина ков-керта цхьаннан,
Я кхин цхьа самалха цу керта даьлла…

Татанца гIов гIаттош, топ хезий йолуш,
Юкъ-кара бердан хьех жIаьлин гIалх кхета.
Аьхкенан гIа-бецан цецех чекхдуьйлуш,
ХIавао ховха куьг кхерстадо чета.

Седарчех язъелла стигланаш сецош,
Лаьмнаш Iа ,баххьашца цаьрга дIагIерташ.
Ииттачу буьйсано шена чохь лийчош,
Ойланаш, Iехайой, ялайо берта.

## БІаьстенан Іуьйре

Дашо зІаьнарш юьрта хьежош,
Лома тІера гІотту малх.
БІаьргийн хІазарш делакъежош,
Ловза йолу дегІан чарх.

Іуьйре декъал йойла бохуш,
Хьоза дека дитта тІехь.
Доьлу Іалам меттахдохуш,
Цо хозуьйту эшарехь.

Баца юккъехь зезаг гІотту,
Шола тІамарш ясталой.
Цо Іуьйрене хьал-де хотту,
Маршаллица хьасталой.

Иштта кхочий, хелхаюьйлуш,
Юьртахь Іуьйре йолало.
Шовда санна, дагах дуьйлуш,
Соьга илли кхоллало.

## Дагалецамаш

Мичахь севцца сан бераллин денош,
ХIунда вити шайга тийса са?
ГIенаш санна, дуьхьалхIуьтту, хьегош,
Сан марзонаш, шайн-шайн шерашца…

ДоттагIий а кегий, хIетахьлера,
Уьдуш, ловзуш, сайца цхьаьна го.
Ахкан хишца хьийза Юхкан хьера,
ТIулгах вота етта кIаркIаро.

Берд тIетекхна, ахкахь айма сецна.
«Дуьло бераш, цига лийча гIой?»
Сан доттагIий, боккха кхаъ тIеэцна,
Айма йолчу уьду, тоба йой.

Дегнаш хьоьстуш, сирла деладелла,
Iаламо шен совгIат кхийдадо.
Сарралц баьгна, малх дIо регIах боьлла,
Суьйре еъча, цIехьа доьрзу тхо.

«Иммансиз, хьо стенгахь лела?» – бохуш,
Нанас хьедо чIире доцу дов.
Стиглан генехь беттан серло йогуш,
Туьйранашна-м екхна буьйса тов.

Дашо денош, мичахь шу дIатийна,
ХIунда вити шайга тийса са?
ДуьхьалхIуьтту, марзо шайх хьагийна,
Берийн гIенаш – шайн-шайн шерашца.

***

БІаьрхиш санна,
Стиглан тхевнах Іийдалуш,
Тахана а
ДогІа серса сарралц.
КІохцал санна,
Деган чкъурах тийсалуш,
Кху йочано
Сагатдина валлал.

Кхин а цхьа де,
Маьлхан бІаьрг ца белалуш,
Къайладели
Ткъевнехь буьйса яккха.
Ойлайо ас:
Шен серлонца йовхо луш
Малх ца хилча,
ХІун хир дара тІаккха?..

# Безаман тӀемаш

Къоналла туьйдина,
Когбаккха Iемаш,
Со лаца кхийдина
Безаман тIемаш.

***

Безамо къадийна,
Кийра цІе яьлла,
Жималло вадийна,
Са акхадаьлла,
Ойланех тийсина,
Маьхьарца терсаш,
Сан даго туьйсина
Безаман мерзаш.

БІаьстенан зезаган
Лууре ваьлла,
Дуьнено Іехийна,
Самалхадаьлла,
Къоналла туьйдина,
Ког баккха Іемаш,
Со лаца кхийдина
Безаман тІемаш.

Набаро хьистина
Экама гІенаш,
Марзоне кхирстина,
Дагах чекх Іенаш.
Меттара гІиттавеш
Хан йоцчу хенахь,
Безамо, лай вина,
Вацийна шена.

***

Цкъацкъа суна
Хьан бIаьргаш чохь
Стиглан аренаш екха.
Цкъацкъа, бIаьргийн
ХIазарш цоьстуш,
Ткъесан суйнаш догу.
Цкъацкъа, церан
Кораш кхолош,
Мархийн тача тиэкха,
ЖовхIарш санна,
Керчаш, суна
БIаьрхиш даг тIе оьгу.

**Хьан хазаллех ас хIун дора?..**

Хьан хазаллех ас хIун дора? –
Цо, са лоций, Iадавора.
Дега́н серло хилла товш,
Нуьре богу бос ца бовш.

Хьан хазаллех ас хIун дора? –
Цо, дарц хьокхий, гIоравора…
Деган бIаьсте, йовхо луш,
Гина суна елалуш.

Хьан хазаллех ас хIун дора? –
Цо, суй тухий, вегавора,
Четахь ловзуш, мела мох
Аьхна хьирчинера сох.

Хьан хазаллех ас хIун дора,
Суна цо хIун гIолий йора?
И ахь хьайна йиталахь,
Со декъах ма виталахь…

***

Набарна гІелделла
Сан гІенаш ца дуьтуш дийша
Ма чІогІа марзделла
Хьуна сан гІевланга хийшар!
Ойлаярх, ца кхета:
Дуй-те и безаман бертахь?
Хьан амат, чукъедаш,
Дагчуьра хІун лаца гІерта?

Багийна гІаттийна
Ойланийн сатийсам лоьллуш,
Синтем ма гатбина
Безамо, синчкъурах боьлла.
Дуй-те и, хьаьрк тоьхна,
Диканна яздала хьаьхнарг?..
Я ду-те, йиш йоьхна,
Сан лерехь: «Варийлахь…» – баьхнарг…

## Суьйренан аьзнаш

Ялсаманин
Зевнаш хьоьрсуш,
Суьйре тІомаели.
Нуьрах дешна,
Дуьне хоьрцуш,
Даго илли эли!

Детех Іена
Шовда делош,
Безам серлабели.
Вовшийн марзо
Суйнех летош,
Ши дог новкъадели!..

Малхо, регІал
ТІехьа лесташ,
«Жолам суьйре!» – эли.
Цунна гонах
Анайисташ
Щечу цІастах лели!

## Бехк ма билла…

Бехк ма билла,
Хьалххе суна цахаарна
Хьан синкъелле
Бехкаш дахар эрна хилар.
Гуш ма-дарра
Долчух теша цалаарна
Дарий иза-м, –
Соьга кхаьчна «даладалар».

Бехк ма билла,
Цакъастарна буьйса дийнах,
Цунна дар-кха
Сан синкхетам бӀаьрзе хилар.
Хьан ойланийн
Бага хьежар, таьӀна, тийна –
Сан цӀеххьана,
Тилкхазваьлла, иэсах тилар.

Шалхо йоцчу
Сан къиношна бехк ма билла,
Ка ма-доллу,
Со даг чуьра араваккха.
Чевне хиларх,
Дош ца кхоош,
Кхин цӀе тиллий,
Хьайна гена,
Аз ца кхочче акхаваккха…

***

Дуьххьара сайн кийра
Сийна цIе летта,
Безаман къайленаш
Йовза со Iемаш,
Даго, хьо массарел
Хьомсара хетта,
Хьоьгахьа кховдийра
Шен шуьйра тIемаш.

БIаьстенан зазашлахь
Сан дуьне делош,
Суьйренаш йогура,
Маьлхан бIаьрг теIош.
Дегочу йозанца
МогIаршка Iенош,
Со Iийра, иллешна
Хьан хьаьркаш лехьош.

Стиглара хьох догу
Седарчий хоьржуш,
Со лелла наб яйна,
Буьйсанаш тайна.
Тийналлин холбатахь
АгIонаш хоьрцуш,
Ас дагахь Iамийна
Безаман жайнаш…

## Іийна, дуьне доладаьлла…

Лерг диллина, тийналлица соьцуш,
Буьхьар кхийдаш, беттан кІажарш лоьцуш,
Со безамна коре вогІавелла,
Зовкхан марахь Іийна, даладелла.

Нуьрехь Іаьнна, стиглан тхевнах кхетта,
Чиркхаш санна, седа-жовхІарш летта,
БІаьстенан зов иллийн мерзах туьйсуш,
Ойла Іийна деган хелхар луьйсуш.

КІорех тера Іаьржа бІаьргаш мелла,
ДегІ ца лоцуш, кийра бехна лелла.
Дагахь доцчу ирсан токхе кхаьчна,
Со безамна тешам белла ваьцна.

Деман дарц деш, гІайгІа-бала аьхна,
«ХІуьрлаІано» шеца пана ваьхна,
Буьйса ларъеш, сахуьланга ваьлла,
Іийна, доккха дуьне доладаьлла…

## Дезчу денца

Дагах барт баьккхина,
Шо хьалха санна,
Са декхош, тIекхечи
Хьо йина де.
Хьуна ца делларг сан
ХIун дара? Хьанна?
Хьан дагна тамбан ас
ХIун совгIат де?
Сан, хьуна цIе тоьхна,
Базарахь эцна,
ЖовхIарийн кочар дац
Дозалла дан.
Деган бух аьхкина,
Ас хьуна лехна,
Дуьненан мах болу
СовгIат ду сан:
Ду иза стигларчу
Седанал сирла,
Хьан цIарца дагийнарг
Кийрахь шен нур.
Сан некъан кхолламехь
Хьан йийсар хилла,
Безам бу ас хьуна
СовгIатдеш лург.

***

Безамо сох Іаба кечдинарг
Шен йогІург яьккхиина даьлла.
Билхинчу безамна гечдина,
Со цунна къинтІера ваьлла.

Къоналла ловзийна-м хІун дора,
Шен декхар цунна ца текхча?
Дуьненахь цо синтем ца лора,
Лерехь шен зурма ца лекхча.

Тийналлин мимбарехь сагатдеш,
Со зовкхан чам кхетта Іийна,
Ойлано ца йицъян нигатдеш,
Дуьненахь мел веха дийна.

Реза ву баьллачу кхожана –
Ца доху кхолламе бехкаш.
Даг тІера богу суй божаза
Безам, шен кІеж тесна, кхехка.

Безамо, сох Іаба кечдинарг,
Сох йогІург яьккхина даьлла.
Билхинчу бехкана гечдина,
Сан хІинца сапаргІат даьлла…

***

Буьйсанан серлонаш толлуш,
Ойлано са акха лоьллуш,
Чам кхетта, сатийсам мелла,
Безамо вадийна лелла.

Со, бIаьргийн ши алу кхетта,
ДIа ца йовш кийра цIелетта,
Ял йоцу хьадалча хилла,
Безамо тилийна лелла.

Егочу голаш тIе хебаш,
Къолана безамна тебаш,
Тем байна, дагах кадетташ,
Со Iийна, хала садетташ.

Дагахь дерг шовдане дуьйцуш,
Чу эгна седарчий лоьцуш,
Безамо синхьаам хьешна,
Со лелла, хьацарлахь вешна…

## Сан хIун дара?..

Сан сагатдан я дог хьаста кхоьллинарг,
Садагийна, хьегIа сардам боьллинарг,
Стенна бехке, стенна хатIе хилла со,
Ялхо вина гора хIитто безамо?..

ГIенан кхоьлах сан марзоне хьийзинарг,
ГIийла йогу бIаьргийн серло ийзинарг,
Мичахь суна ахь хIун жайна даькхина,
Синтем лоргуш, ойла карзахъяьккхина?..

Сан кхолламан баьрче кхаьчна, гIиттинарг,
Лар теллина, ас дуьнене хиттинарг,
Хьан бIаьргаша, нуьре серло латийна,
Со дIаваьхьи шайна тIаьххье вадийна.

Синтембоцчу сан буьйсанех дIайийнарг,
Бехкейоцчу чIирах Iаьбна, сатийнарг,
Хьан безаман цIеран кхерчахь датталуш,
Хезий хьуна, деган пекъар етталуш?..

***

Цкъацкъа – шийла
Цкъацкъа – йовха,
Деган орам кходуш,
Хьан бІаьргаш чохь
ЩІарах йогу
ЗІаьнарш хьежна соьга.
Безам боцург,
Бехке хила
Карах доьжнарг доцуш,
Даго кийрахь
Бала лайна,
Дала орца доцуш.

Ойланаша,
ДуьхьалхІиттош,
Хьан аматаш эхьна.
Кхойкху хезехь
Адам доцчу
Анайисте кхехьна.
Сан жималла
Акхаяьлла,
Синхьаамех хаьдда.
Хьуна тІаьхьа
Хехкаелла,
Ког ма-боллу хьаьдда.

## Нохчийн йоIе

Iад санна, дуьйлина
МаргIала дуткъа дегI,
Хьо йогIу, дайдина
ГIургIезан болар.
БIаьрг тилош, маьлхан нур
Даьржина хьуна тIехь –
Малхана лиъна-те
Яккха шен дола?
Зезагал хазъелла,
Нохчичун тешамехь,
Хьо кхиъна хьекъалах,
ГIиллакхах юьзна.
ДогцIенчу хьежарехь,
Хьан деган эшарехь,
Вацара хьоьгара
Шога дош хезнарг.
Дозаллех ларйина,
Амалех марзйина,
БIаьстенах тарйина,
ЛадоьгIу хьоьга.
БIаьргкхеттарг хьегавеш,
Йовхонах вагавеш,
Нуьре бос багабеш,
Хьан беснеш йогу.
ГIенашка Iийдалуш,
КIенташа Iехалуш,
Хьан безам муьйлу. –

Ойлано ийзавеш,
Саготте хьийзавеш,
Сатийсам къийзабеш,
Хьо дагчу къуьйлу.
Дахаро ирс хьехна,
Безамо некъ лехна,
Нус хилла юссур ю
Хьо цхьанна-м керта. –
Дуьненах йоккхаеш,
Доьзалах хIоттаеш,
Къонахчун хIусамехь
Ехийла бертахь.

***

Безамо гулдинарш
Харцийна бердах,
Ахь, бІаьргех Іийдалуш,
Со бехкеви.
Де доцу куралла
Ца йогІуш берта,
Къийлинчу шеконех
Тешалац кхин.

Садагош сагІина,
Хьан безам боьхуш,
Хьесталуш, лела ницкъ
Ца кхечи сан.
Кхечуьнга кхевдар ву,
Синхьаам лоьхуш,
ТІеэцахь, безаман
Сий-пусар дан.

Къахьъелла хазалла
Къуьйсур яц хьоьца,
Багах дош даьккхина
Хьахор яц и.
Мохо дІабаххьал бен
Кхин тешам боцу
Безам сан хьеста ницкъ
Ца кхечи кхин.

***

Цхьа йоI дагна
Езаелла,
Забар йоцуш
Цамгар хилла,
Цунах доцург
Дарба доцуш.
Наб ца кхеташ,
Беттан сирла
Буьйсанаш,
Сан безамо
Сахуьлунга
Тийсина.
Къайлах къийла,
Хьаам боцу
Бала хилла,
Кийра кхерста
Щеран алу,
Шийла чилла.
Ойла хадош,
Дагах кхета
ЖIаьлин «гIалх».
Седарчашлахь
Тийна тиэкха
Беттан чарх.

## Цхьана йоIе

Юха а гина суна тахана. –
ХIинца-м ас ца лоьххушехьа.
Безамах хьан сардам бахана,
Со цунна бехке ма вехьа.

Цул тIаьхьа, шерийн зов текхий ас,
Заманан кIажош а хьоьшуш,
СакIамдеш, тийсало дагах вас,
Ширделла йозанаш доьшуш…

Хьо гаре сатуьйсуш, хIетахь со
Лийлира, гIад-амал дайна.
Тийшира, моьттира, ваьлча хьох,
Дуьне тIекхетар ду сайна.

Хьан безам, шалхонца лечкъина,
Буьйсанан бодашлахь байра.
Когтесна ямартло Iаьткъина,
Ас, кийрахь ватталуш, лайра.

ХIетте а, хьагI яшош, гечдина,
Со хьуна къинтIера ваьлла.
Кхолламо цIетоьхна, кечдинарг.
Лар такхош, сиз хьаькхна даьлла…

***

Ойланийн бухбоцчу
ХIорда чохь тилла,
Тийналла елхаеш,
Сагатдо ас:
Леллера со хIетахь
Декъала хилла,
Тайнера безаман
Лекхалуш аз.

Сахьоьстуш цхьа зезаг
Хьежнера соьга,
Сан даг чу суй кхуьйсу
Серло ца йовш.
Цо кийра багийра
Деган кIаг кегош,
Садаллал гатделла
Сан дуьне товш.

Аьртачу эвнашца
Ойланаш тоьдуш,
Даг чуьра гIиттира
Аз доцу мохь.
Ойланийн йочанехь
Жим-жимма хедош,
Цо мукъам сацийра
Йиш хаьллачохь…

Сауьйзу безам ас
Лечкъийра кийрахь,
ТӀекхочехь ца вуьтуш
Дог доцург теш.
Ас цуьнах даьккхина
МаргӀал дӀадийра,
Сатесна, бисийта
Безам ца леш…

Шеконо къевлина
Шалха шад бостуш,
Ма-хуьллу дендала-м
ГӀоьртира и.
Делахь а, дӀаяхна
Къоналла хьоьстуш,
Догъэцна, безамо
Ца ловзий кхин.

## Хаалахь…

Буур бац ас дуйнаш безамах,
Хьесталур вац, кхоьхьуш зезагаш.
Хьайга кхийда дог ца хаалахь,
Юьсур ю хьо цуьнан хьокъалахь.

Матте дашца гIала йотталац,
Хаьдда меже дегIах хотталац
Даг чохь кхиъна безам белла гахь,
Ас дийцинарг дош ма хеталахь.

Бехкедоцчу дагна хилча чов,
Дуьне къахьлой, ойла чомах йов.
Ас цундела безам лийрина,
Цуьнца аьрха ловза кхийрина.

Кхаьънаш кхийдош, эцнарг безам бац,
Цуьнах дийнан делккъалц тешам бац.
Ойла кхардош, шалхо Iийдалахь,
Безам лоьхуш, тIе ма кхийдалахь.

Буур бац ас дуйнаш безамах,
Кхоьхьур дац ас хьеста зезагаш.
Езаш лезна дог ца хаалахь,
Южур ю хьо цуьнан хьокъала…

***

Хьан хазалла серлаяьлла,
Деган тIамарх хьаьрчина,
Берахь дуьйна, хьуна аьлла,
Безам бу сан хаьржина.

Со сийсара стиглан арахь,
Седа хьоьстуш леррина,
Наб ца кхеташ, хьуна лара
Байташ лоьхуш ваьллира.

Хьан марзонан шовда, дешна,
Сан са лийчош лаьттира
Шекойоцчу ирсах тешна,
Деган тIемаш гIевттира.

Сан набаран гIенаш гIиттош,
Хьо сан баьрче хIиттира.
Ас, тийналлехь дуьхьал хIиттош,
Хьо ойланехь литтира.

Суьйренаша, безам буьйцуш,
Лергах мехий дехира.
Даго, къайлах, хьоьга кхуьйсуш,
«Дукхаеза» бехира.

## Ца тайна безам

Ас, кийра ца тарлуш,
Хьан безам мелча,
Моьттура тешамо
Дуй биъна сайна
Хьан бIаьргийн алуно
Вагийна лелча
Моьттура, хьан марзо
Безамца тайна.

Моьттура, йистйоцу
Дуьненан аре
Безаман тIам лийса
Сайн долаяьлла.
Шен акха чIир эца
Безам ма ларий,
Ас вогуш къийлинчу
Буйнара баьлла…

Хьан когийн лар лоьхуш,
Лардина некъаш,
ЦIеххьан тIекхаьчча,
Мел жирга хета.
Вайшинга ладегIна
Акхтаргаш, текъаш,
Безаман тезетахь
ГIайгIане леста.

Лерехь шок лекхначу
Буьйсанах тешна,
Хьан хьажар сан кийра
Дуьйжира аьрха:
Ловзаран хьеречу
Куьйланехь вешна,
Сан бIаьргийн серлонах
Хьаьрчира марха.

ХIун оьшу со бехкан
Леткъамех Iена?
Нислуш ду: хилла и
Ца тайта безам.
Замано ядийна,
Кхачаярх гена,
Хьан цкъа а ма бойла
Безачех тешам…

***

Безамо, синтIамарх летта,
Дагах шен алунаш етта.
Тийналлехь ойланаш лоькхуш,
Ас еха буьйсанаш тоькху.

Гуьйрено, оьгIазло Iеткъаш,
Сан корах шийла тIам бетта.
БIаьрхишца стигланаш юьттуш,
Йочано сингаттам Iуьтту.

Дог лоькхуш дегийна мерзаш,
Малделла, аз къуьйлуш, терса.
Сатуьйсуш, сагатло тховса
Седарчийн серлонех ловза.

Безамо, сан коре кхоьхьуш,
Корах чу цхьа амат оьхьу.
Со, валарх, ца вуьту тховса
Ойлано набарна товжа.

***

ХIумма а ца оьшу,
Доттахьа цхьа стака чай.
Хьан бIаьргийн йогучу
Алунах буьзна сан кийра.
КIадвелла, гIелвелла,
ХIоьттина – со-м адам дай!–
Хьан деган гечоне
Ас дукха некъаш идийна.

Битахьа текъамаш –
КIур бараш, хIу дараш шайн! –
Со ма ца веана.
Хьоьгара хIумма а деха.
Вохийна, хьовзий ахь,
Бехкбоцу безаман лай. –
Собарде, ков цIовзош,
Букъ тоьхна, туьлур ву кеха.

Собарде, кхуьур ду,
«ТIох» дохуш, дIахедо вай
Безаман иллешца
Вайн дегнаш декийна мерзаш.
Со-м хIинцца дIавоьду,
Доттахьа цхьа стака чай.
Кхуьур ю даздан хьо
Безамал хьайн дешнийн терза.

## Хийцаелла хIинца хьо…

ХIетахь къона яра хьо –
ЯтIийнера хазалло –
БIаьргех суйнаш оьгура,
Беснеш цIарах йогура.

Хъогах хьоьга хьежна со –
Мерза шовда дара хьо.
Хьоьга кхийдаш, гуттара
Зезагаш а гIуьттура.

Ялсаманин бешара
Лекхалучу эшаран
Дашо хьоза дара хьо –
Хьан аз тайна вара со.

Сатийсамех дуцуш гIан,
Гена ели къона хан. –
Хьан бIаьргийн нур даьгначохь
Сингаттамо боьгIу бохь.

Хийцаелла хIинца хьо –
Тохарлера кхин ца го
Дуьхьалкхетча, гIайгIане,
Дог ца догIуш елало.

Дагах туьйсуш шога нох,
Лерехь цIийза шийла мох.
Вайн жималла кхачаеш,
Iуьйре кхийда йочане…

***

Хан яьлла, дуккха хан яьлла,
Безамо вайн дегнаш хьистина.
Замано «хIупп» аьлла, мох баьлла,
Шераша къоналла листина.
ХIетте а, цIеххьана тIекхаьчча,
Вовшашка марзонца хьуьйсу вай,
Къастаро ийзадарх, ца хаьдда
Безамо дегнаш тIе доьзна тай…

***

Къоналлех чамкхетта
Левзина денош,
Хьекхалуш, тIехтили,
Совца йиш йоцуш.
Бéзамо хьаийна
Дог-ойла елош,
Хьистина суьйренаш
Яц юхайогIуш.

Чекхдевли, кхачий уьш,
Цахилча санна,
Хьагбелла сатийсам
Кхийдабеш ана
Чекхдевли, худалуш,
Хи санна, Iаьнна,
Ца буьсуш атталла
Цхьа тIадам канахь

XIинца-м, сан ойланаш
Корашка туьйсуш,
Гуьйрено лехьадо
БIаьстенан гIенаш.
ДIадевлларш садаьгна
Шерех чекххьуьйсуш,
Яхъелла юкъ тегна,
ДIатийна генахь…

***

Беттаса теш лоьцуш,
Аьхкенан арахь,
Вай хийла буьйсанан
Тийналла хьешна.
КӀайн шурин мархашлахь
Беттаса Ӏара,
Делаха вай йинчу
ЧӀагӀонех тешна.
Доладан дай боцуш,
Меженаш тедда,
Къарбелла вай эрна
Кхардийна дуйнаш.
Буьйсанан стигалах
БӀаьрхишца ледда,
Сагатдеш Ӏийдало
Седарчийн суйнаш…

## ЙоI гича…

ЙоI гича, генарчу
Безамах догий,
Тохалой, дог карзахдолу.
Вистхила кхиале,
Ойлано соьга:
«Уьш хIинца дIадевлла», – олу.

Къера ву: къоьжалла
Ца йогIу цуьнца –
Жималла тIехтилла йоьду.
Замано, сан шерех
Кадетташ, хIинца
Терахьаш кхоамза тоьду.

Безаман марзонаш,
ГIенашка хIуьттуш,
Ас хIинца ойланех туьйсу.
Замано човхийна
Сатийсам гIуьттуш,
ДIадевлларш генара хьуьйсу…

## Цхьа хан яра…

Цхьа хан яра,
Деган кхерчахь
Безам богуш.
Ас, безаман
Гуро лаьцна,
Бала хьоьгуш.
Синтем байна,
Ойланаша
Карзахвохуш.
Наб ца йойтуш,
Сатийсамо
Аравохуш.

Цхьа хан яра,
Садагийна,
Хьаам боцуш.
Безамера
Ведда вала
Меттиг боцуш,
Сан жималла
Ког ма-боллу
Акхаяьлла,
ЩIа ца йоьрзуш,
ЩIийнах-цIарах
Хераяьлла.

***

Къоналла безамах кхетта
Іадийна, са акхадаьлла,
Бехкбоцу къа-бала летта,
Хьан некъаш толлуш со лелла.

Безамах кийра цІе летта,
Кхачийна дегІера гІора,
Ойлано дагах кадетташ,
Садууш, со хьийзавора.

Хьо гаре сатесна, хийла
Сагатлой, со волалора.
Балдаша шабаршца, гІийла
ЦІе йохуш, хьо хьехайора.

Къоналла-м дІаели яьгна,
Генара марзонаш кхуьйсуш
Ас хІинца, безамах хьаьгна,
Къоналле эрна сатуьйсу…

## Дависа

Дависа, къуоналла,
Кхин цкъа ахь совгIат деш,
Дуьненах воккхавер мийла.
Чам кхетта бевзинчу
Безаман къурдаш беш,
Марзонах бузо сайн кийра.

Эхьхетар лачкъийна,
Деган зов Iанийна,
Мохь тоьхна: «Хьо еза!» – ала,
Сийна суй лалийна,
Безамо вагийна,
Буьйсанан тийналле вала.

Дависа! Кхин цкъа а
КIадвалар ца девзаш,
Езначун некъан лар талла.
Ца гуш де дIадаьлча,
Сахьийзаш, сагатлуш,
Ойланийн йийсарехь вала,

Зезаго хьаьстина
БIаьстенан хазалла
Сайн дола йирзина мотта…
Хийла ахь Iехаво,
Дависа, къуоналла,
Кхин цкъа а хьан баьрче хIотта!

## Декъалбо хьан безам

Кху дуьненахь деха орца доцуш,
Ахь безамах вага вити со:
Садеттарца церга балда лоьцуш,
Хьоьга кхаьчна безам декъалбо.

Воних хьехац даго хьуна ала –
ТIех хиларна хир и езар хьо.
Ницкъ белир-кха хьан некъ ирсах кхала –
Ас хьан безам дагца декъалбо.

Хьоьга кхийдаш, кхаьбна безам буьйцуш,
Аз а хьуна хазор дац даго –
Ша да мел дерг хьан дарбанах хуьйцуш,
Даим хьоьга кхойкхуш леллачо.

Декъалдо ас, маьлхан бIаьра хьоьжуш,
Хьуна ирсах доьлу керла де.
Садеттарца церга балда лоьцуш,
Аса-м ловр ю кийра морцу цIе.

***

Цахиндерг тешийна,
Хьо гена кхийда.
Собарна кIордийна
Хьо даг чу Iийда.
Къаставе,
Караве
Дуьненан эла.
Валийта –
Со вита
Ма луъу лела…

## Безаман дакъа

Мархашка малх битар доьхуш,
Хьан елар малха чохь лоьхуш,
Лаьмнашкахь некъ толлуш, хийла
Мийлира шовданаш шийла.

Хьан бIаьргийн ши жовхIар Iаьржа
Кегийчу тIулгашлахь харжа,
Шовданан куьзгана хьоьжуш
Ваьллира, тIулгийн лар йоьшуш.

Бан беза некъ хиларх беха,
Хьо йоцург яцара леха.
Хьан безам ас дагца хьора,
Цо дегIехь ницкъ гIиттабора.

Лам кхачош, дегI-голаш яьжна,
Ницкъ эшна, со висча воьжна,
Хьан амат: «ТIекхача!», – аьлла,
ХIоьттира, сан орцах даьлла.

Я дешан чов-чордо хилла,
Я кхоллам хьекъалах тилла,
Вайн безам бисира хьега,
Ницкъ боцуш серлонца къега.

Самукъне къоналла зийна,
ХIинца и дагца дIатийна.
Цо наггахь, шийла «хIупп» олий,
Суй кхарстош, цIе марсайолу…

***

Юха а, саттийна,
Кагди хьан
Дашо сан дош.
Юха а, озийна,
Хадий ахь
Дог дулу мерз.
Іадийча санна, со
Цецваьлла,
Лаьтта вегош,
Ма-хуьллу, лан гІерташ
Лаг озош
Ахь тоьхна герз.
ДегІана чекхдаьлла,
Дагах шен
Чов юьйгІи цо –
ХІун даьлла дагера,
Оццул ахь
ХолчахІотто?

***

Кийрара боданах гIуьттуш,
Гулъелла дахкаран къахь,
Дитт хьаькхна, дош-шаьлта Iуттуш,
Бехк боцу дог лазий ахь…

Дуьтур вай. Аьлларг ду аьлла –
Дог догуш язделла дош.
И хIинца безамал тоьлла,
Гин суна ша динарг товш.

Ца оьшу, дохко ма яла,
Бехкениг сихалла еш.
Ахь суна йоьгIнехь а гIала,
Гин суна вайн безам леш…

## Ахь «веза» – элира

Хазаллех йоьттина,
Малхаца гӀаьттина,
Хьо суна евзира.
Безамах левзира.

БӀаьргийн суй кхийтира,
Хьо даг чу кхийтира.
Са тӀома делира,
Даг чу цӀе елира.

Суьйренаш егира,
Седарчий къегира.
Хьо цӀарах хьехийна,
Ойлано Ӏехийра.

Сийна бӀаьрг хьегабеш,
Нур-седа легабеш,
Наб яйна лийлира,
Хьан марзо мийлира.

ДоӀанца дийхира.
Деле хьо йийхира.
Хьан къилба гӀиттина,
Суждане хӀиттира.

Ца лалун ницкъбина,
Сан хьегнарг дицдина,
Ахь «веза» – элира.
Са паргӀат делира.

***

Байттамал! – БIаьргашна
Гаӊ йиш ю шарахь я баттахь;
Тоуьйту къайллаха
Хьо еза дог хилар меттахь.

Сан бакъо кхачош ду
Хьо хилар кхечуьнан долахь…
Нахалахь ца кхайкхарх,
Цхьа наггахь сан безам голахь.

***

Хьох Іехавелла,
Безам дІабелла,
Со, даладелла
Моьттина, лелла.

Хьо малик хеташ,
Ца хилла кхеташ, –
Дог хьуна делла,
Со вала велла.

Хьох бала хилла,
Хьекъалах тилла,
Хьан шалхо мелла,
Со вала велла.

Кхин ойла йоцу,
Дешан мах боцу,
Хьо яла елла…
Со вала велла!..

Хьо даг чохь елла
Ца аладелла,
Со вала вела,
Со вала велла…

***

Зезагах таръелла,
Юьхь тIера
Хазалла къесташ,
Малх кхийда, хазделла
Хьо, беснех
Барт боккхуш, хьеста.

***

«Дукхавеза»,
«Дукхаеза», – бохуш
Осалбоккхий,
Буьйцу безам вай.
Вовшийн бІаьра
Хьаьжча, дош ца олуш,
Иза-м атта
Кхета тарлуш дай…

***

Юха а хьогаха
Ойланаш кхийда –
Безаман ца яйна лар.
Даго цIе тиллина
Са́н ирсан седа,
Ас лоьху хьан серло гар.
Ас лоьху хьан зевне
Аз лоькху елар,
Ахь суна хаздина де,
Хьан бIаьргийн алунах
Сайн дагчу яьлла,
Йовн йоцу безаман цIе.
Ас лоьху хьан деган
Кхерчара йовхо,
Цо дагехь гIаттийна йиш,
Безаман шабаршца
Куьзганах лепаш,
Шовдано идийна хиш.
И мерза суьйренаш,
Баьццара бIаьсте –
Сан денош мичахь дIадай?
Мичахь уьш къаьсти,
Хьулйина хазалла шайн?

## Соьга олу…

Соьга олу: «Воккха хилла,
Безам дукха буьйцу ахь,
Мацах, дукъал тIехьа тилларш,
Эрна лоьху байташкахь».

Кхин цул мерза хьан хIун диъна?
Мича зовкхе кхаьчна кхин? –
Оццул безаш, даго биъна,
Аракхосса беза и?

Цуьнга, ойла хераяьлла,
Гома хьежа веза со?
Безам хIунда кхобу аьлла,
Воккхахилар бехке до?

## Доцца аьлча…

Безам – чам бу,
Синмарзонах боьлла,
Биъна дузарх
Дог ца Iабадеш,
Марсаюьйлу
ЦIе ю кийра йоьлла,
Карзахбуьйлу,
Синтем багабеш.

Ницкъ бу цуьнца,
Вустуш, воруш, цеста,
ХолчахIитто,
Ойла Iадаеш.
Ницкъ бу, кхоллам
Keраюккъехь хьеста,
Жолам хилла
Ирсе кхачавеш

Безам, дагах
БогIабелла, беха,
Кийра лоьцуш
Маьлхан сирла суй.
Доцца аьлча,
ХIунда дуьйцу деха? –
Безам белча,
Дуьне дехар дуй?..

## Нохчийн ловзар

Хьеравала! Хелхавала,
Кху ловзаран самукъанехь.
Гена лалла гIайгIа, бала,
Готтехь церан садукъде.

ДегIан меже шалха кхетта,
Гоне хьийза цIоькъалом.
Эмалк санна, бергаш етташ,
Вота, терсаш, лекхало.

ПIелгийн хичех гилгаш дуьйлуш,
Пондар этIа, буьйлуш кIаж.
Деган корехь безам къуьйлуш,
Нохчийн кIентан буьйлу кхаж.

Полла санна, тIемаш луьйсуш,
Маьлхан тайниг йолало.
БIаьргийн кIорех суйнаш туьйсуш,
Iожа беснеш лалайо.

Озае вайн пондар-левси.
Тоха куьйгаш, богIа бохь.
Кху дуьненан кхехка кхевсе
Юьсур ю вай деллачохь!

# Поэмаш

## ГЕНАРА АЬЗНАШ

поэма

*Доьналло хIумма а йоцуш ю*
*Кхолламан кхийсарш*
***Демокрит***

БIешерийн Iаьнарша
Зарзйина агIонаш хоьрцуш,
Кегадо, луьсту вай
Геналлин баьрчера жайнаш.
ТIегIанийн лакхешкахь
ХIоранна шен маьIна хоьржуш,
Йозанийн лар тиларх,
Къестадо Iаьржанаш, кIайнаш…

Замано букъ баьжна,
Дожийна шерийн до Iенарх,
Доьналлин дуьзна хьаьрк
Ца дуьсу доь доцуш дайна;
БIешерийн кийрара
ТIекхийдарх, ца хетта къена,
Цо, даздой, схьадоьллу
Халкъалахь мах боцу жайна…

Доьналла ца дуьсу
Заманан ченашлахь Iилла.
Цо, шена некъ бостуш,
Лаьтта тIехь билгалво къонах.
Аьхсачу лаамийн
Кога кIел луур ца дилла,
Къонахий тийсало,
Ца къарлуш, халонийн гонах.

Юьхь тIера къанделла
Хебарийн тачанаш оьхьуш,
Геналлин корера
Схьакъеда вай юьйцу зама.
Цо шерийн дорцах чекх
ГIов эцна, аз лере кхоьхьуш,
Кхайкхамца гIиттаво
ТIаьхьенна лар юьтуш Iама.

Вайн дай а, вайх цхьа а
Ца хилла кху лаьттан цIенкъахь –
БIаьрхьалха сурт хIуьттуш,
Тоьшаллин чIагIо тIеэца.
Бакъдолчо дуьззина
Шен некъан къахьегна цIенна:
Цо белш тIехь геннара,
Мехала мохь беъна шеца.

Хилларг ду, лелларг ду
БIешарал дуккха а хьалха,
Iаламо куц кхуллуш,
Йоьттина, йиллинчу юьртахь.
Шалашиъ кхуьура
Ненаца, да воцуш, цхьалха,
Тишъелла, таьIинчу
Тоьли чохь – мискачу кертахь.

Дахаран чевнечу
Куьйгаша, ка-маIарш етташ,
Декъазчу доьзалан,
Лаг лаьцна, садукъийнера.

Эшамийн луьстачу
Кхийсаршна хала садетташ,
Йисина ехачу
Бесийрин ницкъ кхачийнера.

Ойланийн дуткъделла
Тай хьерча шен шина берах:
Цу шиннан хIун дара
Дуьненан йочанехь леха,
Коган лар тIекховдо
Некъ-гечо ца хилча шера,
Гергарло ца хилча,
Дог эцна чу-кара деха?

«Давис-кха, хан яккха
Дуьненахь, шу хIитталц кога.
Со йоьжча, карор яц
ТIетовжа тешаме гIовла».
Лаам сов мел буьйлу,
Цамгаро кадетта шога,
Цо нанна кечдора
Дуьненан неI-кораш къовлар…

«Сан жима ши адам,
Кхолламо хIун оьхьу-техьа?
Цу шиннан марзо сан
Юьсур ю лаамал тIехьа.
ХIай, Веза-Сийлахьниг,
Комаьрша къинхетам бехьа,
Хьайн кхоьле йоьрзу де,
Ницкъкхочург, декъал а дехьа»…

Ши пекъар шийлачу
Маьхьарца хьерчара ненах.
Биллинчу бIаьргаш чохь
ГIо доцу ши гIаларт сецна,
Тоамбеш тIаьххьара
Тийначу, мерзачу гIенах,
Бесийра дIатийра,
ЭгIаза тIам-меже хецна…

ТIаьххьара бисина
Ирсан цинц канашка тесна,
Карара бадийра
Iожалло цу шина беран.
Чубуза сихбелла
ДIо малх а, бIаьрхишца сецна,
Ца тешаш хьоьжура,
Iадийна, босбаьхьна тIера.

Лулара, юьртара
Къахетарг, доглозург ваьлла,
Лийчийна, хьарчийна,
Ненах чарх кховдийра лаьтте.
Дуткъачу тезета
Нисвелларг, кийра цIе яьлла,
Берашна гIо доцуш,
Дог Iийжаш, кхоьлина лаьтти

Даш санан, язъелла,
ТIесийса кхолламан кхийсарш:
Дукхахверг воллура
Доьзалшна хала кадетташ.

Аьтто берг, таро ерг,
Кураллех, дозаллех сийсаш,
Йорахь тIехтуьлура,
Дедоцчух пе-агIо бетташ.

И волий воьдура,
Ца Іийжаш шен боцу бала,
Шен сина хийра дерг
Даккхийчех дацара лара.
Кхиэлан да вацара,
Бехкбоккхуш, бакъоне вала.
Харц некъан геланчаш,
Цкъачунна, когхIуьттуш Іара.

***

Заманан куьйгаша
Гуш боцу цхьа хьаса латьцна,
Шен денош тIелетта,
Горгбелла уьйриг тIелуьсту:
Бесийра кхелхина
Кху бIаьста ши шо а кхаьчна.
Кошан барз сенбелла,
Кегийра бай баьлла луьста.

Каш-барзан некха тIе
Язделла ненан сурт хIуьттуш,
Сатоссуш деана,
Лахделла ши гIаларт Іара.
Суй баьгна, яйначу
Марзонийн сатийсам луьттуш,
ДIадаха когаш тIе
ГIаьттира Бетар, Кесийра.

ТIаьххьара садала
Диллинчу дийне дIакхаччалц,
Халонийн муьрг летарх
Дуьненахь хан такха деза,
Сиха ю белхан хан,
Де доьсси тахана декхна.
Дех дисна урд Iуьллу
БIаьстенна ахаза, деза.

Iад санна, букъ сеттош,
Язъелла дIакерча зама.
Цецвийла хIиттош ду
Хеназчу хьекъалан гIаттар.
Хьалхе дац хIинцале
Дахаран кIур листа Iама,
Берана эшарий,
Iуьйренан наб юьтуш, гIитта?..

БIаьргаш чохь шеконан
ТIам туьйсу цIе-алу йогуш,
ХIун оьшу берана
Гушйоцчу кханенах ойла?
Суй тоха куьг дацахь,
Йовхо лун кхерч хилац богуш,
ТIевеха да вацахь,
Ца нисло ирсан юьхь гойла…

Дечиган готанна
Къанъелла алаша йоьжна,
Дех дисна жима урд
Тахана долийра аха.

Готано харш цостуш,
Лаьттан алх бертала йоьжна,
Соз санна, текхара,
Хьекхалуш нахаран кІожах.

Кесийра – гурамехь,
Бетара нох, архаш лаьцна,
Малх лаккхехь ах а сов
Аьхнера ирзера латта.
Стиглахь цхьа марха яц,
Кхана а де хир ду декхна,
Кхуьур ду, и кІайдарг
Нох тесна, чекхъяккха атта.

Хьацаро яшийна
Алаша, берг етташ, сецна.
Ахархо воккхаве
ЩІеххьана белхан кадаьлла.
КІант, кхевдаш, дахаран
Куьйгара синхьаам эцна,
ЙогІучу кханенан
Шеконах пе тоьхна лаьтта.

Шен вашас йоккхушехь
Алаша готанах паргІат,
Кесийрас, шад бостуш,
Баржийра шайн екха кхача.
Къеначу кхура тІе
ЛадоьгІна, лахъелла хьаргІа,
ТІам булуш, кечъелла
ДІо ломан торха тІе кхача.

Тахана даьллачул
СапаргIат, самалхадаьлла,
Масийтта шо дузуш,
Де-буьйса ца деанера.
Кхаьллинчу сискалан,
Iаьвшина, къурд бина ваьлла:
«Ма чомехь нисъелла
Хьан сискал, ву цунна къера».

Хих юьзна лаьттачу
Кхабанан къамкъарг а лаьцна,
КIентан юьхь къежира,
Йишина там бан дош аьлла.
Хаза ю Кесийра,
Туй тесна юьхь-дуьхьал хьажжал.
Юьртахь а олура:
«Шен нана, – ятIийна яьлла».

Iаьржа ду бIаьр-кIореш,
Беснеш а, Iаж сана, йогу.
Оьздачу дегIана
Ца оьшу чилланан дари,
Когара окхеш а
Ца оьшу керланаш тега.
Хийла кIант, тем байна,
Хьоьжур ву хи эца яре.

Бетарна олура:
«Стаг хир ву куц долуш, оьзда.
Ден гIиллакх, ден амалш
Ма-ярра схьаэцна кIанта.

Сий-пусар доцуш, цо
ГӀиллакхан генаш ца тоьду.
Хеназа гӀаьттина
Хьекъал а ца хьоьжу антал».

Шад хьарчош кечбина,
Баца тӀехь жимма садаьӀна,
Къона ши ахархо
Делира цӀа кхача новкъа.
КӀеж туьйсуш кхихкинчу
Ойланийн тулгӀенаш хьаьъна,
Цу шина берана
Тахана дерриге тов-кха.

Ирзо чекхдоллучохь
Йолалой, хьун басе хӀутту.
Асанах хьаьвзина
Некъ боьду басах ирх, цӀехьа.
Шакаршца хьун екош,
ТӀемаш тӀехь олхазарш гӀуьтту,
Юьрто шен гӀовгӀане
СадоьӀу дӀо дукъал тӀехьа.

Малхбузу хан яра.
Ахархой гӀелбелла богӀу,
Ӏуьно а мохь бетташ,
Шен бажа юьрта тӀе лоьллу.
Лаьмнашкахь суьйрено
Шен суьрташ басаршка дохуш,
Пиллагах дегӀ дайло,
ГӀаттайой, дог-ойла йоьллу.

Стигланийн корах чекх
Декхна де дагийна баьлла,
РегIа тIе лахбелла
Малх Iара, цIен маша боьзна.
Эвлан юкъ къоначийн
ГIовгIанийн лууре яьлла,
Самукъне кхехкара,
Ламанан мерза хIуо оьзна.

Юрт юккъех цестина,
Ша санна, хин шовда Iена
ЙоI-маьлхан зIаьнарша
Шайн дарийн хьесий чутуьйсуш,
Шовдан чу тIам хьоьккхуш,
ГIаддахна, тал лаьтта къена.
Кхидолу дитташа
Вовшашка дайн шабарш кхуьйсу.

ТаьIинчохь шена чу
Литтинчу хин детиш Iенаш,
Юьззина тIехъоьхуш,
Дечган ной яхъелла Iуьллу.
ДIо лекхчу гу тIера
Чухьуьйсу кегийра цIенош.
Серашца юьйцинчу
Керташа гонах зил буьллу.

Юьртарчу хин-коьртехь
Суьйренца, даима санна,
ГIаш богIий я дойшкахь
Къоначийн пхьоьханаш хIуьтту.

БIаьрг хьагош, мехкарий
КIудалшца хи эца богIу.
Къоначийн дегнаш Iа,
Безамна суждане хIуьттуш.

Уьрдара воггIущехь
Говрана хи мало лиъна,
Кесийра цIа хьажош,
Шовдане вирзира Бетар.
Кху нохчийн лаьмнашкахь
Мел оьзда кегий нах кхиъна. –
Юьртахой я хьеший,
Салам лой, пхьоьханах кхета.

Бетар бер ма дара,
Пхийттара далаза-даьлла.
Пхьоьхане салам луш
Вистхила изхьан ницкъ буссу.
Юьхь йогуш, цIийелла,
Салам ло, йиш хаьлча санна,
ГIиллакхан дозанал
ТIех доцу масех дош кхуссу…

– ХIай кIант, цкъа схьаверзал, –
ЦIеххьана аз лере кхочу.
Букъ берзош, дIахьаьжча,
Разваьлла, церг-кхимар къежна,
Лаьтташ верг ГIачIа ву.
Юьхь-сибат бIаьргаша лоцу.
Бетар а вогIало,
«ХIун боху?» – хаттарца хьаьжна.

– Хьо вала дакъаза,
Хьайн говран совраца велла.
Муш сана, и текхо,
ХIун бала боьссина хьоьга?
Ас хьуна дин оьцу
Уьттаза Iаспарал тоьлла,
Хьо реза хир велахь
Кесийра яийта соьга.

Хоттала дожийна,
И аьхса, доьналла тоьъна,
Тепсаркъин кура кIант,
Ца вешаш, там хилла хьоьжу.
Хезначо лапп-аьлла
Кийра шен шийла ов тоьхна,
Бехкбоцчу бIаьргашна
Цхьа бIагор хьаьвзира къоьжа.

– Товш ду и? ХIун оьшу
Цу бере ца догIург дийца? –
Бехкбоккхуш, ГIачIига
ОьгIазе вистхуьлу Леча.
Ткъа важа-м шек а вац,
Иманан зирх боцчу цIийца,
Иштточо питана
Iанадо махкана хьеша…

Бетара, бос баьхьна,
ТIевахна, аьтту куьг-тIара,
Ткъес санна, ластийна,
Латийра, лерган зов датIош.

Нохчашлахь и тайпа
Иэхь дара даккхийчех лара.
Шарбалан йожаран
Мах бара иштгачо хадош.

Цу сохьта озийна
Баттара яьккхина шаьлта,
ГIачIас дIаюьйгIира
Шел жимчу Бетаран кийра.
Маьхьарий девлира
Хийистехь, лам Iадо санна,
Зуламо тIам Iаьржа
ТоммагIа юьртах латийра.

Ойланаш тIелетта
Дазделла дуткъа тай луьстуш,
БIаьргийн нур дуьнене
ТIаьххьара хьоьжура сирла.
Еллачу оьмаран
Пхьид эккхал йоца юкъ йостуш,
Шу хьанна девзина –
Тешнабехк, ямартло хилла?...

Доьналлех дожийна
Ца дохо, буьйда дегI лоьцуш,
Кесийрин къа-бала
Бетаран ойланех летта,
Iожалла йиццийна,
Хьийзара акха чIир оьцуш.
Пхьоьханехь болчара
ДегI лаьцна диллира лаьтта.

ДІанехьа, багарчу
Дуьрстанан гаьннаш а эгна,
Хиллачух ца кхеташ,
Къанъелла алаша лаьтта.
Зуламо, шогачу
Мехаца Іаьржа лол тегна,
Кху хаза еанчу
Суьйренан самукъа аьтта.

Къона дегІ, ца гІатта,
Шен цІийла аркъал а доьжна,
Ког хецна Іуьллура,
Багара цІий-тача даьлла;
Жим-жимма цкъоцкъамийн
Карара ши негІар доьжна,
Къевлинчу бІаьргийн нур
Дуьненан серлонах даьлла.

ЧІирана юкъ йоьхкуш,
ДІахІотта вацара цхьа а.
Я бекхам лоцу-те
Шена тІе кхоьллинчу Дала?
Собарна-м хІун яра
Шен доцу чам-муьста дакъа…
Вагийнарг вацара
Тахана, «со!» – аьлла, вала.

Серлонан са худий,
РагІ кхочий, йогІура буьйса.
Дийно а боданах,
Катухий, йора шен кескаш.

Тергамца лакхара
Чухьоьжу беттан тIус куьйса.
Юха а раж оьций,
Лаьттана маьлхан хье кхехка.

ХIаъ, иза-м генара
Болар дай, хада йиш йоцуш,
Эзарнаш абаде
Кхин а дIа юм юста дезаш.
Хилларг ду, чекхдолий,
Гуро шен кхеманца лоруш,
Дахаре кховдош дерг
Хила я ца хила реза.

Духаро кхиэл кхайкхош,
Цунна я цхьа бекхам кхуллу,
Я дуьту тергамза,
Шен лерган дуьхьиг ца уьхьуш.
Зама ю кхелахо,
Цо сардам эрна ца буллу,
Цо сема кхобучу
Кхетаман хьесап ца духу…

***

Тезет дIадирзира,
Масех де даьллера кхин а:
ТIап-аьлла, йоI яйра
Юьртара, билгало йоцуш.
Ца дуьсу Кесийра
Ца лохуш ламанца Iин а;
Буьйсанна хьаннашца
Лоьхура, цIераш а лоьцуш.

Гинарг а, хезнарг а –
Цхьа инса дацара долуш,
Лулара ярташ а евллера
Орцанна ара.
Я елла йисина
Къайленан багах ца долуш,
ЙоІах дерг хьулделла,
Ма-хуьллу лечкъина Іара.

ЩентІера, арара
Болх-гІуллакх, дан дезарг тесна,
Адамаш, тобанща
Даьржина, йоІ лоьхуш, сийса
Цхьа лаьттан коржам а
Къасталац, коган лар сецна.
ГІора-ницкъ ца кхоош,
Шаверриг ма-хуьллу хьийза.

ЙоІ яйра юьртара,
Бодашкахь механ гІад санна.
КІира сов тІехтили
Орцано Кесийра лоьхуш.
Хьаьнгара-м ду хаац,
Лар йоцу хабарш а Іаьнна:
ЙоІ, жинийн ницкъ тоьлла,
Йийсарехь, де доьхна оьхьуш.

Иштташу хабарех
Лаьмнашкахь Іемина теша:
Іехийна, тилийна,
Жинаша дІайигна боху.

– Валалай, суна а
Ма хезна, уьш Іачу бешахь,
Туп тоьхна, жинаша
Пхьоьханаш латтийна бохуш! –

Дуьйцура зударша
Хийистехь, шиъ цхьаьнакхетча.
Бераш а, цецдуьйлуш,
Ядийна йоІ юьйцуш Іара.
«Мел чІогІа етта, бах,
Жинаша шайн кара веъча.
Муха ду-техьа уьш?» –
Хоьттура вовшашка цара.

Дуьненах чам байна,
ЙоІ араяьллера цІера,
Дахарах хийцина,
Іожалла тІеэца шена.
Чухчаре кхийдачу
КІоргачу лам-берда тІера,
Чухьуьйсу бІаьргаш а
Мелачу догІанах Іена.

– ХІун яра, дуьне, хьо,
Дахаран лар лоргу гІенаш,
Шун чаьмза бІарлагІаш,
Садетташ, ас тоъал зийра. –
Эвнечу муьшканех
Диттина, гІелделла тІемаш
Баланийн соз Іуьйдуш,
Іийжий ахь сан готта кийра.

Ас дуьту, ца къуьйсуш,
Декъалвеш, ахь хьоьстучунна.
Буйннал бен йоцу со,
ТІулг санна, язъели хьуна.
Со да ерг хьаналдеш,
ДІало ас хьо дезачунна,
Сан бохург ца хили,
Сагийсарх, хьоьгара суна.

Ирча кхиэл тІеэца
ЧІагІъелла, йихкина ойла,
Мокхазах боьттинчу
Лам-бердан когашка хьоьжу.
ДІо лакхахь, аьрзу шен
Куйна тІехь Іаьршашака уьйбуш,
«Варийлахь!.. Геч хир дац!..» –
Аз даржош, лам гІуьтту къоьжа…

– Гой хьуна дІо аьрзу,
Ницкъ эшна, ца дожа гІуьтту;
Халонийн кхийдарша
Лаьмнаш ца хІиттадо гора.
Лаьттаца тхо шардан,
Шок цІийзош, мох-дорцаш гІуьтту.
Собаро орцанна
Кхачадо доьналла, гІора.

Іожалла-м йицлур яц,
Кхуьур ю шен декхар эца.
ЙоІ, иза эшарий
ТІеэца мах боцуш, атта?

Ахь хьаьнга, хIун аьлла,
Кховдийна вешех чIиръэцар;
Ахь хIунда дIатосу
Вешин дов, да воцуш хатта?

ЩIеххьана аз доцу,
Гуш доцу бехкбаккхар хезна,
ГIаьттинчу ницкъо шен
Токх тесна, готта чоь юттуш,
Дузийна йоьIан дог
Собаро лецира кийрахь,
Шен сина йоьгIначу
Кхиэлана юьхьдуьхьал хIуттуш.

ХIорд санна, яьржинчу,
Екхначу стигланийн ара
БIаьргбоьгIна, ладоьгIна,
Ойланийн кегарехь Iийна,
Цецйоккхуш, лаамийн
Ницкъ гIаттарх тешийна цара,
Цу бердан белш тIера
ЙоI юхаелира тийна.

Хьарчийна, ларбина,
Тишбелла боьзан шад бостуш,
Бетара, дегI хьулдеш,
Лелийна барзакъ схьаэцна,
Хьийжира, хьистира
Кесийрас, деган даI цоьстуш,
Шен вешин бIарлагIа
ТIам беттащ, юьхьдуьхьал сецна.

Корта дIабаьстина,
Куьг кховдош, некха тIе тесна,
Урс хьаькхна, юххех дIа
Хадийра ши чIаба еха;
Кхакханан куй коьрта
Тиллира, ши цкъоцкъам хьаьшна –
Ойланийн пал тийсарх,
ГIоле дерг дацара леха.

Коч-хеча дуьйхира,
Зуз деъна, дегI жирга дегош…
ГIовтал тIеюьйхира,
Асанца гIодаюкъ къовлуш,
НеIаран мачаш, чохь
Йисина лоьдгаш а егош,
Цо кога юьйхира,
Бахтарийн гаьннашца къовлуш.

ДегI-меже нисйина,
Когаш тIе гIаьттира. ТIаккха
ГIайгIанийн дахкарлахь
Ша-шега хьаьжира гIийла.
Гатбелла кийран кIаг
Iабийра доккха садоккхуш:
Гуш йоцчу кханенан
Мохан Iаь кхерстара шийла…

И гинарг хIуттур вац
ЙоI хилар чIагIдина ала:
ДегIан кеп хIоьттира
Жимачу къонахчун санна –

ХIун оьшу тIелаца,
Шен доцчу гIуллакхийн бала?
Шен йоцчу къайленийн
Лол баста хIун оьшу? Хьанна?..

Ядарх ца йолуьйтуш
Мохь бетташ, «Ца оьшу!» – бахарх,
Лаамза кховдийра
Кхолламо шен сагIин дакъа.
Ойланийн бодашлахь
Дилхина чам байна дахар
Экамчу къоналле,
Пебетташ, хьоьжура акха…

***

Масане дийно шен
Серлонца хийцира буьйса:
Лар йоцу некъан лол
Лам хадош, хьун хадош текха.
Мацалло, хьогалло
Кийра шен тезалла туьйсу,
Iин-кIорге Iадаеш,
Цхьа ирча мохь болу экхан.

Къасталац йоIана
Мичахь ю – уллохь я генахь,
Мичахьа йитина
Йина юрт, дай баьхна латта.
ГIелъелла дIатийча,
Семачу набаран гIенах
Тийсалуш, дIадевлларш
БIарлагIийн кегарехь льтта.

Меженаш малъелла,
Кхачийна дегІера гІора,
Дуьненан сирла бос,
Мажбелла, бІаьргашка хІуьтту.
Ког туьйсу, тІам туьйсу
Ца йожа, гІелъелла гора:
Юха а оьгІазло,
Церг хьекхош, чІирана гІуьтту.

Лам-тархан пхьуьйшара,
Куй санна, жима кІаг сийсош,
Дуьйлучу хьостанах
Іабийна хих хьаьгна кийра,
Наб хьегІаш, ма-хуьллу
ГІиртина синкхетам къийла,
Тархах букъ товжийна,
Кхетамах яьлла йоІ тийра.

Нур-хьесий дагадеш,
Маьлхан дин делкъал тІех леста.
Зоьртала лам Іуьллу,
ГІа-бецах некхан ваз даьлла.
ХІаваан Іаьнарехь
ГІа ловзош, попан тІам леста.
Іуьно шен жа лоьллуш,
Аз уьйбу, мукъаме ваьлла.

Бераллин баьрчера
Къоьжачу къаналлин биста
ЖаьІуьно-Іалмирзас
Идийна кхузара некъаш.

Диканаш я вонаш
ТІеэгна нахалахь листа.
Кху Іаьндахь Іалмирза
Цхьанна а ца гина текъаш.

…Уьш дийца дукха ду.
Дахаран бахьанаш хІуьттуш,
Хедира доьзалхойх,
Кхелхира хІусаман нана.
ДІадевлларш хьаьркашца
Ойланийн йозанехь луьттуш,
Къежвелла воккха стаг
Тахана висина цхьана.

Шерашка ца хьоьжуш,
Тов-таза лелаво Дала.
Тоуьйту баьлла кхаж,
Бехкаш дац кхолламе даха.
Хан яра лелалуш,
Дуй санна, дош долуш ала…–
Къонахчун лекха цІе
Лаа ца еллера наха.

Делкъенна сихдина,
Іуьно жа лоьллура руьйта.
ЦІеххьана вогІало,
Лаьттах дІалатийча санна.
Хьаьж тІе куьг диллина,
Цецваьлла, бІаьрнегІарш Іуьйду:
Тархах дІатевжина,
Дахделла адам го цунна.

ТІевоьдий, Іалмирзас,
Дайн даржош, хьаьж тІе куьг дуьллу:
Сихдина садоьІу,
Меллаша деттало дог а –
Берашха, жима стаг
Кхетамза, дегІ хецна Іуьллу.
ГІо эшна волчунна
Вокха стаг хьийзара доггах.

Канашкахь схьаэцна,
Юьхь тІе хи хьаьрсира шийла.
БІаьргийн ницкъ кхечира
ТІедоьжна ши негІар диэлла.
Цкъоцкъамийн корашкахь
Ши кІора къедира гІийла.
Дуьне а гІертара
Серлонан кирхьа дІадиэлла.

Хих масех къурд бича,
ДегІ жимма деара метта.
Юха а мацалло
Юьхьдуьхьал тІам бетта можа.
Къеначу Іалмирзас,
Гуш долчух ма-дарра кхетта,
ТІоьрмиг чохь схьалехна,
Кагбира сискалан кІажа.

Рицкъанах кхетта дегІ
Дирзира луурийн хорша.
Жи-жимма Іуьйшура
Жаннехча, сискалан буьйдиг.

«Мила ву? Суна хьо
Ца вевза, сан жима хьаша». –
Хьаттира жаIуьно,
Къамкъаргехь дешнаш а Iуьйдуш…

Лере шен аз кхуьйсург
Ца бевза мотт бара, хийра.
«Нохчо ву», – элира
Къоначо шен нохчийн маттахь.
Цу дешнех сакхетта,
Iалмирза, юьхь къежна, тийра:
Дуккха а хьошаллаш
Доьзнера цо нохчийн махкахь…

Хьагамийн цуьрг йоцчу
Кхолламан лар карлаюьйлуш,
Кесийрас дийцира
Шен некъан лааман маьIна.
Бетаран бедаршца
ДегIан куц хийцар а дуьйцуш,
Дуткъа аз дIатийра,
Ойланийн куьйланехь хьаьъна.

Юха а долийра:
– Ши некъ бу хIоьттинарг хьалха:
Iожалло са кховдор
Я вешин луьра чIиръэцар.
Цу шиннах къастийна,
Ойлано баьккхинчу цхьалха
ТIаьхьарчо къарийна,
Тем байна, дIайоьху шеца.

Ца хаьа йогIучу
Кханенан дагахь дерг даста.
Шен зама тIекхаьчча,
Цо хиндерг ухьур ду вайна.
Ас йинарг Делаха
ЧIагIо ю, йиш йоцуш яста.
И кхочушхиллалц, ас
Йина юрт йихкина сайна…

Къамелан чаккхенга
ХIоьттина тийналла йоьллуш,
Iалмирзин гIоргIа аз
Дистхилла дийкира тIаккха:
– Азаллехь язделларг
Дуьненан майдана лоьллуш
Дела ву, Цуьнгара
Бехк аккха цхьа а вац хьакъ а.

Собар ду коьртаниг,
Лам башо ницкъ кхочург шегахь,
Цо шеца толаме
Ца кхачош ца вуьту цкъа а.
Цхьа де дац дIа ца довш,
Догуш дерг цхьана а дегахь.
Кханено хIоранна
ДIакхачо кечдо шен дакъа.

Иштта ду, жима йоI,
Цкъа ларрий ладогIа соьга:
Ахь бинчу сацамна
Леррина кечам бу оьшуш…

Я тIеман говзалла
Я дегIан ницкъа а бац хьоьгахь.
Лар йоцуш долийнарг
Нахалахь цIе йоцуш оьшу.

Хьо жима зуда ю,
Берара ялаза-яьлла.
Верас а вац, бах, ахь
Тахана хьайн орцахвала.
Со хIинца гергахь ву…
Дуу дерг со диъна ваьлла.
Дош а ца дитина
Кханенна тIаьхьашха ала.

ТIелоцу, ахь бакъо
Ца екхахь, доьзалхо лара,
Хьоьгарчу балин мохь,
Да хилла, тIелоцу сайна.
Ойлано гойтур ду
Дан-дита догIуш дерг дар а.
ЧIирах дерг хьан дов дац, –
ТIелоцу ца дита дайна.

– Со теша, – Кесийрас
Долийра,садоккхуш доккха, –
Чолхе дац, даггара
Ахь динчу къамелах кхета.
Цхьа Делан ницкъ бу со
Хьуна тIекхачийнарг хIоккхе.
ГIайгIанах хьаьъначу
Дагна хьо ден метта хета.

Баркалла, байбарна
Бохь бегIна кийрара бала
Йожий ахь коьртан хье
Кегбина ойланийн ваба.
Бехкана ца лоруш
ЛадогIа, кхин цхьаъ ду ала:
Сан хьагам, – нигат ду
Бехкечух сайн куьйга Iаба.

Юха а цхьажимма
ЛадоьгIна, ойлане Iийна,
Iалмирзас долийра:
– Дика ду. Хуур ду кхана.
Ойлано мел оьшург
Шен метта дуьллур ду, хьийна.
Саготта ма хьийза,
Цунах дерг доккхур ду цхьалха.

Рицкъанаш севццачохь
Язделла кхолламан йоза,
Кесийра сецнера
Жан гIотехь – воккха стаг волчохь.
Денош тIе де дузий,
Замано ийзадо доза,
Луьйзучу когана
Чекхтила некъ-гечо долчу.

Божарийн барзакъан
Чкъор хийцац Кесийрас тIера;
Герзаш а леладо,
Iалмирзас совгIат деш делла.

Гуш дара, цьргара
Тешам зен дезар дуй Шера.
Уьш Іамо кхийдачу
Лаамийн яцара къелла.

Ца хьоьстуш, ца кхоош,
Яхчайо меженаш дегІан.
ТІелетта, лан декош,
Берг таса Іамайо «Расха».
Мокхаз-суй буьллучу
Мажарца лекхачу хьехан
Буьххьара йожайо
Мокхачу куьйранан мас а.

– Дала вай лардойла!:
Иэхье ду тІаьхьашха тохар, –
Іалмирзас кечйо йоІ
МостагІчун юьхьдуьхьал хІотта.
Цо бакъо йихкина
Къонахийн амалех йоха,
Дешнашна урх елла,
Совнаха ца лебо мотт а.

– МостагІа къона ву,
Божарийн ницкъ а бу цуьнгахь.
Шаьлтанца и вара
Кадечу куьйган ка деза.
Дош тІех ца туьлуьйтуш,
ЛадогІа ас дуьйцучуьнга,
Хьо дуьхьал хІуттун верг
МостагІ ву. Дац иза кІеза.

Iоттар – и иэхье ду,–
Мегар дац стешха ца лара.
Шаьлтанан дуткъа гIад
Меженах, човхаеш, тоха.
Берд санна, дуьхьало
ХIуттур ю мостагIехьара.
ДIо стиглан коржамаш
ТIеIенарх, мегар дац йоха.

Кесийра дех санна
Йоьллера къоьжачу хьешах.
Го туьйсу Iалам а
Марзоца тайнера цунна.
Стигланаш сецочу
Лаьмнийн сурт кIордадац хьежарх,
Дахар а хьаьънера
Бехк боцуш ша Iийшинчунна.

Вовшашна евзина
Амалш а евллера тайна.
Чохь-арахь дан-дита
Дацара йоIана хьеха.
Цхьаалло садиъна,
Сингаттам тIепаза байна,
Iалмирзин хIумма а
Дацара Кесийрин меха.

Сих-сиха йоI оьций,
Ойланаш йовлура пана:
Марзонца кхиъна юрт,
Beралла лоьхура цара.

Ховхонан марзонца
Куьг хьокхий, хьостура нанас,
Бетар а, юьхь къежна,
Йишица къамелдеш Iара.

Уьш – хилларш, дIадевлларш –
Кхин юха доьрзур дац цкъа а.
Тийналлин корера
БIарлагIаш оьхьур ю цара.
Ойланийн бакъо ю
Листа шайн долара дакъа,
Дог дуьзна, сатуьйсуш,
ГIайгIанийн гIенашкахь дара.

***

Га доца некъ хаьдда,
Бетарах йисинчух терра,
Качъелла, лаьмнашка
Йоьссира рогIера бIаьсте.
Iалам, куц денделла,
Кхевдира дуьненан ара.
Юха а хазделла,
Зезаго лам-басе хьаьсти.

Юха а малх боьлу,
Йовхо луш тохара санна
ТIам луьйзуш, шакаршца
Олхазарш хIаваэхь кхерста.
Юха а Iаламан
IатIаран Iаьнаршца Iаьнна,
Дуьненах хьаьрчина
Хазделла, эзар сурт къеста.

Чаболахь берг тесна,
Дукъ цоьстуш, йогIура Расха.
Мохо дайн гIиттадо
Беречун белш тIера верта.
Урх узий, шен динан
Болар а дайдо цо цкъацкъа.
Динахь верг я беха
Я боца некъ кхачо гIерта.

Iалмирзех къаьстина,
Кесийра яьллера ара.
Уьйро шад хьарчийна
Тай листа дацара атта.
Комаьрша лаьттинчу
ХIусаме сакхийдаш Iара,
Лаамо ницкъ белла,
Денъелларг когаш тIе гIатта…

Цул тIаьхьа, къастаран
Юкъ тоьгуш, денош тIехтилла.
Синхьаам кхачийна,
Беречо юьртан го цоьсту:
Бераллехь бовзаза
Бацара кхузахь цхьа зил а –
Мел хIуъа аьлча а,
Шен мехкан уьйраща хьоьсту.

Дукъ тIера чухьаьжча,
Юьртан туп ма-ярра гора.
Изза ю мох лоьцу гIар-гIовгIа,
СадеIар – изза.

Ойлано, хьарчайой,
Хьомечу ков-керта хьора.
ДІадаза лаьттара
Го къовлуш озийна сиз а…

Там-товраш, марзонаш
ГІоргІачу гІайгІанийн кийрахь
ДІаяйра, дуьненан
Хенашкахь, ца хилча санна.
Цул тІаьхьа хан яьлла,
Дог-ойла, кІеж хьаьъна, тийра.
Тахана чевна тІе
Юха а туьхан цинц Іаьнна…

Тем байна кхийдара
Зудабер шен боцчу новкъа,
Лаамо хьагийна
Оьхьучу аьттонах тешна,
Цо бІаьргийн куьзганех
Чукъеда мостагІа лов-кха,
Дагах церг туьйсучу
Ойланийн йовхонехь ешна…

Іуьйрана говрашкахь
Вовшашца къамеле ваьлла
ВогІучу шиннах цхьаъ
ЙоІана вевзира атта.
Собаро ца аьллехь,
Луурийн хоршара яьлла,
Долийнарг чекхдала
Тарлора, юкъ цостуш, хаьдда…

И вара, бехкбоцчу
Кесийрин деган цуьрг юьзна,
Кийра цIе йиллина,
Ягийнарг ов детта алу,
Ойланийн апареш
Iийжамийн бIаьрхишца дуьзна,
ГIоддаха гIиртинарг
ЙоьIан дог кIожамах лало.

БIагоро хьовзийна
Коьртан чарх еара метта.
ХIинццалц и яьхнера,
Де кхаьчча, собарах йоха?!
Шиъ ву уьш… Цкъачунна
Дов хьедар цаэшарх кхетта,
Кесийрас витира
Ши бере некъан лол тоха.

Цхьаъ бен некъ бацара
Юьртана тIебоьдуш, богIуш,
Де, текхна меллаша,
Суьйренан садоге леста.
БIаьргаша тидамза
Ца вуьту воьдург я вогIург. –
Дукъ хьоьшуш, хьашташна
Бевзарш я цабевзарш кхерста…

Юткъа юкъ къуьйлучу
Герзаш тIе куьйган ка кхоьхьуш,
ЛадоьгIуш Iара йоI
Дукъ лахахь, таьIинчохь тийна.

Іуьйрана вевзинчу
МостагІчо юьхь-сибат оьхьуш,
Сатоьхна, шад бина,
Бихкина синлазам зийна.

Малхбузу ламазе
Кхойкхура юьртара молла,
Жимма хан ялале
ДІо дукъца цхьа мукъам кхерста.
Байн мохо лестайо
Ламанан хьун-басехь кол а.
Цхьа бере мукъамца
Суьйрана юьртехьа леста.

ГІачІа ву вогІушверг,
Дин боцург, кхин накъост воцуш.
ХІумма а дац цуьнан
Дахарна саготта хьийза.
Аьлларг ду, лиънарг ду
Чекхдолуш хамталла йоцуш.
И веха ков-керт ю,
Бод санна, хьолана сийсаш.

Тайна бу бора дин,
БІаьргана ца кІордош хьежа
Тоьллачех лору и
Кху лаьмнийн ярташкахь наха.
ХІайкалш ду оьхкина,
Адаман бІаьр-хьух ца тешаш…
Кхелинчу гІирсех а
ГІийбаташ дацара даха.

Исхаран чоа ду дуьйхина
Бустамаш къегаш.
Кхелинчу доьхкаро
Герзашца гIодаюкъ къуьйлу.
БIоржамийн кан санна,
Ирх кхийда хьийзина мекхаш.
Куй бинчу бухарин
Холхазан чо серлабуьйлу.

Цо мукъам хадабо,
ЦIеххьана урх оьзна сецна.
Дино, шен некъ боьхуш,
Сецначохь берг етта лаьттах.
ДIо некъан юкъ лаьцна,
Шоралла расха дин тесна,
БIаьргбоьгIна, чурт санна,
Ца вевза цхьа бере лаьтта.

Ши бIаьрг бен гуш боцуш,
Башлакх ю хьарчийна коьртах.
Цавевзарг дегIана
Мелла а хесара хета.
Белш тIера гаъ хьаьшна,
Говрана тIедижна верта.
Ю санна, ГIачIина
ТIедоьгIна хьажар ца хеда.

ТIекхочий, говрара,
Даздина салам ло ГIаIас.
Беречун багара
Дуьхьала жоп а ца долу.

Воккхачу ГӀачӀина
Эхь ду и даго тӀелаца. –
Меттан дӀовш ца кхоош,
Цо цуьнга кӀоршаме олу…

Юха а цавевзарг,
Динах дӀалатийча санна,
Экханан хьежарца
Багах дош ца долуш лаьтта.
Дуьхьала хӀоьттинарг
Яцара бӀарлагӀа, гӀан а.
Кхин цкъа а цавевзарг
Дешнаша варжаво аьтта…

Беречо яьстира,
Юьхь хьулъеш хьарчийна башлакх.
Безамехь, чиркх санна,
Сирла сурт даьржира хьалха.
Цецвалар хьулдина,
Цавешаш воьлура ГӀачӀа.
ЙоӀ яйна я елла
Цахилар делира цхьалха.

«Тахханалц со хьаста
Ца йогӀуш, хьо хӀун деш Ӏара?..» –
Вистхуьлу йоӀе и
Товшйоцчу забаран маттахь.
Кийра чу ца тарлуш,
Садетташ, дог гӀерта ара.
Кхин дерг-м сов дара –
МостагӀче хьежа дац атта.

Кесийрас, дегI дулуш,
Кховдийна, каде шед тоьхна,
Дуткъачу лазарца
Iовжийра мостагIчун агIо.
Цу «адам йилбазо»,
Дагахь а цахилларг оьхьна,
ГIачIас шен шаьлтанца
И яра йинера чIагIо.

Кхин цкъа а шед кхетта,
ОьгIазе, церг цергах хьекхош,
Тоха а, Iотта а
Шаьлта тIелестайо ГIачIас.
КхозлагIа кхеттачо
Лазийна, дарвина вегош,
Дилхан чкъор оьккхуьйтуш,
Юьхь тIера даьллера тача.

Лестайо цо шаьлта,
Коьртана я даге лоьцуш,
ЙоI, каде дIатаьIий,
Мох цостий, тIехтуьлу лепаш.
Iоьттича иэхь хилар-м
Дацара тидаме оьцуш,
МостагIа хьийзара,
Ма-хуьллу каяла гIерташ.

Оьздалла яйнера
Лаьттина меттиг а боцуш.
Маьттаза лелхачу
Яппарша шайн хирриг дора…

Шед тухий, Кесийрас,
Юха а цхьа меже лоцуш,
МостагӀчун куьйгана
ТӀекхача аьтто ца лора.

Эххар а, вертанан
Шуьйрачу тӀома кӀел кхевдаш,
ЙоӀ каде кхиира
Шаьлта шен баттара яккха.
Луьйтанах ког боьгӀна,
Айалуш, ластийра тӀаккха
Дагах зӀок йиттинарг
Дахаран долара ваккха…

Кхеттачу шаьлтано
Логашад хадабеш, сецна,
Дилханан стомма гӀад
Цестина, йиллира ворта.
Хьун-тогӀи Ӏадаеш,
Цхьа ирча мохь-цӀогӀа эцна,
Аьтту белш йолчухьа
Лестина, тевжира корта.

Къевлинчу буйнара,
Басталуш, юьйжира шаьлта.
Меженаш малъелла,
ДегӀан чарх хаьрцира нуьйрах,
Кхозалуш, малъелла
Меженаш кхевдира лаьтта,
Коган гӀад ца хоьцуш,
Луьйтано лаьцнера гурахь.

Вортанан хаьддачу
Пхенаша довха цІий детташ,
Хар текхош, екара
Шиъ йина къамкъарган хара.
Шерашкахь лелийна
Даг тІера оьгІазло етта,
Ша динчо йохийна
Кесийра Іадийна Іара.

Хан эрна ца йойуш,
ЙоІ сихха еара метта.
Говрара йоьссина,
Луьйтанах ког паргІатбоккхуш,
Къилбехьа дерзийна,
ГІачІин дегІ диллира лаьтта,
Цо «Еса» долийра,
Хьалхара «Бисмилла» доккхуш.

ТІаьххьара садаьлла,
Дог сецна, дегІ-меже тийра,
Юкъал тІех далале,
Къовлалуш, хедира «Еса»…
БІаьргаша Іаьвдина,
Беснеш тІе ладарш карчийра –
Ша цхьалха даьккхинарг
ЦІеххьана, хетара Іеса:

Кху екхна еанчу
Суьйрено шийла кхаъ белла,
Кхин цхьаъ а йоьлхур ю
Шен нанас винчунна, тийжаш.

Бехк-гуьнахь доцу дог,
Къурд бина, дIаьвшан кад мелла,
БIарзделла хьийзар ду,
Заманан йохалла Iийжаш.

Дуьненан аналле
Кийрара мохь-орца аьлла,
Кхин цхьаъ а йоьлхур ю
КIантана – бехкбоцу нана.
Мел дукха хан яларх,
Кхул тIаьхьа самалхадаьлла,
Пекъарна дахаро
Кховдор бац марзонан кана…

Доьлхура йоьIан дог,
КIадъелла, оьгIазло хьаьъна.
Шен хьаьркаш къевлина
Даьллера кхолламан йоза.
«Тоьар ду къоначу
Дахаран таьлсаш чохь IаьIнарш…» –
Сатедан гIертара…
Декара бIаьстенан хьоза…

Лаьмнаш а лаьттара
Доьналлин амалех сийсаш.
Диканна я вонна
Къастабой, бекхам ло цара.
Кхузахь цхьа Iадат ду,
Йишйоцуш дуьненахь хийца:
Цхьаммо а магош дац
Шен маршо эгIаза ларар…

Доьзалехь божабер
Ца кхиъча, хІуьтту вай холчу:
«КІур байна, цІе яйна…
Зудабер – тІаьхье яц», – олу.
Яхь елахь, дош делахь,
КІентий а бехийла болчун,
Баъссачу кхерчара
«ХІупп» – бахарх, алу ца йолу…

## ШИНА ТОБАНАН МОНОЛОГАШ

Аьрру агІор – кІорга берд.
Бердах вахнарг – велла
Некъ бу аьтту агІор Берг.
Новкъа вахнарг – лелла.

***

Вовшашна церг йоьгІна,
БІостане мостагІий хилла,
Дуьненахь ца тарлуш,
Ши тоба дуьхь-дуьхьал хІуьтту:
Цхьаъ гІерта дахаран
Хьаьркашна дашо варкъ дилла,
Ткъа важа, даржийна,
Дуьне шен кога кІел дилла.
Церан шайн амалш ю,
Некъаш ду дахаран,Іеран.
Дов доцург, вовшашца
Кхин гІиллакх ца догІу церан.
Накъостий бан гІерташ,
Даима вай цара къуьйсу,
Шайн вирде вирзинарг
Декъалво я бердах туьйсу:

**С о н т а л л а:**

Со йоцург, шай дала
Мах боцу цIоьлгаш.
Сан тайпа ца лелла
БIарлагIех дешаш.
Адамаш – ма-ярра
ГIовгIане тIоьлгаш.
БIагIара маьлхан бIаьрг,
Хьо стенна къежа?
ДIайовла зезагаш –
Къарзораш лаьттан,
Муьстачу хьожанца
Бехдинарш латта.
Олхазарш, йиш хаьлла
Шайн шакарш лоькхуш,
КIордийна сан лерехь,
ЧагIалкхех Iоьхуш.
Седарчий – ма-дарра
Моьлкъанийн бIаьргаш,
Аш хIун до, акхачу
Стиглара къерзаш?
Эрна дац, пха санна
Сан кура сеттар.
Исс вина воькъур ву
Сайн дагах кхеттарг…

**О ь з д а н г а л л а:**

Ас товшдерг къобалдо,
Лору и сийлахь.
Цо логан шад лоцу
ЖовхIаран механ.
Оьздадерг – товшдерг ду,
Дахаран кийрахь,
Марзонан чам тайна,
ГIиллакхехь дехаш.
Царах вайн дахаран
Хазалла кхуллу,
Цара дош мел доцург
Кога кIел дуьллу.
Замано царна шен
Дашо хIур буьллу.
ТIехйолуш, туй тосий,
НеIалт ца кхуллу.
Оьздадерг тIелоций,
Нахалахь лору,
Ца хетта маьттаза,
Ца хетта дорах.
И кхиъна дехачу
ХIусамехь, кертахь
Марзонийн уьйраша
Хан йоккху бертахь.

**Т е ш н а б е х к:**

Сох тешна ваьлла цхьаъ.
Тешийта шена.
Къайллаха цунна сайн
Кхиэл ю ас лехнарг:
Iин-кIорге кхевдинчу
Мокхазан бердах
И кхосса хьожур со,
ТIаьхьашха тоьхна.
Цо хьанал гулдинарг
Дуьтур ду сайна.
Вахьийта Iожалле
Валийта шена.
Тоьар ду, дуьнено
Ловзавар тайна –
Вахийта хьошалгIа
ВорхIе а дена.
Маьхьаран орцанца
Елхийта шена,
Iенийта бIаьргех хиш
Къеначу ненан.
Сайгара даьллачух
Там хилла боккха,
Со цаьрга, дог Iаьбна,
Хьожур бу тIаккха.

**В о ш а л л а:**

Мила ву гІо эшнарг? –
Вистхила соьга.
Куьг ду сан тешаме
ДІакховдо хьоьга
Вуьтур вац дІатесна
Шелвала дорцехь
Я цІаре марцийта
Маьхьаран орцехь.
Хьан бах, хьо цхьалха ву,
Вала да воцуш,
ДІататта атта ву,
ГІорто тІам боцуш? –
ХІун хаьа, де дагІахь
Вошалла эшна,
Вуьтур вац харцонан
Хьацарлахь вешна.
Дахарна достур ду
Дихкина некъаш,
Диканаш кхоьхьур ду
Дуьненна диэкъа.
Ямартло, тешнабехк –
Шун Іаьржа ойла,
Садаккха садукъдеш,
Шун цІийнах гІойла.

**Къизалла:**

Къинхетам – сан эмгар
Мила ву лоьхург?
Ас иза, лачкъийна,
Сайн четахь къуьйлу.
Къизалле шапаIат
ХIун аьлла доьху?
Иштташух сан дуьне
Цецдаьлла доьлу.
Да воцуш хийла бер
Дуьтур ду байлахь.
Бехкбоцуш къарвина,
Хьийзор ву хийла.
БIаьстено бай сенбеш
Хазйинчу арахь
Ас дорцан оханаш
Хьийзор ду шийла.
Ас наной буьтур бу
Баланаш мийла,
Даг тIера йохийна
Ойланаш къийла.
Ас цхьалха дохур ду
ГIоране кхочурш,
Хийла са, хийла дегI
Балане лоцуш!..

**К ъ и н х е т а м:**

Къизалла хьиэша ницкъ
Ца хилча сайгахь,
ХIун дора, эрна са
Текхийна лаьттахь.
Къизалло кхоамза
ДIатеснарг байлахь
Сан баьрчехь вехар ву
Ирсан марш баьттIа.
Цо мохехь чехочу
Сийначу арахь,
Ас, маьлхан хIу тесна,
Дендийр ду Iалам.
Цо къиза катоьхна,
БIаьргех хи даьлларг
Иттаза ца велош,
Витинехь, алал.
Цо тIеман цIеращца
Мерцинчу лаьттах,
Сан куьйго денйина
Дахаран хьаьтта.
Цо дара хьийзийнарш
Сан ницкъах тешна
Ас дуьне ца хьешна,
Къизаллел иэшна.

**С у т а р а л л а:**

Со даерг кIезиг ду –
И доцург дуй сан?
ХIоккхахь дерг, дIогахь дерг
Деза́р ду сайна.
Беттаса, малх а – сан.
Седарчий тховса
Лаххьийна гали чохь
Дохур ду къайла.
Стигалан йистйоцу
Аренаш сийна,
Нох тесна, охур ю,
Йохур ю дола.
ДIо лаьмнийн кханчанаш
Гулдина сайна,
Iаьршашка кховдор бу
Бохь ойу холла.
Хьожур ву, дIашершош,
Бешан зил шорбан,
Стамйина дIахIотто
Сайн хьолан ворта.
СагIина кховдор бац
Рицкъанан кана –
ДIадекъахь, кхачийна,
Лекъар ду кхана.

**К о м а ь р ш а л л а:**

Чуверзал! Пурба дац,
Ма гIол, тIехвалий.
Чомехь бу тахана
Кечбина кхача.
Вар-кха хьо деанарг
Цхьа деши гали,
Когашка ялъяйта
Схьаял ши мача.
Ша-шена кхаьллинарг
Дагах ца кхета. –
Вовшашца баий вай
Сан хьанал кхача!
ХIун деза, алахьа,
Со да ерг хьайна?
Ас деллaрг сан ма ду,
Даций и-м дайна
ДIаэца стигланаш,
Латтанаш эца.
Ма-луъу дегIана
Маьрша тIам хеца.
ДIало ас аренаш,
Шовданаш хьуна.
Хи дуьллуш, мерза стом
Кхиийта хьуна.

***

Иштта и ши тоба,
Азаллин геналла эцна,
Ца къарлуш схьайогIу,
Вовшеха туьйсуьйтуш кескаш
Лерехь цхьаъ дуьйцучу
Шеконо, ойланех туьйсуш,
Сан деган боги чу
Лестабеш, сингаттам кхуьйсу:

ХIун хир ду, бакъонан
Хир хаьдда, кхачийна гIора,
Детоьлла, харцоно
И шена хIоттийча гора?
Цкьа Дала дIаэцарг,
Бакъонан буйнара ваьлла,
Дуьненна ца къарлуш
Зуламийн лууре ваьлча?..

## НЕНАН УЗАМ

поэма

*Ненан безамна*

Генара цхьа узам,
Ойланийн тезетахь тийжаш,
ГІайгІане лекхалуш,
Лерера ца болу сан.
Дорцан къахь гІиттаеш,
Шелоно аренаш къуьйлуш,
Цо хийла хьийзийна,
Лай вина сингаттаман.

Ойланаш Іадийна
И узам бацара хедаш,
Ас цуьнга, цаваьлла,
Шовкъйоцуш, дийгІина ла.
БІаьркореш тІадийна,
Сан ненан беснеш тІе ледаш,
Ткъевнечу йочано
Къуьйлура сан жима са.

Хиллачух ца кхеташ,
Бералла йоьдура хьаьдда,
Ца гойтуш суна шен
Самалхадаьккхина де.
Вистхила ца вуьтуш,
Лаамийн марзонех хаьдда,
Хеназа гІиттина
Ойланаш кхийдара тІе…

Сан жима дог хьаста,
Дуьйцура нанас цхьа «туьйра»:
Буьйцура, хьегавеш,
Баьццара зезагийн мохк.
Цу махке сатосий,
Луьстура ойланийн уьйраг.
Корах шен кадетташ,
Хьийзара сауьйзу мох.

Туьйране ладоьгIуш,
Со цергех хи дуьйлуш Iара,
Сатуьйсуш, дийцинарг
Бакъхилла, цкъа бIаьрга ган.
Доркъана тийжачу
Акхачу казахийн арахь
Ламанаш гIуьттура,
Ойланех хьекхалуш сан.

ТIекхийдаш кхозура
Стоьмашна дазделла гаьннаш,
Шовданаш декара,
Стигланаш лийчаеш чохь.
Буьйсанаш йогура,
Седарчийн серлонех Iаьнна.
Беснеш тIе барт бохуш,
Дайн хIаваъ хьерчара сох.

Мел дийцарх, ца кIордош,
Леррина ладегIа лиъна,
ГIайгIанехь кхачалой,
Сан туьйра долура чекх.

ТӀевоьхуш, хьегаме
Ойланийн сатийсам биъна,
Анайист хедаеш,
Туьйране кхерстара некъ.

Сан лаам кхийдара
Пекъаран садуург довза.
Кхоьлинчу бӀаьргаш чохь
Синхьаам лоьхура цуо.
Ца юьтуш чомахь сан
Къайоцу бералла ловза,
Басталуш бацара
ГӀайгӀано къевлина гуо…

Ваханчохь, веанчохь
Сих-сиха хоттура нанас
Олура:«ХӀун дуьйцу?..
Ца боху, дуьгур ду цӀа?..»
Ма оьшуш бацар-кха,
Мел хиларх, дуьненан бахам,
Лаар-кха, ялале,
ДегӀаста цкъа бӀаьрга ган!..

Дависа, дуьне хьан,
Дависа, дай баьхна латта.
Дависа, генара
Ӏуьйренаш, суьйренаш шун.
Шен махкахь нисделча,
Ма готта дацар-кха лахьта.
Синмаршо йихкина,
Хан яккха мел хала ду!..»

Мел догIу де-буьйса,
Къахьделла, кхолламо луьстуш,
Кханенаш ягаръеш,
Сих ца луш, йоьдура хан.
Кхоьлина ненан юьхь,
Самалхадаьккхина, хьостуш,
Тидалуш дацара
Тембоцчу набаран гIан…

***

Цамгаро, церг хьакхош
Юьхьдуьхьал оьгIазло тесна,
Цкъа суна гатбина
Хьовзийра кхолламан гуо.
Дог Iийра сатесна,
Эшначу дарбанна лоьхуш
ДегIана тIекховда
Ховхачу куьйган йовхо.

Сан бIаьргаш хьабдина,
ТIедоьжна ши негIар Iара,
Шайна чохь лечкъадеш
Марзонех хьирчина васт.
Моьттина даьллера:
Доккхачу дуьненан арахь,
Меттара гIаттавеш,
Дарба дан говзанча вац.

ДIадевлларш, гулделла,
БIарлагIийн гIенашка хIуьттуш,
Хьацаран кIур вина,
Хьуьйсура хьегавеш со.

Босбаьхьна, эттIачу
Балдаша шабарщца луьттуш,
Аз доцчу маьхьарца
Доьхура ненера гIо.

Йогучу алунах
ЦIелетта богура кийра,
Шена чохь лийчаеш
Йовхачу Iаьнаран тов.
Догдилла ца хIуттуш,
Дахаре хьоьжура гIийла,
Ма-хуьллу дIатоьттуш
Кхолламо кховдийна дов…

ЦIеххьана, гIоли еш,
ДегIера лазарш дIатийна,
Биллинчу бIаьргашна
Кхоьлина ненан сурт гуш,
Синхьаам денбелла,
Там хилла, со тийна Iийра:
Ненан куьг доьжнера
Коьрта тIе, шен дарба луш…

Ненан бIаьркорашкахь
Суна сайн сурт хаалора.
Дагах чекх Iийдалуш,
Ледара цаьргара нур.
Дендала детталуш,
Хьийзара кхачийна гIора.
Кагдала сеттара
Цамгаро ластийна тур.

Меженех хьирчина
Ненан куьг дарбане хилла,
Еха юкъ ялале,
Когаш тIе хIоьттира со.
Ненан куьг, кхевдина
ДегIана тIекхочехь хилча,
Цо лучу йовхоно,
Хьаам бой, шен дарба до.

***

ГIайгIане тIекхийда
БIешерал дахделла денош,
Хьаьхнера, шерашкахь
Дагардарх, кхача ца луш.
Догдууш, къардина,
Кханенах сатийсам хьегош,
Кхолламо, шад бина,
Хьулдинарг дацара гуш…

Хьаьхнера узам, кхин
Чекхбала тIаьхье ца хедаш,
Ког тийсарх, цуьнгара
Валалуш вацара со.
Схьаолуш дош доцуш,
Далхош дерг дацара кхеташ,
Схьадала гIертара
Цо, дууш, гатдина са.

Да виса, дуьне, хьан,
Кхачалуш дацара лекъна
Ненан бIаьрчIурамех,
Іийдалуш, бухдуьйлу хиш.

Хеназа юьхь цоьстуш,
Хебарша маIарш тIехьекхна,
Йохийна хиллера
Мискачу пекъаран йиш…

Даймахках даьккхина,
Кхолламо са гена даьхьна,
Хийрачу кху махкахь
Дуьнен тIе ваьллера со.
Ас кхузахь ядийна
Бераллин цхьа кийсиг яьхьна.
Дийцарехь, кхузахь сан
Дуьзнера хIинцца пхи шо.

Хиллачух, леллачух
Со хIинцца воьллера кхета.
ТIекхиа гIертара
Кхетаман га тесна са.
Сан лаам хьаьгнера:
Кхин дегIах кхоам ца хеташ,
Ненан дог Iийшинарг,
Кагвина, дог Iаба цкъа…

Деган чов ца йоьрзуш,
Хиллера хийра мохк хьаьхна.
Цхьа нохчо ца вуьтуш,
Бохийна хиллера нах.
Бехкбоцуш, жа санна,
Лаьхкина, махкара баьхна,
Каш доцуш, чурт доцуш,
Эзарнаш беллера, бах.

ДоӀанийн дехаршна
Делера къинхетам кхаьчна,
Генара сатийсам,
Хьаамбеш, бирзира цӀа.
Яхъелла буьйсанаш
Кхачийна, боданехь яьгна,
Даймехкан серлонах
Даьржира Ӏуьйренан са.

Сан ненан туьйранаш
Бакъхилла, бӀаьргашца луьттуш,
Дуьненан хазаллех,
Цецвуьйлуш, кхийтира чам.
Марзонийн кхаъннашца
Вовшашка маршалла хоьттуш,
Баланех дайделла
ГӀаьттира сан нохчийн къам.

Ненан юьхь екхаеш,
Сингаттам тӀепаза байра.
Готтачу кийрара
Дог паргӀатделира сан.
Малхо шен йовхонца
Къагийна зӀаьнарш ца тайна,
Дешна дӀаделира
Сауьйзуш дахделла Ӏа…

БӀаьргийн хи лечкъадеш,
Нанас кхин лестаяц куьйра.
Сахьийзош, сагатдеш,
Дуьненна ца йоьлху и.

Чекхдаьлла, кхачийна
Ас дукха ладегIна туьйра.
Мел дукха сатийсарх,
Нанас и дуьйцур дац кхин…

Декъала йойла и
Вайн синош кхоьллинчу Дала!
Дахаре га тесна,
Гергарло-м хадийра цо.
Кхин цунна хьегIар бац,
СаIуьйшуш, дуьненан бала.
Дагах кадеттар дац
Дуьненан сингаттамо…

Делахь а, сан ненан
Узам бу тийналла лоьцуш,
Ойланех тийсалуш,
Хаац-кха, хIун де бах цо.
Мел хьадарх, мел вадарх,
Цуьнгара вала йишйоцуш,
Сан лерехь текъаме
Мукъам бо цу узамо…

## ЙОЬХНА ІУЬЙРЕ

поэма

Дагах чекх ийзадеш
ГІайгІане мерзаш.
Шийла мох, сауьйзуш,
Тийжара арахь.
Дазделла, букъ тІаьІна
Ойланийн терза
Шеконийн сингаттам
Хьулбина Іара.

Буьйсанан хир хаьдда,
Серлонгахь ешна,
Къематан де хьийза
ТІам бетташ лаьттахь.
Кхайкхаза кхаьчначу
Балано хьаьшна,
Лазийна Іуьйренан
Тийналла яьттІа.

Хье-тІамарх чекхдуьйлу
Маьхьарий цІийзош,
Къизалло челакха
Кога бохь бьгІу.
Нохчийчоь, деэшна,
Дедоьхна хьийза,
Хьесталуш, Делера
Къинхетам боьхуш.

Кхиэл йоцуш, бехк боцуш
ХьогӀан кхаж баьлла,
Нохчий бу дуьненан
Махьшаре лоьхкуш.
Ца хоьтту: хьаьнгара,
ХӀу гӀалат даьлла –
Даймехкан марзо ю
Нохчашна йоьхкуш.

Дакъаза ма даларг! –
Са мере кхаьчна,
НеӀ еттарх, орца дац
Набарха долуш.
Тилкхаза яьллачу
Харцоно хьаьшна,
Йожийна бакъо яц
Багах дош долуш.

Къовзабеш кховдийна
ТӀаьххьара кана,
Рицкъанаш, буй къовлуш,
Кхачийна махкахь.
Лаххьийна, цхьа инса
Ца дуьтуш, кхана
Нохчий бу кечбина
Махкара лахка.

Меттара гӀовттийна
ЭгӀаза бераш
Дерзинчу догӀмашца
Шайн нанойх хьерча.

Эндаже кадетташ,
Ирсан цинц церан
Кхоамза лестабо
Харцонан кхерча.

КIур бина, муьстачу
Меттан дIовш кхуьйсуш,
Хьийзачу эпсарийн
Герзаш тIекъерза.
Тхов боцуш, кхерч боцуш,
ТIейогIу буьйса.
Стигланех Іийдалуш,
Дорцан ткъов серса.

Ца вуьтуш схьаэца
Ахьаран кана,
Букъ берзош, ма-хуьллу
Сихое, бах-кха.
Лаххьийна, цхьа инса
Ца дуьтуш, кхана
Нохчий бу кечбина
Махкара лахка.

Текхаргах таръелла,
Некъе сатесна,
ЦIерпошташ кечъелла
Малхбале тиэкха.
Хирцинчу кхолламийн
Ларчанаш эцна,
Акхачу мехкашна
Синчархаш йиэкъа.

Хардангийн кийрара
Іаьржа кІур туьйсуш,
Уьш, некъан лол тега,
Эмалкех терса.
Лаг лоьцуш, синош шен
Кхеманца Іийша,
Гуран Іад дуьйлина,
Іожалла къерза.

Ча санна, даръелла,
Мерах шок етташ,
Шелонан кийрара
ТІеІеткъа чилла.
Къематан де догу,
Сийна суй кхетта –
Доьссинарг, тІехь йоцу
Жирга цІе тилла…

Каш доцуш, барз боцуш
Вуьсур ву хийла,
Верзина, акхачу
Аренийн долахь.
Малхбузе хьажийна
Сатийсам муьйлуш,
БІаьргийн нур, азделла,
Дуьсур ду кхола.

Шеш готтехь къийлинчу
Зоьпарех девлла,
Синош цІа уьдур ду,
Яххьаш ца оьхьуш,

Массо а кIотарахь
Массо а эвлахь
Дайх, нанойх йисина
Ков-керташ лоьхуш.

Синчархаш эгначу
Аренийн панахь
Мохо дой хоьхкур ду,
Дорцан къахь луьйсуш.
Йоьлхур ю, йишхаьлла,
Нохчийчоь-Нана…
СаIуьйшуш, тIекхийда
Маьттаза буьйса…

Лаьмнаш Iа цецдевлла,
Iадийча санна,
Къемате къахьъелла,
Садаьхьна гIуьттуш.
Стигланаш, кхохкийна,
БIаьрхишца Iаьнна,
ТIейоьлху кху нохчийн
Декъазчу лаьтта.

Кешнашкахь, дайн черташ,
Кортош таIийна,
ГIо лаца ницкъ боцуш,
Вовшашка тийжа.
Шогачу лазарша
Кхоамза хьийна,
Мехкан чов, язъелла,
Садетташ, Iийжа.

Мотт боцу Iалам бен,
Да воцуш велха,
Тезет ду Нохчийчохь,
Дийнна къам дайна.
ХIай дуьне, теш хилла
Ирчачу белхан,
Ахь тIе-кIел ца кхеташ,
И муха лайна?..

Текхаргах таръелла,
Некъе сатесна,
ЦIерпошта кийча Iа
Малхбале тиэкха.
Хирцинчу кхолламийн
Ларчанаш эцна,
Акхачу мехкашка
Синчархаш йиэкъа…

## XIOKXУ БАЙТИЙН ГУЛАРЕХЬ ЦА КХЕТА ТАРЛУШ ДОЛЧУ ДЕШНИЙН МАЬНИЙН ДОШАМ

### А

Абаде – заманан тIейогIу йистйоцу геналла.
Азалла – заманан яхана юьхьйоцу геналла.
Айма – хи чохь кIорга меттиг.
Айпе – сакхат долуш.
Алаша – балхана южу говр.
Аналла – бIаьрсино лоцу геналла.
Апари – хи дIаса доьду гIирс.
Арз – реза цахилар далхадар.
Ахк – ламанан жима хи.

### Аь

Аьлларехь – дуьхьало йоцуш, лаамца догIуш.
Аьрха – челакха, сиха
Аьхза – ледара, осал

### Б

Барзакъ – духар (муьлххачу а бедарх ала тарло)
Байттамал – доггах реза хилар
Беркъа – духарца тиша хилар
Бора – таьIна Iожа бос
Биста – цхьаьнгара кхечуьнга кхаччалц
Боца – серех юьйцина керт (кертан боца)
Боьрне – таьIинчохь йолу меттиг, боьра
БIагIара – цхьана бIаьргана агIор хьоьжуш хилар
БIоржамаш – тIергIах хьийначу машех йина мачаш.
БIаьцаш – куьйган я бIаьрган хичаш (куьйган я бIаьрган эшарца кхетавар)

**В**

Ваба – йозалла йолу хIума ято я ведъен гIирс (йоккха дечиган жIов)
Важап – тIедиллина гIуллакх
Вара – ираллийца хедо, цеста
Верас – цIийнан, тайпанан хьалхара стаг.
Весет – веллачо верасна дитина тIедиллар
Вехьаш – салацаран билгало
Вирд – тешам, къобалдинчунна Iамалца гIуллакхдар

**Г**

Гаъ (бу) – говран букъасуртал тIаьхьара дакъа
Гечо – цхьана дуьхьалонах дехьа-сехьа волийла
Геланча – мехала гIуллакх я хабар дIадахьар тIедиллина дIасахьажош верг.
Гурам – готанан нох тIаьхьатосу меже.

**ГI**

ГIаларт (ду) – бIаьрсина халла къаьсташ долу сурт.
ГIийбат – адамна тIехь доцург кхоллар
ГIизби – осал, ледара
ГIуй – стоммачу дечигах йина неIаран я кевнан къовлар
ГIурт – кхетар воцу кегари

**Д**

Даладалар – гIуллакхаш тодалар
Далатохар – гIуллакхаш галдовлар
Дегала – дог-ойла лакхара хилар
Дидиш – берана хазъелла хIума

До (ду) – хIуманна тIедуьжуш долу пардо (чонан, кIуьран и.дI.кх.)
Дой (ду) – масаллина хохку говраш
Доркъана – гIайгIа-бала базбелла
Доьша – бен доцуш кечбина (иэбина) кхача; жIаьлина кечбен кхача.
Дуьрста – урхаллина говран коьртах буллу неIаран асанах кечбина гIирс

## Е

Екха – хьаналла йоцуш

## Ж

Жирга – дегаза, ирча, дагна цадезарг
ЖовхIар – хIордан мехала жима тIулг
Жолам – хазахетаран синхаам гойту айдаран дош

## З

Зайл – дечигах йина неIаран я кевнан къовлар
Зил – дозанца йина билгало
Зирх (бу) – са долчу хIумано хIу доло тосу буьртигаш.
Зовкх – доккхачу диканах я токхонах кхачамхилар.
Зоьпарш (ду) – дечигах кечдина къовларш
Зуьрет – адам дуьнен тIе кхолладаларан юьхь

## И

Инса (ду; дац) – цхьа а
Иймансиз – ийман доцург
Ир-кара (хIотто) – дог-ойла гIатто
Исхари – кIадинан тайпа

## К

Кирхьа – хIума гучуьра яккха кечдеш долу кIадинан пардо
Кийсиг – хIуманан кIеззиг, жима дерг
Ковра – дуккха а барамехь цхьана агIор хахкаелла йоьлхурш
Кока – аьхка кулла тIехь кхуьу, Iаьржа буьртиг болу жима стом
Куьпахь (куп) – дуьйш-дерзош лелош долара латта
Куьйла – коьртана а, сина а новкъарло еш йолу гIовгIа.
Куьйса – тIехь хIума ца кхуьу еса меттиг

## Кх

Кхаба – можачу поппарах йина кхийра пхьегIа
Кханча – алах я гIодамех бина жима хола
Кхардам – нахалахь сий дожар
Кхем – юкъахь хIума Iовшу гIирс
Кхераш – хьеран тIулгаш
Кхес – говран я кхечу дийнатан вортанна тIера мерзаш
Кхимар – безамехь йоцуш елаелла бат

## Къ

Къаж – якъаелла буц
Къахь – лаьттара айъаелла чан, дохк, кIур, и дI.кх.
Къуло – лаьттах сийсаш хьаладолу хи
Къуьда – гIийла йогу серло

## КI

КIай – бIаьргах летта марха
КIанцIар – гIийла, хесара жIаьла я кхидолу дийнат

КIарлагIа – хьалха заманахь, иэхье хIума даьллачунна тIе тIулгаш кхуьйсуш бина барз я кхин тайпа билгало
КIожам – яьгначу хIуманах Iаржъелла бухахь йисинарг

Л

Ларча – хьаштийн гIуллакхна вовшахтоьхна сал-пал (мохь)
Леткъам – цхьана хIуманна резавоцуш текъар
Лоьдгаш – хьаьжкIийн кенан баттах йовлу кегийра асанаш
Луьйзуш – боларан цхьа кеп
Луьйта – говра тIехууш ког чу тосу нуьйран гIирс

М

Мажар – хьалха заманахь суй тоьхча долуш хилла герз.
Махьмара (валар) – сонталлица тIехвалар
Мекарло – хIилланан, шалхонан билгало
Маша (бу) – гезго буцу буткъа хьаса
Мимбаре – цхьана айеллачу соне
Мискъалзарт – цхьа цуьрриг
Муьрг – цхьана хIуманах тийсалуш етташ йолу це
Муьшка – яйн Iиттарш
Мокхаз – суй болу тIулг

Н

Ной – дечигах чхо йоккхуш тойина хи социйла (эчигах йина а хила тарло)

О

Окхеш – хьалха заманахь хьийначу тIергIах беш хилла зударийн лекха кIархаш

**Оь**

Оьмар – адамо дуьненахь йоккху хан

**П**

Пана – генара, акха, адам доцу мохк
Патарш – зазийн а, зезагийн а еллалуш йолу тIамарш
Пебетташ – ца дезачух къехкаш
Пел (вала, яла) – дегIан дайдалар
Перза (парз) – кхочушдан тIедиллина гIуллакх
ПирIун (фараон) – ша Дела ву бохуш, цхьацца Iаламан хийцамаш бан гIиртинарг
Пурх – яхаллина шораллехь хIоттош я хIуттуш йолу дуьхьало
Пхьоьха – сарахь-суьйренца юьртахь нах гулло меттиг

**Р**

Расха – таьIна можа бос
Реманаш – дуккха а цхьаьнатоьхна говраш
Руьйта – дийнаташа хи молу меттиг

**С**

Серса – кегийра тIеиэгар
Сет – кIайн билгало
Синкхетам – кхетаман жигаралла
Синлазам – садууш Iийжаме дерг
Синмерзаш – деган хезаш доцу аьзнаш
Сиркхо – дегIах хьакхаеллачу цамгаран билгало
СинпIаьлдиг – са чохь кхобу меттиг
Синпха – деган цIий лела коьрта пха (пульс)
Синхьаам – сапаргIатдалар

Синчарх – чохь садолу я доцу дегI
Совра – хьокх йолуш
Соз – хьаса болу юткъа тIуналла
Стешха – тешнабехк бийр болуш; атта кхералуш, вухуш
Сужда – доггах тешначунна Iамалца гIуллакх деш, охьатаьIна корта туху меттиг

**Т**

Таза – могаш, уьнах цIена
Тарх – оллабелла тIулгийн берд
Тача – тIаьхьатекхна йисина лар
Таьлсаш – говран нуьйран бухахь дIанисбеш болу цхьаьна боьзна ши тIоьрмиг
Токх – хIума тоьъна, совдаьлла хилар
Тоьла – лаьттах яьккхина, лаьттах тхов болуш йолу жима хIусам
Туп – цхьана цIийнан адамаш даха хевшина меттиг
Текъамаш – гIайгIа-баланан балхамаш
Ткъарш – когех летта коча сацкъар
Ткъов – стиглара тIеиэга кегийра тIуналла

**ТI**

ТIегIа – тIе-кIел дина лекхачу аннийн гIанташ
ТIекаре – сих-сиха вовшашна тIекхочуш хилар
ТIепаза – гинарг воцуш, лар йоцуш

**У**

Урд – юьртал арахьа ялташ лело латта
Урх – говран я кхидолу хьайба некъан лааме дерзо тесна аса

## Х

Хара – чохь баьсса гуо
Хамталла – новкъарло, дуьхьало
Хен – дечиган лахара стомма гІад
Хесара – эгІаза, гІийла
Холбата – къинойх цІанвалархьама, Іамалъян, хьалха заманахь стаг адамех хераволуш хилла ламанан хьех (меттиг)

## Хь

ХьагІ – къайлах цабезам
ХьаргІа – Іаьржачу къийган тайпана олхазар
Хьарса – тІехула дІаса даржош (таса)
Хьаса – дуткъа тай
Хьаьвхе – маьлхан зІаьнарш ца кхочу меттиг
Хьаьхнарг – хила язделларг
ХьегІа – сагатдан
Хьесап – хІуманан сема тидамбар
Хьех – лаьттах я бердах чу-ара волийла йолу яьсса меттиг
Хьорзам – хьаса болу декъа дилха

## ХІ

ХІайкал – бІаьрг ца хилийта а, вочух ларвала а лело жайна
ХІур – хІума хазъян тІедиллина до (дешех, детех, и дІ.кх)
ХІурлаІане – ялсаманин мехкарий

## Ц

Цанаш – лекха буц йолу дохнан дежийлаш, докъар хьокху меттигаш
ЦІарматдаккха – эрчадаккха

**ЦI**

ЦIоьлгаш – хIумма а йоцурш

**Ч**

Чабол – говран болар
ЧагIалкх – жIаьлин, берзан тайпанах жима экха
Чухчари – тарх̆а тIера хи чудужу меттиг (водопад)

**ЧI**

ЧIаба – зударийн месийн еха кIажар
ЧIанаваккха – верзина ваккха, карахь долчух ваккха
ЧIиркъе – дIаьвше, оьгIазе

**Ш**

Шарбал – хечин тайпа
ШапаIат – къинхетам
Шедаг – эрзах йина дуткъа аз долу зурма
ШелгIа – адам-йилбаз
Шерет (ду) – веллачух бисина бахам верасашна кхачош нийсояр
Шога – тасалуш дерг (ерг), тийсалуш.
Шовкъ – дог ир-кара хIоттар

**Э**

ЭгIаза – гIийла, хесара
Экама – халахетаран лазам ца лалуш дерг
Эмалкаш – кирана йожа а тIехаа а Iамоза йолу говраш
Эмгар – къайлахчу цабезамца Iоттаелларг
Эндаже – къинхетам боцуш, аьрта, чевне

Эраш – толлу жIаьлеш
Эхаре – тIаьхьарчу замане

**Ю**

Юм – говран боларан тайпа

**Я**

Яппарш – маьттаза мотт
Яхчо – чIагIъян

**I**

Iад – стоммачу серах я эчиган чIорах саттийна бина гIирс
Iадо – кхерийна я цецваьккхина са меттахдоккхуш болу синхаам
Iамал – къинойх цIанвала кхочущден гIуллакхаш
Iаьршаш – йистйоцу стигланийн геналла
Iаршмайда – къематан дийнахь синош гулден майда
Iаспар – гIийла, эгIаза, хесара
Iеса – динна инкарло яр, къобал цадар
Iазап – дегIана, сина а гIелоярца ницкъбар

# ЧУЛАЦАМ


Сан Нохчийчоь – лаьмнийн маьрша мохк ............................... 6

**Даймахках ойланаш ............................................. 19**
Лаьттар ю хIоккхахь… ............................................. 21
Доьналла туьйлира ............................................. 23
Сан дехар ............................................. 24
Деган чIагIо ............................................. 25
Дуьненан юкъ ............................................. 27
...Со човхавелахь ............................................. 30
Даймахке ............................................. 31
«Цкъа цхьана поэто…» ............................................. 34
«ВорхI ломал тIехьахь а…» ............................................. 35
Нохчалла ............................................. 36
Сан бахам ............................................. 38
Нохчийн маттахь… ............................................. 39
Поэтах дош ............................................. 40
«Сан Даймохк, нагахь со…» ............................................. 43
«Ас цкъа а, кхевдина…» ............................................. 44
«Дуьне хьоьстуш…» ............................................. 46
Ас хьоьца чIир лоьху… ............................................. 48
Муха аладелира?.. ............................................. 49
Кавказ ............................................. 50
Дозанхочун илли ............................................. 52
Цхьа дехар ............................................. 54
Нохчийн мотт ............................................. 55
Нохчийчоь гIаьттира ............................................. 57
ТIамах ловзар ............................................. 58
Ма тоьъна, ма хьаьхна… ............................................. 60
ХIунда?.. ............................................. 61
«Дашах дош доьттина…» ............................................. 62
«Хьацаран кIур хилла…» ............................................. 63

Іадийра латта ........................................................ 64
«Тховса а набкхета…» ........................................................ 65
«Замано тІам туьйсу…» ........................................................ 66
Ницкъболу дош лолахь ........................................................ 67
Иштта дац и… ........................................................ 69
ВогІур ву, нана ........................................................ 70
Сан ойла… ........................................................ 71
Ялтийн арахь ........................................................ 73
«Цхьанхьара-м, къайллаха…» ........................................................ 74
ХІинца а ца Іеба… ........................................................ 76
«Хьалха кхийда…» ........................................................ 77
«Цкъацкъа даго…» ........................................................ 78
«ТІулга тІе тІулг буьллуш…» ........................................................ 79
Къонахий ца ле… ........................................................ 80
Машаран илли ........................................................ 82
Кхо гІад ........................................................ 83
«Вовшашца ца тарлахь…» ........................................................ 85
Бехке ву со ........................................................ 87
«Дуьненах тийсало…» ........................................................ 89
Адам ду со ........................................................ 90
«Шед етташ…» ........................................................ 91
«Адамаш, мел дахкарх…» ........................................................ 92
Керла шо ........................................................ 93
«Шайхалла дац вайца…» ........................................................ 95
«Шена тІулг ластийча…» ........................................................ 96
**Дахаран билгалонаш ........................................................ 97**
«Дахар цхьа забар ю… ........................................................ 99
Лазийнарг дог дара ........................................................ 100
«Хьаам байна…» ........................................................ 101
«Лаьтта тІехь адамийн…» ........................................................ 102
«Селхана, «лам уьйуш»…» ........................................................ 103
ДоттагІчуьнга ........................................................ 104
«Ас дагца туьйсина…» ........................................................ 106

«Дукха хьестахь…» .......................................................... 107
«Ма дийца, сацийта…» .................................................... 108
Бералла ............................................................................ 109
Де дІадели ....................................................................... 111
«Бохь лепаш, чо лепаш…» .............................................. 113
«Чо боьжна, мас йоьжна…» ........................................... 113
«Сан деган иллеш дац…» ............................................... 114
«Сан дахар – сан къийсам…» ......................................... 114
Диц ма делахь… ............................................................. 115
«Ас динарг! – схьадал и!..» ............................................. 116
«Куралло ватІийна…» ..................................................... 117
«ДІайоьду яхъелла буьйса… ........................................... 118
КІант кхуьу ...................................................................... 119
«Хиш, лаьмнаш, аренаш…» ............................................ 121
Кехаташ къарздархой… .................................................. 122
Евлла мерах, хьех… ........................................................ 124
«Собарде…» ..................................................................... 125
ТІе ма да хьо! ................................................................... 126
И дуьзна даьлча… ........................................................... 127
«Эрна хета…» ................................................................... 129
Ирсан чо .......................................................................... 130
«Цахиндерг дестадарх…» ............................................... 131
«Ма Іилла дІатовжий…» ................................................. 132
«Жималлехь кхетамо…» .................................................. 133
«Дуьхьалдуьйлуш бакъ я харц…» .................................. 134
Кешнашкахь ойланаш ..................................................... 135
«Дуьнен тІе ваьллера…» ................................................. 137
«Цхьаммо – «ХІорс!» – бехира…» ................................. 138
«Гу тІе ваьлларг – товш…» ............................................. 139
ЦІий молчу тойнехь ........................................................ 140
«Гуро шен катоьхна…» ................................................... 142
Дуьне ца хиллера доккха… ............................................ 143
«Сан кхоллам, хьан соьца…» .......................................... 144

«Цкъа декхна де догIу…» ........................................................ 145
Плагиат ....................................................................................... 146
«Куьйгашца иэхь динехь…» ................................................... 147
Сурт ............................................................................................ 148
«Ца догIург кIамдина…» ........................................................ 149
Iаьржа цициг ............................................................................ 150
«Сихо мелла…» ......................................................................... 151
Даге ............................................................................................. 152
«Цкъа цхьаммо-м элира…» .................................................... 154
ТIаьххьара буьйса .................................................................... 155
«Со-бере…» ................................................................................ 157
«Оьмаро вадийна…» ................................................................ 158
«Лаамна ма-хетта…» ................................................................ 159
«Ца оьшу дог доцу дикалла…» .............................................. 160
«Юцарх керташ, боца...» ......................................................... 160
«Хьалдолчу, товшдолчу…» .................................................... 161
«IиндагIеха таръелла…» ......................................................... 162
«Къийго, дIо некъайист къарийна…» .................................... 163
«Ткъес санна къевкъира…» .................................................... 164
«Со-м ваьлла дIагIур ву…» ..................................................... 165
«Ца оьшу…» ............................................................................... 166
Хьо-м дIаваха ............................................................................ 167
«ХIунда моьтту…» .................................................................... 169
«Лан хала дацара...» ................................................................. 170
Беламе делира… ....................................................................... 171
«Дахаро вас ца еш, бертахь…» .............................................. 173
«Адам, ас хьуна ло…» ............................................................. 174
Дов даьлла… ............................................................................. 175
«Атта хилац…» ......................................................................... 177
«Сан цIарах цIе тоьхна…» ...................................................... 179
Атта дац ..................................................................................... 180
«Кхаьчначух ца Iебаш…» ...................................................... 181
Гина суна… ............................................................................... 182

«Вайн белш тІе юьжур ю…» .................................................. 183
«ТІаьххьара кийрахь муьрг тоьхна…» .................................. 184
«Сагатлой, хІинца а…» .............................................................. 185
«Маллур ю меженаш дегІан…» ................................................ 186
«ТІебеъча, бохам лов…» .............................................................. 187
«Давис-кха, дуьне, хьан!..» ........................................................ 188
Ши хаттар ......................................................................................... 189
«ДІо лаьтта лам харццол…» ....................................................... 190
«Керла де доладо Іуьйрено…» ................................................... 191
«Цхьаволчо, букъ тоьхча…» ...................................................... 192
«Ирбина тешнабехк боьгІна…» ................................................. 193
«Тховса, бІаьрга пІелгаш Іуьттуш…» ...................................... 194
«Бераллехь ден йишас…» ............................................................. 195
«Къонахчо…» .................................................................................. 196
«Кураллех юьйлина…» ................................................................ 197
«Ойланех муьргъетташ…» ......................................................... 198
«Хьо – бакъ бохуш…» .................................................................. 199
«Мокхачу мархаша…» .................................................................. 200
«Кхерч буьзна цІе ягарх…» ........................................................ 201
«Чкъор хуьйцуш…» ...................................................................... 202
«Дешнаша-м, вадийна…» .............................................................. 203
«Со ву и дуьненан…» .................................................................... 204
«МогІаршка нисдина…» ................................................................ 205
«КогхІуттуш, гІеттина…» ........................................................... 206
«Куйнан бакъо йоцчо…» ............................................................... 207
«Диканна гІаьттинчу…» .............................................................. 207
«Рицкъа дац къолано…» ............................................................... 208
«Вайна моьтту…» .......................................................................... 209
«Ойланаш, верриге…» .................................................................. 210
«Ехка еза ойла…» ........................................................................... 211
«Сан байташ…» ............................................................................. 212
«Вай тІе-кІел гІишлош йо…» ..................................................... 213
«Цхьаъ – куьцехь хазвина…» ..................................................... 214

«Хаттар до вай…» .......................................................... 215
«Хилийта хьийзина мекхаш…» ........................................ 216
«ТIейогIуш лар яцахь…» ................................................ 217
«Сан байташлахь...» ........................................................ 218
«Хьарам ду шегахьа...» ..................................................... 219
«Стиглан арахь...» ........................................................... 220
«Сийлахь дерг гIаттадой...» ............................................ 221
«Дахаро, когашка...» ......................................................... 222
**Iаламах тидамаш** ............................................................. **223**
«Боданийн кирхьанца…» ................................................. 224
Аьрзунан дозалла .............................................................. 225
«Серло кхачош…» .............................................................. 226
Баралле некъаш ................................................................ 227
«Буьйсано ийзайо…» ........................................................ 229
Гуьйре йоьлху .................................................................... 230
БIаьстенан басарш ........................................................... 231
«Нохчийн лаьмнаш…» ..................................................... 232
Iаьнан суьйре ..................................................................... 234
БIаьстенан мукъамаш ...................................................... 235
ДIабаха хьеший… ............................................................ 236
Новкъа волуш .................................................................... 238
«Буьйсано ийзайо шен Iаьржа аса…» ............................ 239
Йочане денош .................................................................... 240
Винчу юьрта ....................................................................... 241
Ломахь буьйса .................................................................... 242
Аьхкенан буьйса ................................................................. 243
БIаьстенан Iуьйре ............................................................. 244
Дагалецамаш ..................................................................... 245
«БIаьрхиш санна…» ........................................................ 246
**Безаман тIемаш** ................................................................ **247**
«Безамо къадийна…» ....................................................... 249
«Цкъацкъа суна…» ........................................................... 250
Хьан хазаллех ас хIун дора?.. .......................................... 251

«Набарна гӀелделла…» .............................................. 252
Суьйренан аьзнаш .............................................. 253
Бехк ма билла… .............................................. 254
«Дуьххьара сайн кийра…» .............................................. 255
Ӏийна, дуьне доладаьлла… .............................................. 256
Дезчу денца .............................................. 257
«Безамо сох Ӏаба кечдинарг…» .............................................. 258
«Буьйсанан серлонаш толлуш…» .............................................. 259
Сан хӀун дара?.. .............................................. 260
«Цкъацкъа – шийла…» .............................................. 261
Нохчийн йоӀе .............................................. 262
«Безамо гулдинарш…» .............................................. 264
«Цхьа йоӀ дагна…» .............................................. 265
Цхьана йоӀе .............................................. 266
«Ойланийн бухбоцчу…» .............................................. 267
Хаалахь… .............................................. 269
«Хьан хазалла серлаяьлла…» .............................................. 270
Ца тайна безам .............................................. 271
«Безамо, синтӀамарх летта…» .............................................. 273
«ХӀумма а ца оьшу…» .............................................. 274
Хийцаелла хӀинца хьо… .............................................. 275
«Хан яьлла, дуккха хан яьлла…» .............................................. 276
«Къоналлех чамкхетта…» .............................................. 277
«Беттаса теш лоьцуш…» .............................................. 278
ЙоӀ гича… .............................................. 279
Цхьа хан яра… .............................................. 280
«Къоналла безамах кхетта…» .............................................. 281
Дависа .............................................. 282
Декъалбо хьан безам .............................................. 283
«Цахиндерг тешийна…» .............................................. 284
Безаман дакъа .............................................. 285
«Юха а, саттийна…» .............................................. 286
«Кийрара боданах гӀуьттуш…» .............................................. 287

Ахь «веза» – элира ........................................................................ 288
«Байттамал! – БІаьргашна…» ........................................................ 289
«Хьох Іехавелла…» ........................................................................ 290
«Зезагах таръелла…» ...................................................................... 291
«Дукхавеза…» ................................................................................. 292
«Юха а хьогаха…» ........................................................................... 293
Соьга олу… ..................................................................................... 294
Доцца аьлча… ................................................................................. 295
Нохчийн ловзар .............................................................................. 296
**Поэмаш ......................................................................................... 297**
Генара аьзнаш ................................................................................. 298
Шина тобанан монологаш ............................................................. 340
Ненан узам ...................................................................................... 350
Йоьхна Іуьйре ................................................................................. 359

**ХІокху байтийн гуларехь ца кхета тарлуш долчу дешнийн маьІнийн дошам ................................................................. 365**

**Саидбек Маулетович Дакаев**

# Волны мыслей

Стихи, поэмы

(на чеченском языке)

Редактор Бурчаев Х.Х.
Корректор Умарова А.А.
Компьютерная верстка Бицаловой А.Т.